WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’
HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

MAGISTRATURA BO’LIMI

Qol jazba huqi’qi’nda

QARAQALPAQ A’DEBİYAT TARİYXI’ HA’M FOLKLORI’
KAFEDRASI’

**Sultanova Jaziyra**

**« Xal?q da’stanlar?nda arxaikal?q qatlamlar («Sha’ryar» «Mun’l?q- Zarl?q» da’stanlar? m?sal?nda )** temasi’ndag’i’ magistrlik dissertaciya

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

| | |
|---|---|
| Magistratura bo’limi basli’g’i’: | yu.i.k.doc. A.Gulimov |
| Kafedra basli’g’i’: | f.i.k. J.Nizamatdinov |
| Ilimiy basshi’: | f.i.d.,professor Q.Ja’rimbetov |

**No’kis –2012**

**Xal?q da’stanlar?nda arxaikal?q qatlamlar («Sha’ryar» «Mun’l?q- Zarl?q» da’stanlar? m?sal?nda )**

**Mazmun?**

**Kirisiw……………………………………………………3**

**I Bap. Mif ha’m yertekler – arxaikali’q qatlamlardi’n’ negizgi da’regi…………………………………………………9**

1.1. Qaraqalpaq folklori’ndag’i’ miflik, yerteklik obrazlar haqqi’nda

1.2. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ syujetlik wo’zgesheligi……………………9

**II Bap. «Sha’ryar» da’stani’i’ndag’i’ arxaikali’q wo’zgeshelikler……………………………………………….19**

2.1. Da’standag’i’ yerteklik obrazlar ha’m si’yqi’rli’ zatlar……….………19

2.2. Da’standag’i’ ayi’ri’m arxaikali’q motivler.........................................26

**III Bap. «Mun’li’q-Zarli’q» da’stan?n?n’ syujeti h’a’m eposlardag’i’ qaharmanlar obrazi’ni’n’ miflik yerteklik ta’biyati’…………………………………………………….42**

3.1. «Mun’li’q-Zarli’q» da’stan?n?n’ syujetlik o’zgesheligi……………….42

3.2.Qaraqalpaq eposlari’ndag’i’ qaharmanlar obrazi’ni’n’ miflik yerteklik ta’biyati’…………………………………………………………………….49

3.3. Miflik yerteklik obrazlardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmetleri......................60

**Juwmaqlaw..........................................................................73**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar..................................................**

# Kirisiw

Qaraqalpaq xalqi’ uzaq a’sirler dawami’nda ko’p g’ana tariyxi’y-siyasiy, ma’deniy-ekonomikali’q jag’daylardi’ basi’nan wo’tkeredi. Bul jag’daylardi’n’ barli’g’i’ da xali’qti’n’ awi’z a’debiyati’nda wo’zinin’ teren’ izin qaldi’rdi’. Xalqi’mi’z ko’p sanli’ da’stanlardi’, yerteklerdi, a’psanalardi’, qosi’qlardi’ ha’m t.b. shi’g’armalardi’ do’retken. Wolar atadan balag’a awi’zeki tu’rde bizin’ ku’nimizge shekem jetip keldi.

Folklor-xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’. Xali’qti’n’ ko’p janrli’ awi’zeki poetikali’q yerteklerinde, an’i’z-a’n’gimelerinde ha’m tag’i’ da basqa do’retpelerinde wo’tken wo’mirdin’ wo’z aldi’na bir ko’rkem sa’wlesi bar. Bularda xali’qti’n’ du’nyag’a ko’z qarasi’, wo’mirge bergen bahasi’ bar. Soni’n’ ushi’n da du’nya ali’mlari’ xali’q awi’zeki do’retpelerin tek folklor tani’wdi’n’ g’ana yemes, bunnan basqa da ko’plegen ilimler – filosofiya, tariyx, etnografiya ha’m jazba a’debiyatti’n’ da tiykari’ si’pati’nda u’yrenbekte. Ha’r bir xali’qti’n’ du’nyag’a ko’z qaraslari’, wo’zinsheligi, u’rp-a’detleri, da’stu’rleri, ruwxiyati’, yen’ da’slep woni’n’ awi’zeki do’retpelerinde ko’rinedi.

Xali’q awi’zeki do’retpelerinde xali’qti’n’ qorshag’an du’nyani’ biliw, sanasi’ni’n’ evolyucion rawajlani’w jag’daylari’n biliw, an’law joli’ndag’i’ qoyg’an da’slepki qa’demleri, qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ poetik su’wretleniwin tapqan.

Eposlar uzaq tariyxi’y jag’daylardi’ wo’zinde sa’wlelendiredi. Wondag’i’ ha’r bir obraz xali’qti’n’ du’nyag’a ko’z qarasi’ni’n’ qaysi’ bir ta’repin ha’m belgili bir basqi’shi’n sa’wlelendiredi. Eposlardi’n’ yen’ da’slepki shi’g’i’si’ tiykari’nan miflik, yerteklik, syujetlerden baslanadi’,ilimde bunday miflik, yerteklik su’wretlewlerdi arxaikali’q syujetler dep ju’ritiledi. Biz qa’legen eposli’q do’retpelerdi ali’p qarasaq, wonda toli’p ati’rg’an arxaikali’q syujetlerdi ha’m personajlardi’ ushi’ratami’z. Arxaikali’q obrazlar adamzat ja’miyetinin’ yen’ yertedegi basqi’shlari’na tiyisli boli’p, wolar qorshag’an du’nyani’, a’lem haqqi’nda yen’ da’slepki pikirlerdi baslap beredi. Demek, biz arxaikali’q

syujetler, yamasa arxaikali'q obrazlar degenimizde, waqi'yali'q jemisi birqansha yerteklik xarakterge iye eposlardi' tu'sinemiz. Bulardi' «Sha'ryar», «Mun'li'q-Zarli'q» da'stanlari' mi'sali'nda aytatug'i'n bolsaq, bul da'stanlarda da'w, peri, aydarha, tu'rli si'yqi'rli' zatlar, waqi'yalardi'n' yerteklik bag'darda boli'wi' ko'rinedi. Bulardi'n' barli'g'i' tiykari'nan da'stanni'n' arxaikali'q belgilerinen yesaplanadi'.

Arxaikali'q obrazlardi'n' yen' da'slepki shi'g'i'si' qaysi' da'wirler menen baylani'sli'? Wolardi'n' atqaratug'i'n funkciyalari' nelerden ibarat? Xali'qti'n' du'nyag'a ko'z qaraslari', sanasi'nda tutqan worni' qanday? Bul si'yaqli' ma'selelerdi tali'qlaw qaraqalpaq folklortani'w ilimine wog'ada bay materiallar beredi.

Biz arxaikali'q obrazlardi' tali'qlay woti'ri'p, wo'tkendegi xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y turmi's ta'rizi, sanasi' uli'wma tariyxi' haqqi'nda mag'li'wmatlarg'a iye bolami'z. Woni'n' milliy tiykarlari'n ani'qlaymi'z.

Wo'zbekstan Respublikasi' wo'z g'a'rezsizligine yerisip, milliy qa'diriyatlari'mi'z, u'rp-a'detlerimiz tiklengen ha'zirgi da'wirde arxaikali'q obrazlardi' tali'qlaw bizge tek xali'q awi'zeki do'retpelerin yemes, al xali'qti'n' belgili bir da'wirdegi tariyxi'n u'yreniw imkaniyati'n beredi. Xali'q awi'zeki do'retpelerindegi yen' yeski obrazlar ha'm go'ne eposli'q su'wretlewler adamzat sanasi'ni'n', qorshag'an du'nyani' an'law evolyuciyasi'ni'n' yen' da'slepki basqi'shlari'nan mag'li'wmat beredi. Bul mag'li'wmatlar tek folklortani'w ilimi ushi'n g'ana yemes, basqa da ko'pshilik ilimler ushi'n da ju'da' a'hmiyetli wori'n tutadi'.

Qaraqalpaq folklortani'w iliminde bunday ma'selelerdi u'yreniwge keyingi waqi'tlarda kewil bo'linip ati'rg'anli'g'i'n yesapqa alsaq, jumi'si'mi'zdi'n' a'hmiyetliligi da'wir talabi'na say yekenligi belgili boladi'. Qalaberse, arxaikali'q obrazlardi' u'yreniw xali'q do'retpelerinde yen' yertedegi adamzat ja'miyetinin' sanasi'ni'n', du'nya haqqi'nda pikirlew ta'rizinin' evolyucion basqi'shlari'n belgilewde de a'hmiyetli.

**Jumi’sti’n’ izertleniw da’rejesi**

Folklortani’w iliminde miflik su’wretleniw ha’m miflik obrazlardi’ tali’qlawda ko’p g’ana ali’mlar wo’zlerinin’ ayri’m miynetlerinde tu’rli ko’z qarastan ma’lim da’rejede tali’qlap wo’tken. Ayri’qsha X.T.Zarifov, K.İmomov, B.Sari’msakov, M.Juraev, B.Jumaniyazov, T.Raxmanov, J.Eshanqulov, İ.Sag’itov, Q.Maqsetov, K.Allambergenov si’yaqli’ ali’mlardi’n’ miynetlerinde miflik su’wretlew ha’m miflik obrazlardi’n’ anaw yaki mi’naw ta’repleri belgili da’rejede so’z yetilgen.

**Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’**

**Temani’n’ aktualli’g’i’.** Qaraqalpaq eposlari’folkloristikada ken’nen izertlendi. Bul bag’darda N.Da’wqaraev, Q.Ayi’mbetov, İ.Sag’i’ytov, Q.Maqsetov, A.Aliev tag’i’ basqalardi’n’ ilimiy miynetleri bizge belgili.Bul izertlewlerde qaharmanli’q da’stanlardi’n’ jazi’p ali’ni’wi’ ha’m baspa ju’zinde ja’riyalani’wi’nan baslap, ideya -tematikali’q bag’i’ti’, qaharman obrazlari’, syujetlik quri’li’si’, kompoziciyali’q quri’li’si’, ko’rkem-poetikasi’ tag’i’ usi’ si’yaqli’ iri ilimiy-teoriyali’q ma’seleler so’z yetiledi.

Du’nya folkloristikasi’nda eposlardag’i’ arxaikali’q su’wretlewler, ani’g’i’raq aytqanda miflik, yerteklik su’wretlewler ken’nen izertlendi. Biraq qaraqalpaq folkloristikasi’nda ayi’ri’m izertlewlerdi g’ana ushi’rati’wi’mi’zg’a boladi’. Folklorist K.Allambergenov «Qaraqalpaq xali’q da’stani’ –«Yedige» atli’ monogrfiyasi’nda da’stanni’n’ genezisin so’z yetiwinde geypara miflik su’wretlewlerdin’ da’standa wori’n alg’anli’g’i’n aytadi’. Son’g’i’ ji’llarda J.Xojaniyazovti’n’ «Milliy ruwxi’y du’nyami’zdi’n’ sag’alari’» atli’ miyneti qaharmanli’q da’stanlardi’n’ da’wirlik da’reklerin ani’qlaw maqsetinde wolardi’n’ mazmuni’ndag’i’ mifologiyali’q elementlerdi u’yreniwi, wolardi’n’ qaharmanli’q da’stanlardag’i’ syujetlik tramsformaciyalardi’ ani’qlawi’ u’lken ilimiy izertlewlerden boldi’. Xali’q da’stanlari’ndag’i’ arxaikali’q miflik,

yerteklik su’wretlewlerdi buni’n’ menen sheklep bolmaydi’. Eposlarda bunday arxaikali’q syujetler, toli’p ati’rg’an obrazlar du’nyasi’ bar. Bulardi’ ha’r ta’repleme izertlew folkloristikani’n’ aldi’nda turg’an u’lken wazi’ypali’ jumi’slar boli’p yesaplanadi’. Qalaberse, qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ni’n’ go’ne eposli’q ko’rkemligi ken’nen ashi’ladi’.

Jumi’si’mi’zdi’n’ ilimiy jan’ali’g’i’n arxaikali’q obrazlardi’n’ tariyxi’y shi’g’i’s, funkciyalari’ ha’m ko’rkemlik xi’zmetlerin ayri’qsha qaraqalpaq eposlari’ tiykari’nda da’slepki u’yreniwimiz belgileydi. Sol sebepli is dawami’nda V.Ya.Proppti’n’ «Si’yqi’rli’ yerteklerdin’ tariyxi’y shi’g’i’si’»[1], E.Melitinskiydin’ «Mif poetikasi’»[2], S.Qasqabasovtin’ «Qazaqti’n’ xali’q prozasi’»[3] monografiyalari’ ha’m ayri’m miflik obrazlar boyi’nsha islengen (Da’w, jalmawi’z) ilimiy dissertaciyalarg’a jumi’si’mi’zdi’ jazi’wda ilimiy tiykar si’pati’nda su’yeniledi.

Jumi’si’mi’zda arxaikali’q obrazlardi’n’ xali’q awi’zeki do’retpelerindegi (yertek ha’m da’stan) soni’n’ ishinde ayri’qsha da’stanlardag’i’ ko’rinisleri, tap da’slepki shi’g’i’si’nan baslap ha’zirgi ku’ngi eposlardag’i’ ko’riniske shekemgi basi’p wo’tken jollari’ tali’qlanadi’. Obrazlardi’n’ ko’rinisi ha’m funkciyalari’ ayri’qsha eposlar tiykari’nda tali’qlani’wi’ folklortani’w ilimindegi ko’rkem-estetikali’q funkciyalari’ haqqi’ndag’i’ usi’ waqi’tqa shekemgi ayti’li’p kelgen pikirlerge qosi’msha boladi’. Eposlardag’i’ arxaikali’q obrazlar xali’qti’n’ ma’lim bir da’wirdegi du’nyani’ an’lawi’, ko’z qaraslari’, tu’siniklerinin’ belgili bir basqi’shi’n wo’zine sin’diredi.

Qaraqalpaq eposlari’ndag’i’ arxaikali’q obrazlardi’ ayri’qsha u’yrenip, woni’n’ mifologik ha’m ti’msali’y shi’g’i’si’, wog’an ju’klengen simvollar, psixik jag’daylardi’n’ bir pu’tin halda tekseriliwi jumi’si’mi’zdi’n’ qaraqalpaq folklortani’w ilimindegi ilimiy jan’ali’g’i’ boli’p tabi’ladi’. Tiykari’nan biz bul

---

[1] Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. -Л.: Изд-во. ЛГУ., 1986.
[2] Мелитинский Е.М. Поэтика мифа. –М.: «Наука», 1976.
[3] Каскабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Алматы. «Ғылым», 1984.

ilimiy bag’dardi’ «Sha’ryar», «Mun’li’q-Zarli’q» da’stanlari’ mi’sali’nda qarasti’rami’z.

**Jumi’si’mi’zdi’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’**

«Sha’ryar», «Mun’li’q-Zarli’q» da’stanlari’ndag’i’ – miflik obrazlardi’n’ tariyxi’y-mifologik tiykarlari’n ani’qlaw, wolardi’n’ eposta tutqan worni’, ko’rkem estetikali’q funkciyalari’n u’yreniw jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p tabi’ladi’. Bul maqsetimizdi a’melge asi’ri’w ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ wori’nlaw belgilenedi:

- Mif ha’m yerteklik obrazlar. Wolardi’n’ tariyxi’y shi’g’i’si’n ko’rsetiw.
- Miflik-yerteklik obrazlardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmetleri.
- «Sha’ryar», «Mun’li’q-Zarli’q» da’stanlari’ndag’i’ qaharmanlar obrazi’ni’n’ miflik ta’biyati’.

**Jumi’sti’n’ ilimiy jan’ali’g’i’**

Qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ «Sha’ryar», «Mun’li’-Zarli’q» da’stanlari’ni’n’ arxaikali’q wo’zgesheligi arnawli’ tu’rde izertlenbedi. Tek g’ana ayi’ri’m miynetlerde bul da’stanlardi’n’ yeski yerteklik syujet yekenligi basqa tuwi’sqan xali’qlardag’i’ uqsas syujetler menen sali’sti’ri’li’p wo’tildi. Dissertaciyami’zdi’n’ ilimiy jan’ali’g’i’ sonnan ibarat, biz bul da’stanlardi’n’ tikkeley miflik, yerteklik syujetlerden ibarat yekenligin ko’rsyetip, qaysi’ syujetlik waqi’yalar yerteklik, qaysi’ obrazlar miflik xarakterge iye yekenligin ani’qlap beremiz. Solay yetip, bul da’stanlardi’n’ yerte da’wirlik wo’zgesheligi tiykarg’i’ jan’ali’g’i’ yesaplanadi’.

**Jumi’sti’n’ metodi’ ha’m ilimiy-teoriyali’q tiykarlari’**

Jumi’si’mi’zda qoyi’lg’an wazi’ypalardi’ wori’nlawda X.T. Zarifov, M.Eshonqulov, M.Juraev, V.Ya.Propp, İ.Sag’itov, Q.Maqsetov, K.Allambergenov, B.Jumaniyazov, T.Raxmanov, B.Sarimsakov, S.Kaskabaev

si'yaqli' folklorist, a'debiyatshi' ali'mlardi'n' ilimiy miynetlerinde aytqan pikirlerine ha'm ilimiy jumi'slarg'a su'yendik.

**İlimiy-teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti**

Jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q a'hmiyeti arxaikali'q mi'sali'nda qaraqalpaq folklori'ni'n' tariyxi'y basi'p wo'tken joli'n ko'rsetiw, miflik obrazlardi' u'yreniwshiler ushi'n azi' kem bolsa da ma'lim da'rejede ilimiy tiykar boladi'.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' awi'zeki do'retpelerinde soni'n' ishinde «Sha'ryar»da biz ju'da' yerte zamanlardi'n' belgisi si'pati'nda ko'rinip kiyati'rg'an miflik obrazlardi' si'pati'nda ko'rinip kiyati'rg'an miflik obrazlardi' ko'remiz. Bul obrazlar arqali' a'yyemgi zamanlardag'i' ata-babalari'mi'zdi'n' du'nyag'a ko'z qaraslari', du'nya, jaqsi'li'q ha'm jamanli'q haqqi'ndag'i' tu'siniklerinen derek beredi. Sonli'qtan bunday obrazlar haqqi'ndag'i' ilimiy jumi'slar barli'q waqi'tta ayri'qsha ilimiy-teoriyali'q a'hmiyetke iye.

Jumi'si'mi'zdi'n' na'tiyjeleri ha'm juwmaqlari' qaraqalpaq folklor tariyxi'n jazi'wda, joqari' ha'm worta arnawli' woqi'w wori'nlari'ni'n' studentleri ushi'n sabaqli'qlar du'ziwde, ilimiy izertlewlerde belgili da'rejede material si'pati'nda paydalani'wi'na boladi'. Bular jumi'sti'n' a'meliy a'hmiyetin belgileydi.

**Izertlewdin' obiekti ham predmeti** Qaraqalpaq eposlari'ndag'i' miflik obrazlardi' izertlew ushi'n «Sha'ryar», «Mun'li'q-Zarli'q» da'stanlari' izertlew obekti qi'li'p ali'ndi'. Tiyisli jerlerinde «Qoblan», «Yedige» da'stanlari' da ilimiy obekt si'pati'nda paydalani'ldi'.

İlimiy jumi'si'mi'zda miflik wolardi'n' yertek ha'm eposlardag'i' tu'rli ko'rinislerin, ko'rkem estetikali'q funkciyalari'n sali'sti'ra woti'ri'p sali'sti'rmali' tipologik metod tiykari'nda analiz qi'lami'z (tali'qlaymi'z).

**Jumi'si'mi'zdi'n' na'tiyjeleri ha'm juwmaqlari'** qaraqalpaq folklor tariyxi'n jazi'wda, joqari' ha'm worta arnawli' woqi'w wori'nlari'ni'n' studentleri ushi'n sabaqli'qlar du'ziwde, ilimiy izertlewlerde belgili da'rejede material si'pati'nda paydalani'wi'na boladi'. Bular jumi'sti'n' a'meliy a'hmiyetin belgileydi.

## I Bap. Mif ha'm yertekler – arxaikali'q qatlamlardi'n' negizgi da'regi

### 1.1. Qaraqalpaq folklori'ndag'i' miflik, yerteklik obrazlar haqqi'nda

Xali'q eposlari'ni'n' arxaikali'q wo'zgesheligin ani'qlawda tiykari'nan mif ha'm yertek tu'sinigi aldi'n'g'i' wori'nda turadi'.

Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde yen' da'slepki mifke tu'sinik bergen N.Da'wqaraev boldi'. Wol wo'zinin' «Qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'ni'n' ocherkleri» atli' miynetinin' folklorg'a arnag'an bo'liminde mifke mi'nanday tu'sinik beredi: «Yerte zamanlarda adamlar iliminin' wog'ada to'men basqi'shi'nda turg'an waqi'tlarda tu'rli ta'biyat qubi'li'slari'n, adamlar ja'miyetin tu'siniw ushi'n qi'yalg'a woylap shi'g'ari'wg'a uri'ndi'. Ja'miyetlik turmi'sti'n', ha'r qi'yli' ta'biyat qubi'li'slari'ni'n' ne ushi'n ha'm qalay payda bolg'ani'n ani'qlag'i'si' keledi. Usi'ni'n' na'tiyjesinde ja'miyetlik tirishlik, turmi's, ha'r tu'rli ta'biyat qubi'li'slari' jo'ninde woydan, qi'yal su'riw joli' menen qi'yali'y a'n'gimeler do'retedi. Mine, usi'nday shi'g'armalardi' ilim tilinde mif deydi. Qudaylar, wolardi'n' ha'reketleri, ha'dden ti'sqari' ku'shli qaharmanlar, wolardi'n' jen'ilisleri, ha'r tu'rli ta'biyat qubi'li'slari', adamni'n' jerdin' jarati'li'si' jo'nindegi a'n'gimeler usi' mifke jatadi'»[4].

Folklorist Q.Maqsetov wo'zinin' «Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ko'rkem awi'zeki do'retpeleri» atli' miynetinde mifke ayri'qsha toqtap, woni'n' an'i'zlardan, a'jayi'p ha'diyseler haqqi'ndag'i' yerteklerden wo'zgesheliklerin tu'sindiredi[5].

A'debiyatshi' ali'm Q.Kamalov «Qaraqalpaq a'debiyati'nda ko'rkem metodti'n' evolyuciyasi' miynetinde» folklorli'q do'retpelerdegi miflik elementlerge toqtap wo'tedi[6].

---

[4] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы, 2-том, Нөкис, 1997, 171-173-бетлер.
[5] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, «Билим», 1996, 194-207 бетлер.

Q.Maqsetov wo'zinin' joqari'da ko'rsetilgen miynetinde mifke mi'nanday tu'sinik beredi: «Ka'ramat yaki din menen baylani'sli', ta'biyatti'n' yaki ja'miyettin' ha'r qi'yli' qubi'li'slari'n juwmaqlasti'ri'p tu'sindiretug'i'n Allani'n', payg'ambardi'n', pirlerdin', a'wliyelerdin', qaharmanlardi'n' tag'i' da basqa ati' menen ayti'latug'i'n wo'tken bir da'wirlerdegi adamlardi'n' du'nyag'a ko'z qarasi'»[7].

Haqi'yqati'nda da miflerdin' ju'zege shi'g'i'wi'n yertedegi adamlardi'n' du'nyag'a ko'z qaraslari', ja'miyet ha'm ta'biyat qubi'li'slari' haqqi'ndag'i' tu'sinikler tiykar bolg'an. Adamlardi'n' du'nyani', ja'miyettegi, ta'biyat qubi'li'slari'n an'lap tu'siniwge bolg'an da'slepki uri'ni'wlari' tiykari'nan usi' mifler qi'yal dep yesaplamag'an, wog'an, woni'n' waqi'yasi' menen mazmuni'n ka'mil isengen. Mifte qi'yal bar degen tu'sinik bizlerde g'ana, al miflik sanadag'i' adam woni' taza shi'nli'q dep qabi'llag'an[8]. Bul tuwrali' belgili ali'm M.İ.Steblin-Kamenskiy bi'lay dep jazadi': «Mif degenimiz - wo'zinin' payda boli'p, wo'mir su'rgen wortali'g'i'nda, qanshelli shi'nli'qqa usamasa da haqi'yqat dep qabi'llang'an a'n'gime»[9].

Mine yen' yerte da'wirdegi adamlar ta'biyattag'i' na'rselerdin' payda boli'wi', qorshag'an du'nyani' si'patlaytug'i'n, wo'zleri shi'nli'q dep isengen ko'plegen a'n'gimeler do'retken.

E.M.Melitinskiydin' ko'rsetiwinshe, qanday da bir zatti' woni'n' payda boli'wi' menen baylani'sti'ri'w, yag'ni'y zatti'n' jarati'li'si'n tu'sindiriw, woni'n' qalay payda bolg'ani'n gu'rrin' yetiw, aynalani', qorshag'an du'nyani' si'patlaw miftin' tiykarg'i' belgilerinen yesaplang'an[10]. Shi'ni'nda da bizge belgili miflerdin' tiykarg'i' mazmuni' ta'biyattag'i' zatlardi'n' payda boli'wi' (jarati'li'si') uli'wma a'lemdi, du'nyani' si'patlawlardan ibarat. Woni'n' u'stine

---

6 Қошанов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. Н., «Қарақалпақстан», 1988, 12-24-бетлер.
7 Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, «Билим», 1996. 196-бет.
8 Каскабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Алматы, «Ғылым», 1984. 66-бет.
9 Стеблин-Каменский М.И. Миф. –Л.: 1976, с.172.
10 Мелитинский Е.М. Поэтика мифа. –Москва, «Наука», 1976. с 1972.

«miflik tu’sinik boyi’nsha zatti’n’ ma’nisin ug’i’w ushi’n woni’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’n biliw kerek»[11] bolg’an. Soni’n’ ushi’n da ali’mlar ta’biyattag’i’ zatlardi’n’ kelip shi’g’i’w tariyxi’ jo’ninde qi’yali’y a’n’gimeler do’retken.

«Jerdi ko’k wo’giz bir shaqi’ menen ko’terip tur yeken. Bir waqi’tlari’ shaqi’ sharshag’anda, wo’giz qag’i’p jiberip, yekinshi shaqi’na saladi’ yeken, sonnan jer qozg’ali’w boladi’ yeken» - dep adamlar wo’zlerinshe jer qozg’ali’wdi’n’ sebeplerin tu’sindiredi. «Bir wo’jet da’w da’ryani’ bo’gew ushi’n bir yetek topi’raq ali’p kiyati’r yeken. Adamlar qansha jali’nsa da wo’jet da’w aytqani’nan qaytpapti’. Sol yelde bir aqi’lli’ kempir bar yeken. Adamlar woni’ da’wdin’ aldi’na jiberipti. Wol da’wge kelip:

- Baylayg’oy shi’rag’i’m. Ayaqtag’i’lar suw ishpese uw ishsin, tas qi’li’p bayla, - depti. Kempirdin’ bul so’zine qi’rsi’qqan wo’jet da’w:

- Al baylag’ani’m dep bir yetek topi’raqti’ ayag’i’ni’n’ asti’na to’gip jiberipti. Sonnan «To’k tawi’» payda boli’pti’. h.t.b.

Mine, yen’ yerte da’wirdegi ata-babalari’mi’zdi’n’ qorshag’an du’nya, jarati’li’s haqqi’ndag’i’ do’retken a’n’gimelerin mazmunlari’ usi’ tiykarda bolg’an.

Mif a’yyemgi ta’biyat, adamzat ja’miyeti, an’-qus, adam ba’ri bir dep tu’siniletug’i’n bolg’an da’wirlerdi yag’ni’y  miflik sanani’n’ yen’ a’yyemgi gezlerinde payda bolg’an.

Keyingi da’wirlerdin’ wo’tiwi, adamzat ja’miyetinin’, sanasi’ni’n’ rawajlani’wi’ menen «Adam o’zlerin an’-quslardan wo’zgeshe yekenin bilgen. Yendi wolar an’-quslar, uli’wma ta’biyat haqqi’nda qi’yali’y a’n’gimeler do’rete baslag’an[12]. Ma’selen, «Qoyanni’n’ yerni nege ji’ri’q?, qarli’g’ashti’n’ quyri’g’i’ nege ji’ri’q?, h.t.b. usi’ si’yaqli’ sorawlarg’a juwaplar izlep, wwolar haqqi’nda da qi’yali’y pikirler ju’ritedi.

[11] Каскабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Алматы, «Ғылым», 1984, 67-бет.
[12] Каскабасов С. Қазақтың халық прозасы. 66-бет.

«Miflik sana wo’zinin’ rawajlani’w bari’si’nda yeki basqi’shti’ basi’p wo’tedi. Woni’n’ birinshi basqi’shi’nda ta’biyg’i’yli’q penen ruwxi’yli’qti’n’ birligi basli’ si’patli’ belgi bolsa, yekinshi basqi’sh ta’biyattan adamzat du’nyasi’ni’n’ aji’rali’p shi’g’i’wi’na baylani’sli’ bul birlik ni’zamni’n’ buzi’li’wi’ menen xarakterlenip turadi’.[13]

Aradan ko’p da’wirler wo’tip, adamzat ja’miyetinin’ ha’m sanasi’ni’n’ rawajlani’wi’ menen adamlar miflik sanadan a’ste-aqi’ri’n shi’g’i’sa baslag’an. Yendi wolardi’n’ du’nya, ta’biyat haqqi’ndag’i’ pikirleri bir qansha reallasi’p kele bergen. Biraq «aradan qansha waqi’t wo’tip, qanshelli dinler payda boli’p ati’rsa da, adamlar turmi’si’nan birotala tu’sip qala qoymag’an. Jan’a payda bolg’an real haqi’yqi’y sanani’n’ yeski sanani’ adamlar turmi’si’nan i’g’i’sti’ri’p shi’g’ari’w qoli’nan kelmegenlikten de, adamlar turmi’stag’i’ wo’zleri bilmeytug’i’n na’ma’lim qubi’li’slardi’n’ si’rlari’n sol sebepli sanada payda boli’p ati’rg’an bosli’qlardi’n’ worni’n buri’nnan kiyati’rg’an da’stu’rli yeski sanani’n’ ku’shi menen toli’qti’ri’wg’a ha’reket yetken.[14]

«Bizin’ buri’ng’i’ babalari’mi’z, ha’tte revolyuciyag’a deyingi, wol az bolsa, wonnan da berirekte wo’mir su’rgen g’arri’lar bul an’i’zlar menen miflerge isengen, wondag’i’ waqi’yalardi’ yertede bolg’an dep woylag’an»[15].

Keyingi da’wirde iliminin’ rawajlani’wi’ menen adamlar miflik sanadan pu’tkilley shi’g’i’sqan. T.Rahmanov «Miflerdi joq boli’p ketiwden saqlap qalg’an na’rse – woni’n’ sinkretik qa’siyetke iye boli’wi’»[16] deydi. Yag’ni’y, mifler folklorli’q do’retpelerinde wo’zlerinin’ arxaik shi’g’i’si’ formasi’nda yemes, ba’lki belgili bir wo’zgerislerge ushi’rag’an halda ushi’rap woti’radi’. Miflik syujet elementleri folklorli’q shi’g’armalarg’a, soni’n’ ishinde eposlardi’n’ da qurami’na aji’ralmas da’rejede sin’isip ketken. Qaraqalpaq

---

[13] Еримина В.И. Миф и народная песня. Миф. Фольклор. Литератур. –Л., «Наука», Л.О. 1978. –С.6-9.
[14] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими», №3-4., 1995. 103-б.
[15] Каскабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Алматы, «Ғылым», 1984, 67-бет.
[16] Рахманов Т. Қадимги мифлар узбек фольклордаги эпик асарларининг илдизи сифатида. Канд. Афтореферат. 1996.

eposlari'ni'n' qay-qaysi'si'n alsaq ta wonda miflik, yerteklik, su'wretlew elementleri menen obrazlardi' ko'remiz. Miflik obrazlar degenimiz ne? Wolarg'a qanday obrazlardi' jatqarami'z.

S.Axmetov penen S.Bahadirovani'n' «folklorli'q terminlerdin' qi'sqasha so'zligi» miynetinde miflik obrazlarg'a mi'nanday tu'sinik bergen. Bul ko'binese a'debiyatta ha'm iskusstvoda paydalani'ladi'. Yag'ni'y, miftin' syujeti tiykari'nda do'retilgen ko'rkem obrazlar. Mifologiyali'q obrazlar a'yyemgi grek a'debiyati'nda Gerakl, Prometey, Antey obrazlari'ni'n' do'reliwine a'debiyat sol da'wirdegi mifke su'yenedi. Xali'qti'n' turmi'si'na dinnin' keliwi menen xristian, musi'lman diniy kitaplari'nda mifke dinniy mazmun boladi'[17].

Demek miflik obrazlar miflik syujetler tiykari'nda do'regen obrazlar qaraqalpaq eposlari'nda da bunday obrazlardi' ko'plep ushi'ratami'z. Ma'selen, Qi'zi'r İlyas pirler, Ma'stan kempir, da'w, peri, aydarha ha'm t.b. Bul obrazlar haqqi'nda xali'q arasi'nda ko'plegen a'psanalar taralg'an. Mi'sali', Qi'zi'r İlyas pirler haqqi'nda, wolardi'n' ma'n'gi jasaytug'i'ni', ko'zge ko'rinbeytug'i'nli'g'i', yeger ko'rine qoysa sharapati' tiyetug'i'nli'g'i' haqqi'nda ko'plegen a'psanalar tarqalg'an. Yamasa quyi'n boli'p, shan'-tozan' ko'terilgende dawi's boli'wi'n da'wler menen baylani'sti'radi'.

Bulardi'n' ha'mmesi de xali'qti'n' qi'yali'nan toqi'lg'an a'psanalar. Yag'ni'y, miflik obraz degenimizdin' wo'zi yertedegi xalqi'mi'zdi'n' du'nyag'a ko'z qaraslari' tiykari'nda do'regen, adamzat ja'miyetinde boli'p ati'rg'an ha'r qi'yli' jag'daylar, ta'biyatti'n' ha'r qi'yli' ku'shleri (ha'diyseleri) menen baylani'sti'ri'lg'an ha'r qi'yli' isenimleri tiykari'nda payda bolg'an, qi'yaldan do'regen obrazlar. Miflik obrazlar uzaq tariyxi'y jag'daylardan bizge derek beredi. Ha'r bir obraz xali'qti'n' du'nyag'a ko'z-qarasi'ni'n' belgili bir basqi'shi'n wo'zinde sa'wlelendiredi. Ja'ne de xali'qti'n' ma'lim bir da'wirdegi

---

[17] Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. -Нөкис. «Билим», 1992, 62-бет.

du’nyani’ an’law ha’m tu’siniklerinen bizge da’rek beredi. Bunday obrazlar an’ ha’m tu’siniktin’ yen’ yertedegi basqi’shlari’na ta’n boli’p, wwolardi’ qorshag’an du’nya haqqi’nda da’slepki tu’siniklerinin’ izleri ko’rinedi.

Miflik obrazlar xalqi’mi’zdi’n’ yertedegi du’nyag’a ko’z qaraslari’ menen baylani’sli’ boli’p, wonda adamzatti’n’ du’nyani’ an’lawi’ni’n’ yen’ yeski qatlamlari’ wo’z poetik su’wretleniwin tapqan. Wo’zi ha’m ta’biyat arasi’ndag’i’ mu’na’sibetleri yertedegi xalqi’mi’z bi’layi’nsha tu’sindirgen. Ta’biyat wo’li yemes, tiri, insan ta’biyatti’n’ bir bo’legi yemes, ba’lkim ta’biyatti’n’ wo’zidur. Soni’n’ ushi’n da adamda keshetug’i’n ruwxi’y keshirmeler ta’biyatqa baylani’sli’ dep tu’sindirilgen. Bunday du’nyag’a ko’z-qaras, yag’ni’y animistlik tu’sinik Worta Aziya, uli’wma tu’rkiy xali’qlarg’a qa’dim zamanlardan tap bu’gingi ku’nimizge shekem xali’q da’stanlari’, yertekleri ha’m t.b. arqali’ jasap kelmekte.

Yertedegi xalqi’mi’z ta’biyatti’n’ yeki ja’miyettin’ ha’r qi’yli’ qubi’li’slari’n, wo’tken bir da’wirlerdegi adamlardi’n’ du’nyag’a ko’z-qaraslari’n ha’r qi’yli’ qi’yali’y qaharmanlari’n atlari’ menen baylani’sti’radi’. Wwolarg’a ha’r qi’yli’ pirler, ma’stan kempir, da’w, pir, aydarha ha’m t.b. jatqarsaq boladi’. Bul obrazlarda xalqi’mi’zdi’n’ ko’p a’sirlik turmi’s ta’rizi, du’nyag’a ko’z-qaraslari’, u’rp-a’detleri, psixologiyasi’, arzi’w a’rmanlari’ wo’z sa’wleleniwin tapqan. Bularg’a ju’da’ yerte da’wirlerdin’ belgileri de ma’lim da’rejede ko’rinip turadi’. Ma’selen, xalqi’mi’z neshe mi’n’ a’sirler boyi’ jaqsi’ ku’nlerge umti’li’p mudami’ jawi’zli’qqa qarsi’ gu’resip kelgen. Usi’ xalqi’mi’zdi’n’ jawi’zli’qqa qarsi’ gu’reslerin bul obrazlar arqali’ da ko’riwimizge boladi’.

Yendi bulardi’n’ ayi’ri’mlari’ eposlarda bas qaharmang’a ja’rdemshi retinde ko’rinse, al ayi’ri’mlari’ jawi’z ku’shlerdin’ belgisi retinde mudami’ jamanli’q ta’repinde boli’p, qaharmanni’n’ islerine tosqi’nli’q jasap woti’radi’. Ma’selen, ha’r qi’yli’ pirler qaharmanni’n’ yen’ jaqi’n ja’rdemshisi, mudami’

woni’n’ menen birge boladi’. Al, ma’stan kempir, da’w, peri, aydarha jamanli’qti’n’ ta’repdarlari’.

Ja’ne de bulardan basqa eposlarda qaharmanlardi’n’ a’psanawi’y tuwi’li’wlari’, wolardi’n’ atlari’ni’n’ 6 ayli’q joldi’ 40 ku’nde basi’p wo’tiwi ha’m adamsha til pitip so’ylewler si’yaqli’ miflik elementlerdi ko’remiz. Bulardi’ da jumi’si’mi’z bari’si’nda tali’qlap wo’temiz. Tu’rkiy xali’qlari’ eposlari’ si’yaqli’ qaraqalpaq eposlari’nda da Qi’zi’r (Qi’di’r depte ayti’la beredi) menen İlyas pirler ken’ tu’rde wori’n alg’an. Wolar mudami’ unamli’ qaharmanlar ta’repinde boli’p, wog’an yen’ jaqi’n ja’rdemi retinde ko’rinedi. Bati’r wo’z dushpanlari’n usi’nday pirlerdin’ ja’rdemi menen jen’ip woti’radi’. İ.T.Sag’itov wo’zinin’ «Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qaharmanli’q eposi’»[18] atli’ ko’lemli miynetinde bunday pirler haqqi’nda bi’lay deydi. A’lbette bunday so’zler hesh bir shi’nli’qqa tuwra kelmeydi ha’m wolar musi’lman dininin’ ruwxani’ylardi’n’ da’stang’a tiygizgen ta’sirlerinin’ na’tiyjesi dep qaraw kerek.

Uli’wma Worta Aziya xali’qlari’ni’n’, soni’n’ ishinde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ da eposlari’na tu’rlishe diniy kitaplar menen musi’lman dininin’ inani’mlari’ ken’ tu’rde ta’sirin tiygizedi. Biz bul pikirlerge toli’q qosi’lami’z. Sebebi, Qi’zi’r İlyas ha’m t.b. usi’ qusag’an pirler musi’lmanlardi’n’ inani’mi’ boyi’nsha ko’zge ko’rinbey, belgisiz tu’rde ju’retug’i’n a’wliye pirler. Wolar jaqsi’ ko’rgen adami’na ko’rinedi yeken, wolardi’ qollaydi’ yeken. Qi’di’rdi’ ko’rgen adam ne tilese tilegi qabi’l boladi’ mi’sh, degen diniy inani’mlar bar. Bulardan basqa da Qi’zi’r, İlyas ha’m t.b. pirler haqqi’nda ko’p a’psanalar tarag’an. Qi’zi’r ha’m İlyas pirlerdin’ wo’lmeytug’i’ni’, ten’izlerde ha’m dalalarda ju’retug’i’ni’ haqqi’nda, wolarg’a si’yi’ng’an adamlardi’ qollaytug’i’ni’ tuwrali’, wolardi’n’ ko’zge ko’rinbeytug’i’nli’g’i’, yeger de ko’zge ko’rine g’oysa sharapati’ tiyetug’i’nli’g’i’ adamlarg’a mehir muhabbati’, miyirim-shapaati’, ka’ramatlari’ tuwrali’ ko’p a’psanalar tarag’an.

---

[18] Сағитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманық эпосы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986, 164-бет.

A’wliye, pirlerge si’yi’ni’w, wolardan ruwxi’y ma’det soraw tu’rkiy xali’qlardi’n’ a’yyemnen sanasi’na kirip ketken. Wolar wo’zlerinin’ maqsetli islerinin’ wori’nlani’p, islerinin’ kelisiwin «Quda»ni’n’, «pirler»din’ ati’ menen baylani’sti’ri’p wolarg’a isenip «Quda yar boldi’», «pirler ma’datkar boldi’», «pirlerdin’ sharapati’ tiyidi», dep qatti’ isenedi.

«Qi’di’r ata» ha’m İlyas pirler haqqi’ndag’i’ a’psanalar basqa da tu’rkiy xali’qlar si’yaqli’ qaraqalpaqlardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’na teren’ sin’isip, yen’ ko’p tarag’an a’psanalar yekenin ayti’w kerek. Xali’qti’n’ barli’q pa’tiyasi’nda ha’m alg’i’si’nda Quda, Muhammed payg’ambarlar ati’ menen birge Qi’di’r, Qi’zi’r, İlyas ati’ atali’p, wog’an si’yi’ni’w da’stu’rge kirip ketken. Qi’di’r ata bul adamni’n’ barli’q ta’g’dirinde yen’ jaqi’n piri yesaplanadi’.[19]

Bular haqqi’nda a’psanalar xali’qti’n’ sanasi’na kirip ketkenligi sonshelli, wwolar ha’r bir isinde pirlerin ko’mekke shaqi’radi’. Mi’sali’, «Ya piyrim Qi’di’r İlyas», «Ya piyrim A’liy», «Ya qi’di’r ata», «Ya za’n’gi baba», «Ya ji’lqi’shi’ ata», «Ya shopan ata», h.t.b. dep pirlerin ko’mekke shaqi’radi’. Adamlar ba’rha’ ha’m barli’q jerde qi’ynalg’an wag’i’nda usi’lay yyetip pirlerine si’yi’nadi’. Solay yyetip, wwolar shi’dam taqat, sabi’rli’q penen basqa tu’sken qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’edi.

A’dette diyxanlar arasi’nda: «Qi’rmani’n’a Qi’di’r dari’si’n» degen so’z bar. Diyxanlar yeginin ji’ynap, tu’yeklep, qi’rmani’n qi’zi’llap boli’p, qi’zi’llag’an qi’rmang’a jabalari’n, gu’reklerin shanshi’p «Qi’di’r dari’ydi’» dep u’ylerine shay-pay ishiwge ketedi, wolardi’n’ qi’rmang’a bereketti Qi’di’r keleg’oysa dari’tadi’ degen pikiri boladi’. Bug’an diyxanlar buri’n da qatti’ isengen. Qi’rmanni’n’ wo’niminin’ ko’p boli’wi’n, Qi’di’rdi’n’ dari’wi’nda dep tu’singen»[20].

Ha’zir de adamlar arasi’nda pa’tiya bergende «Jortqanda joli’n’ bolsi’n» degen so’zler ushi’rasadi’. Bul sizge hesh qanday qi’yi’nshi’li’q is bolmasi’n

[19] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўыз-еки дөретпелери. Нөкис, «Билим» 1996, 204-б.
[20] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, «Билим», 1996. 203-б.

Qi’zi’r ha’m İlyas pirler yar bolsi’n, sag’an ja’rdem bersin degen tilek te ayti’ladi’.

Bul Qi’zi’r ha’m İlyas pirlerden basqa da haywanlardi’n’ da adamlardi’n’ pirleri si’yaqli’ pirleri boladi’ dep isengen. Ma’selen, ji’lqi’ni’n’ piri «Ji’lqi’shi’ ata», qara mallardi’n’ piri «Za’n’gi ata», tu’yenin’ piri «Waysi’p qara», h.t.b. Eposlarda bulardi’n’ da atlari’ ushi’rasadi’.

Uli’wma ha’r qi’yli’ pirler usi’nday isenimnin’ tiykari’nda payda bolg’an ha’m eposlardi’n’ qurami’na kirgen. Bular musi’lmanlardi’n’ du’nya tani’wi’, ko’z-qaraslari’, jaqsi’li’q ha’m jamanli’q haqqi’ndag’i’ danali’q woylari’, isenimleri, diniy isenimleri tiykari’nda payda bolg’an. Bular İ.Sag’itovti’n’ joqari’da aytqan pikirine qosi’li’wg’a tiykar boladi’. Al, yendi yerteklerde bolsa, toli’p ati’rg’an adam tirishiligi ushi’n jaqsi’ na’rselerdi qi’yal menen jasap wo’zlerinin’ ma’pine jaratadi’. Anaw yamasa mi’naw jawi’z ku’shlerdi uzag’i’na wo’mir su’rdirmey, jer menen jeksen yetedi. Yerteklerdegi qaharmanlar usi’lar ushi’n gu’resedi. Wondag’i’ ha’r qi’yli’ a’jayi’p na’rseler xali’qti’n’ maqsetine yerisiwdegi a’rmanlari’ni’n’ iske asi’wi’ ushi’n jasalg’an boli’p su’wretlenedi. Yerteklerde ha’r tu’rli maqluqlar menen wo’li zatlar da, haywanlarda belgili personaj retinde qatnasi’p woti’radi’.

Bazarda sati’li’wlari’, geypara waqi’tlari’ wo’simlikke aylani’p qi’zi’l gu’l boli’p ketiwi, yamasa tari’ boli’p jerge shashi’li’wi’, go’ne tam boli’p tura qali’wi’ qusag’an si’yqi’rli’ ha’reketler jiyi ushi’rasadi’. Bunday tilsimli jag’daylar qanday da’rejede bolsa da unamli’ qaharmanlar dushpan qoli’nda giriptar bolmasi’n degen tiykarda yertektin’ mazmuni’nda isletiledi. Son’g’i’li’g’i’nda bunday isletiwler tikkeley da’stanlarg’a wo’tken. Da’stanlarda unamli’ qaharmanlar hesh waqi’tta dushpan qoli’nda giriptarli’qta qalmaydi’. Wolardi’n’ tosqi’nli’g’i’n ha’r qashanda jen’edi.

Qaraqalpaq yerteklerinin’ tu’rlerinde yamasa da’stanlari’nda bolmasi’n xali’qti’n’ balali’ boli’w, zu’riyat ko’riw tilekleri ha’m a’rmanlari’ jiyi sa’wlelenedi.

Biyperzent ata-anani’n’ ku’yinishleri, wolardi’n’ balag’a bolg’an sezimleri geypara yerteklerdegi waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’ni’n’ ha’m sheshiliwinin’ tu’yini boladi’. Yerteklerdegi waqi’ya qaharmanlardi’n’ tuwi’li’wi’nan baslap rawajlanadi’. Yerteklerde biyperzent ata-ana mal-mu’lkkin taslap bala ushi’n sayi’lli’q joli’na tu’sedi. Mine, bunday syujetler de da’stanlarda wo’z sa’wleleniwin tapqan. Uli’wma, miflik, yerteklik syujetler, tu’rli obrazlar xali’q eposlari’ni’n’ da’reklik negizi yesaplanadi’.

## 1.2. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ syujetlik wo’zgesheligi

«Sha’ryar» da’stani’ qaraqalpaq da’stanlari’ ishindegi yen’ bahali’ da’stanlardan yesaplanadi’. Da’stanni’n’ syujet quri’li’si’, kompoziciyasi’, til quri’li’si’ ayi’ri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ atqari’li’wi’ jag’i’nan yen’ jaqsi’ u’lgilerin Nurabi’lla ji’raw mektebine kiretug’i’n Nurabi’llani’n’ sha’kirti Qulamet ji’raw, Nurabi’llani’n’ balasi’ Yesemurat ji’raw, Wo’teniyaz ji’rawlar yekenligin ayti’w kerek. Wo’teniyaz ji’raw «Sha’ryar» da’stani’n Yerpolat ji’rawdan, Yerpolat ji’raw A’bdira’siwli ji’rawdan, A’bdira’siwli ji’raw ji’raw Nurabi’lla ji’rawdan u’yrengen. Solay yyetip, «Sha’ryar» da’stani’n qolda bar variantlari’ni’n’ ha’mmesi XIX a’sirde wo’tken ataqli’ Nurabi’lla ji’raw u’lgisi tiykari’nda kelip jetken.[21]

«Sha’ryar» da’stani’ni’n’ waqi’yasi’ worta a’sir da’wirlerine tuwri’ keledi. Bul da’stanni’n’ tiykarg’i’ negizin qurag’ani’ menen wonda yerte zamanlar menen baylani’si’p ketken periler, qullar, duwa, adamlardi’n’ tas boli’wi’, tiriliwi, tag’i’ basqa da toli’p ati’rg’an ta’biyattan ti’s waqi’yalardi’n’ su’wretleniwi wori’n alg’an. Bular da’stanni’n’ uzaq da’wirlik waqi’ya baylani’slari’n wo’z ishine alatug’i’ni’n ko’rsetip turadi’. Da’stanni’n’ ishindegi geypara waqi’yalar da’stanni’n’ do’relgen da’wirine baylani’spay, wonnan buri’n da boli’wi’ mu’mkin yamasa haqi’yqat yemes, fantaziya tiykari’nda da quri’li’wi’ mu’mkin. Sonli’qtan da’stanni’n’ do’reliw da’wiri, wonda so’z yetiletug’i’n waqi’yalar menen mudami’ tuwri’ kele bermeydi.

«Sha’ryar» da’stani’ – xali’qli’q shi’g’arma. Woni’n’ xali’qli’q shi’g’arma yekenligin ba’rinen de buri’n ideyali’q mazmuni’nda, sonday-aq ko’rkemlik wo’zgesheliginde ko’rinedi. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ ideyali’q mazmuni’ zuli’mli’q ha’m a’datlatsi’zli’qqa qarsi’ gu’res penen xarakterlenedi. Soni’n’ menen bul pikir xali’q ko’z-qarasi’nan maqullani’w menen xali’q ku’segen talapqa juwap beredi. «Sha’ryar» da’stani’ndag’i’ perzentsizlik, gu’nasi’z

[21] Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979, 286-б.

Gu’lsharani’n’ azaplani’wi’ da’stanni’n’ mazmuni’nda tiykarg’i’ wori’ndi’ iyelep, xali’qti’n’ arzi’w a’rmani’na baylani’sli’ su’wretleniw menen patshani’n’ tog’i’z xani’mi’, ma’stan kempir ha’m si’yqi’rli’ Bu’lbilgo’ya qus zuli’mli’q belgisi si’pati’nda qarsi’ qoyi’li’p, zuli’mli’qti’n’ a’dillik aldi’nda ta’slim yetiliwi menen da’standa beriliwi shi’g’armani’n’ xali’q turmi’si’ menen baylani’si’n ko’rsyetip turadi’. Wo’tkende do’retilgen da’stanlardi’n’ xali’qli’g’i’ ko’binese wondag’i’ so’z yetilgen qaharmanlardi’n’ socialli’q shi’g’i’si’ jag’i’nan yemes, al qaharmanlardi’n’ is ha’reketi menen belgilenedi. Xali’q wo’zinin’ qaharmanlari’n bay semyadan shi’g’ari’wi’, bir jag’i’nan sol zamanni’n’ haqi’yqatli’g’i’nan bolsa da, yekinshiden xali’qti’n’ sol zamanni’n’ ko’z-qarasi’nda wo’z qaharmanlari’n baxi’t qushag’i’na woraw tilekleri menen ja’ne de sol da’wirdegi da’standi’ do’retiwshilerdin’ de du’nya tani’wi’ menen baylani’sli’.

Da’stanni’n’ xali’qli’g’i’ ba’rinen de buri’n xali’q ma’plerin so’z yetiwi menen xarakterli. Yeger da’stanni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ qaharmanlardi’n’ kim boli’wi’na qaramastan xali’q ma’pine tuwra kelmese, wonday da’stan xali’qli’q bola almaydi’. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ xali’qli’g’i’ ideyali’q mazmuni’ menen bir qatarda ko’rkemlik wo’zgesheligi menen de ko’zge tu’siedi. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ tili qaraqalpaq xali’q tilinin’ yen’ jaqsi’ u’lgileri menen bezelgen. Ko’rkemliginin’ ku’shliligi jag’i’nan da’stan basqa qaraqalpaq da’stanlari’ menen sali’sti’rg’anda hesh qaysi’si’nanda to’men turmaydi’.

Xali’qli’q da’stan tiykari’nan wo’zinin’ mazmuni’n xali’q turmi’si’nan ali’p turadi’, al bunnan xali’q da’stani’ni’n’ mazmuni’nda qi’yali’y-fantastikali’q elementler bolmaydi’ degen juwmaq shi’qpaydi’. Qaysi’ qaraqalpaq da’stani’n alsaqta, woni’n’ mazmuni’nda qi’yali’y-fantastikali’q elementlerdi ushi’rati’wg’a boladi’. Bul a’yyemgi waqi’ttag’i’ isskustvodan mifologiyani’n’ wori’n alg’anli’g’i’nan derek beredi.[22]

[22] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, Қарақалпақстан. 1992, 66-бет.

Usi’nday mifologiyali’q jag’daylar «Sha’ryar» da’stani’nda basi’m ushi’rasi’p woti’radi’. Bir kekili alti’nan, bir kekili gu’misten balalardi’n’ tuwi’li’wi’, wolardi’n’ suw asti’nda da wo’lmey jati’wi’, kiyiktin’ balalardi’ asi’rawi’, qalalardi’n’ ko’shiwi, adamlardi’n’ tas boli’wi’nda ushi’rasatug’i’n bay qi’yali’y-fantastikali’q waqi’yalar do’retiwshilerdin’ tilegi, qi’yali’ ha’m arzi’w-a’rmanlari’ menen ushlasqan. «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ waqi’ya da’wiri worta a’sirlerge tuwri’ keledi. Bul da’wir da’stanni’n’ tiykarg’i’ skeletin qurag’an menen wonda qullar tuwrali’ da, periler tuwrali’ da, duwa, adamlardi’ tas boli’wi’, tiriliwi haqqi’nda so’z baradi, ta’biyattan tis waqiyalardi’n’ su’wretleniwi wori’n alg’an.

«Sha’ryar» da’stani’ wo’zinin’ xali’qli’g’i’ ha’m bay ushqi’r qi’yali’y-fantastikali’q su’wretleniwi, qi’zi’qti’ri’wi’ menen birge a’debiyatshi’ ali’mlari’mi’zdi’, woni’n’ basqa tu’rkiy tilles ha’m basqa da xali’qlardi’n’ qi’yali’y yertekleri menen bir qansha jaqi’nli’g’i’ menen de qi’zi’qti’radi’. Belgili ilimpaz M.Nurmuxammedov «Sha’ryar» da’stani’n wori’s shayi’ri’ A.S.Pushkinnin’ «Saltan patsha haqqi’nda yertek» shi’g’armasi’ndag’i’ ayna aldi’nda keste toqi’p woti’ri’p, patshani’n’ hayali’ boli’wdi’ a’rman yetiwin, wolardi’n’ birewi yegerde patshani’n’ hayali’ bolsa, pu’tkil a’lemge toy beretug’i’nli’g’i’n aytadi’. Yekinshisi, yeger patshani’n’ hayali’ bolsa du’nya ju’zine jetetug’i’n shi’t toqi’p beretug’i’nli’g’i’n aytadi’, al u’shinshisi bolsa, yeger patshani’n’ hayali’ bolsa qu’diretli, ku’shli patshag’a bati’r ul tuwi’p beretug’i’nli’g’i’n aytadi’. Wolardi’n’ bul so’zlerin paqsani’n’ arti’nda turg’an Saltan patsha yesitedi ha’m u’shinshisine u’ylenedi, al qalg’an yekewinin’ birinshisin wo’zine toqi’wshi’, yekinshisin awqat pisiriwshi yyetip ali’wdi’ woylaydi’.[23] Sonday-aq wo’zbek xali’q yertegi «Xasan ha’m Zuxra»da xanni’n’ qi’ri’q hayali’ni’n’ hesh birewi taxt iyesi bwolarli’q ul bala tuwa almag’anli’g’i’nan wo’zine qi’ri’q birinshi hayal izleydi. Wol wo’zinin’

[23] Нурмухамедов М. А.С.Пушкинниң ертеклери ҳәм Орта Азия халықларының фольклоры. Нөкис, Қарақалпақстан, 1987, 8-бет.

wa’zirinin’ u’sh apali’ sin’lili qi’zdi’n’ tut tereginin’ asti’nda woti’ri’p, yeger patsha wo’zlerin hayalli’qqa alsa, u’lkeni Nasiba -patshag’a a’jayi’p kiyim toqi’p beretug’i’ni’n, wortanshi’si’ Gu’lbahar - wog’an mazali’ palaw asatug’i’nli’g’i’n, kishkenesi Zulfiya - atlari’ Xasan ha’m Zuxra degen bir ul menen bir qi’z tuwi’p beretug’i’nli’g’i’n ayti’p a’rman yetkenin yesitedi. Al, qaraqalpaq xali’q da’stani’ «Sha’ryar» da’stani’nda Darapsha xan tog’i’z ma’rtebe u’ylense de, ulli’ bola almaydi’. Qayg’i’lang’an xan taxti’n taslap a’piwayi’ kiyinip, yelden bezip kyetip barati’rg’anda bir u’yde jari’qti’ ko’redi ha’m sol jerge kelip qi’zlardi’n’ so’zlerin ti’n’laydi’. Wolardi’n’ u’lkeni – yeger men Darapsha xanni’n’ hayali’ bolsam: «bir pillenin’ jipeginen sonday ko’p atlas toqi’r yedim ha’m wol woni’n’ barli’q a’skeri jaylasatug’i’n shati’r tigiwge jeter yedi» - deydi. Wortanshi’si’: «Biydaydi’n’ bir da’nesinen xanni’n’ qi’ri’q mi’n’ lashkerine jetetug’i’n sho’rek jabar yedim» - dese, yen’ kishkenesi: «Men xang’a yegiz perzent tuwi’p berer yedim» - deydi. Buni’ patsha yesitedi ha’m wolardi’n’ u’shewin de wo’zine hayalli’qqa aladi’.

Ali’m M.K.Nurmuxammedov uli’wma Worta Aziyali’q ayi’ri’m yertek ha’m da’stanlardi’n’ syujetinen wori’s shayi’ri’ A.S.Pushkinnin’ yerteklerine uqsasli’g’i’n izertlewdi ha’m bul yerteklik syujetlerdin’ Pushkin tvorchestvosi’na Worta Aziya yertek ha’m da’stanlari’ni’n’ ta’sir yetkenligin bir qansha mi’sallar menen da’lilleydi.

Belgili folklorist Q.Maqsetov wo’zinin’ «Da’stanlar, ji’rawlar, baqsi’lar» degen miynetinde «Sha’ryar» da’stani’n wori’s shayi’ri’ A.S.Pushkinnin’ «Saltan patsha haqqi’ndag’i’ yertek», tu’rk yertegi «Dilrukesh», Osetin yertegi «Mi’s munardag’i’ tulg’asi’ jez qi’z», qazaq yertegi «Apali’ sin’lili u’sh qi’z» sonday-aq, qazaq ha’m qaraqalpaqlar arasi’na ken’nen taralg’an «Mun’li’q-Zarli’q» da’stani’ «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ epizodlari’n bir-birine sali’sti’ri’p izertleydi ha’m bul yerteklerdin’ barli’g’i’ da tan’ qalarli’q uqsasli’qlari’ menen ha’m original wo’zgesheliklerin ko’rsetedi. Soni’n’ menen birge bul uqsas

epizodlardi'n' bir-birinen ali'ng'an dep ayta qoyi'w an'sat yemes. Degen menen wolardi'n' genetikali'q baylani'si'n hesh qashan biykarlap bolmaydi' deydi.[24]

İlimpaz «Sha'ryar» da'stani'n basqa xali'q yertek ha'm da'stanlari' menen sali'sti'ri'p ko'riw menen birge ha'zirgi waqi'tta qolda bar variantlari' menen de sali'sti'ri'p, forma ha'm mazmun wo'zgesheliklerindegi ayi'rmashi'li'qlari'n ha'm ko'rkemlik wo'zgeshelikleri haqqi'nda bir qansha mi'sallar menen tu'sinik beredi.

Qulamet ji'raw menen O'teniyaz ji'raw varianti'ni'n' ayi'rmashi'li'qlari' to'mendegiler menen xarakterlenedi. Qulamet ji'rawdi'n' varianti'nda baylardi'n' qi'zlari' Shaxidarap patshani'n' «Zu'riyatsi'z taxti' wol talan, taxti' quri'si'n keteyin, mali' quri'si'n keteyin» - dep kyetip barati'rg'an xabari'n yesitedi, al Wo'teniyaz ji'raw varianti'nda qi'zlar bunnan xabarsi'z-aq yen' ulli'si' «Sin'illerim, mi'nda kelip ga'pime qulaq sali'n', kewlimde bir isim bar dep wo'zinin' so'zin «Atam i'qti'yari'mdi' berse, qa'legenin'e tiy dese, Shaxidarap meni alsa, sa'wgilik yari' qi'lsa»-dew menen baslaydi'. Qulamet ji'raw varianti'nda baylardi'n' atlari' A'libay, Danabay, Sari'bay, Shasi'war delinse, Wo'teniyaz ji'raw Ag'i'mbay, Da'nebay, Nazi'mbay, Sasuwar dep ji'rlaydi'.

Qulamet ji'raw «Toman wa'zirdin' ha'wlisi» dese, Wo'teniyaz ji'raw «Toman wa'zirdin' qalasi'» dep so'z yetedi. Kulamet ji'rawdi'n' ji'rlawi' boyi'nsha Sasuwar Shaxidarapti'n' sorami'nan basqa yeldegi patsha, al Wo'teniyaz ji'raw Sasuwardi' Shaxidarapti'n' qarawi'ndag'i' bay adam yyetip ko'rsetedi ha'm Shaxidarap Sasuwardi'n' Bergen toyi'na keledi.

Qaraman Wo'teniyaz ji'raw varianti'nda Sasuwardi'n' sawdageri boli'p xi'zmet atqaradi', al Qulamet ji'raw Karamandi' sa'rkarda, bati'r, palwan dep ko'rsetiw menen da'rbent jolg'a kelip, ko'mir a'ketetug'i'n xi'zmetkeri yetip ji'rlaydi'.[25]

---

[24] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, Қарақалпақстан. 1992, 81-бет.
[25] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, Қарақалпақстан. 1992, 83-бет.

Solay yetip, ilimpaz «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ variantlari’ni’n’ bir-birinen wo’zgesheliklerin ko’rsetedi ha’m wolardi’n’ mazmuni’ jag’i’nan wonday u’lken ayi’rmashi’li’qlardi’n’ joq yekenligin so’z yetedi.

Biz joqari’da «Sha’ryar» da’stani’ni’n’ ji’ynali’wi’, basi’li’wi’ ha’m ilimpazlar ta’repinen izertleniwi haqqi’nda so’z yettik. İlimpaz Q.Maqsetov, M.Nurmuxammedov, S.Bahadi’rova ha’m basqalar wo’zlerinin’ folklorg’a, da’stanlarg’a, sonday-aq usi’ «Sha’ryar» da’stani’ haqqi’ndag’i’ miynetlerinde, maqalalari’nda da’stan haqqi’nda so’z yetkende wondag’i’ qi’yali’y-fantastikali’q elementler tiykarg’i’ izertlew obekti basqa bolg’anli’qtan bul arxaikali’q elementler haqqi’nda teren’ pikir ju’rgize bermeydi.

«Sha’ryar» da’stani’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ basqa da’stanlari’nan wo’zinin’ mazmuni’ ha’m arxaikali’q, qi’yali’y-fantastikali’q obrazlari’ni’n’ ko’pligi menen ko’zge tu’setug’i’nli’g’i’n ko’remiz.

A’yyemgi adamzatti’n’ aqi’lli’, sanasi’ azi’-kem rawajlani’wi’ menen birge yele ta’biyat ha’m ja’miyet si’rlari’na toli’q tu’sinbesede ta’biyat u’stinen u’stemlik yetiwdi a’rman yetken. Wolardi’n’ usi’ a’rmani’nan fantastikali’q su’wretlew usi’llari’ do’regen. Suymuri’q quslar, ushar gilemler, ju’yrik peshler, xandi’ jen’gen aqi’lli’ shopanlar, xalqi’n dushpannan qorg’ag’an fantastikali’q ku’shke iye bati’rlardi’, fantastikali’q elementlerdi qi’yaldan do’retken. Sonli’qtan mifologiyali’q ha’m fantastikali’q shi’g’armalarda negizinen shi’g’armani’n’ tiykari’nda wo’mir shi’nli’g’i’ yemes, adam qi’yali’ turadi’. Wo’mir haqqi’ndag’i’ ko’rkem qi’yali’y woylar miflogiyali’q ha’m fantastikali’q shi’g’armalardi’ do’retken.[26]

So’z yyetip woti’rg’an «Sha’ryar» da’stani’nda ha’r bir fantastikali’q obraz, predmet, syujet, motiv elementlerdin’ sheberlik penen beriliwi, xali’qti’n’ ken’ qi’yallawi’nan do’regenligin bildiredi.Da’standa ha’r qi’yli’ qi’yali’y arxaikali’q elementler qatnasadi’. Ma’selen: Bulardi’n’ bazi’lari’ zatlardi’n’ ayi’ri’mlari’ haywan, qus, jilan, aydarha  tag’i’ basqa bolg’ani’ menen a’piwayi’

---

[26] Камалов К. Кәрўан басы. Нөкис, Қарақалпақстан. 1983 ж. 25-бет.

turmi’stag’i’dan wo’zgeshe yetip ta’riyplenedi, ha’reket yetedi. «Sha’ryar» da’stani’nda adamni’n’ tas boli’wi’ ja’ne woni’n’ adam qa’lbine keliw qubi’li’slari’ bar. Bul qubi’li’s da’stanni’n’ mazmuni’nda belgili da’rejede dinnin’ ta’sirine baylani’sli’ so’z yetilgen menen <<ismi Ag’zam duwalar menen>> a’sheko’ylengen menen qubi’li’sti’n’ da’slepki payda boliw da’rekleri, awi’zeki xali’q tvorchestvosi’na aralasi’w jag’daylari’ adamni’n’ tas boli’w, tastan adam boliw haqqi’ndag’i’ mifler tiykari’nda ju’zege shi’qqan boli’w kerek.

Da’stanni’n’ aqi’ri’nda dushpanlardi’n’ jazalani’wi’ menen tamam boli’wi’da basqa da qaraqalpaq da’stanlarinda tradiciiyali’q formag’a aylang’an.

«Sha’ryar» da’stani’ni’n’ syujet quri’lisindag’i’ wo’zgeshelikler ha’m uqsasli’qlar da’stanlarg’a ta’n individualli’q, ayri’qshali’qlarg’a, tradiciyali’q su’wretlew usi’llari’na baylani’sli’ boli’p keledi.

# II Bap. «Sha’ryar» da’stani’i’ndag’i’ arxaikali’q wo’zgeshelikler

## 2.1. Da’standag’i’ yerteklik obrazlar ha’m si’yqi’rli’ zatlar

Da’standag’i’ yerteklik obrazlardi’n’ biri ma’stan kempir obrazi’. Ma’stan kempirler derlik ja’ha’n xali’qlari’ awi’zeki do’retpelerine ta’n bolg’an personaj boli’p tabi’ladi’. Bul obrazlardi’ ko’pshilik xali’qlardi’n’ yertek ha’m da’stanlari’nan ko’riwimizge boladi’.

Unamli’ qaharmanlardi’n’ ha’reketlerine qarsi’ qoyi’latug’i’n, su’wretleniwi boyi’nsha «ko’zleri ma’shtey», «shandi’ri’ tashdey», «arqasi’ qozg’an, yeki dizesi qulag’i’nan wozg’an, qasari’sqan adami’ menen azi’qlani’p uri’sqan», ma’stan kempir jamanli’qti’n’, jawi’zli’qti’n’ belgisi (simvoli’) si’pati’nda eposlarda wo’z su’wretleniwin tapqan. Wol qay jerlerde jaman isler bolsa sol jerlerdi tabadi’. (Wol mal du’nya wo’zinin’ nasi’bay puli’ ushi’n hesh na’rseden qaytpaydi’).

Du’nya xali’qlari’ folklori’ndag’i’ aktiv personajlardi’n’ biri ma’stan kempir a’yyemgi da’wirlerdegi adamlardi’n’ du’nyag’a ko’z-qaraslari’, ha’r qi’yli’ isenimleri tiykari’nda payda bolg’an miflik obraz yekenligi ko’plep folkloristler ta’repinen ayti’lg’an.

Ataqli’ rus folkloristi V.Ya.Propp bul obrazdi’n’ tariyxi’y shi’g’i’si’n arxaik da’wirler menen baylani’sti’radi’.

Ma’stan kempir obrazi’ni’n’ payda boli’wi’ materiarxat da’wirinen baslang’ani’n aytadi’.[27] Biz bul pikirlerge toli’q qosi’lami’z. Sebebi. Materiarxat da’wirinde barli’q islerdi hayallar basqarg’an. Ha’mme hayallarg’a boysi’ni’p, wwolarg’a si’yqi’rli’ ruwxlar du’nyasi’ menen baylani’sli’ ku’sh si’pati’nda qarag’an. Ma’stan obrazi’ yen’ da’slep materiarxat da’wirinde usi’nday isenimlerdin’ tiykari’nda kelip shi’qqan desek boladi’.

[27] Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. _Л., Изд-во ЛГУ. 1964. с.41.

Qaraqalpaq folklori'nda belgili wori'n iyeleytug'i'n ma'stan kempir obrazi' «Sha'ryar» da'stani'nda da wo'z su'wretleniwin tapqan. Ati' ayti'li'wdan-aq da'standa woni'n' beriletug'i'n portreti sa'wlelenedi: «toppi'si' tozg'an, arqasi' qozg'an, yeki birdey dizesi qulag'i'nan wozg'an, shandi'ri' tastay, ko'zi ma'shtey, wo'zi ko'p jasag'an, say-su'yegi bosag'an, arqa moyi'ni' ti'ri'sqan, yelati' menen uri'sqan, qi'zi'l tilin ti'ymag'an, kelinine si'ymag'an»[28]. Wol unamli' qaharmanlarg'a mudami' qos ha'reket yetiw menen shug'i'llanadi'. Wol zuli'mli'qti'n' qurali' si'pati'nda ko'rinedi. «Sha'ryar» da'stani'nda ma'stan kempir obrazi' yumorli'q planda ken'nen ashi'p beriledi.

Qaraqalpaq yerteklerinde ma'stan bir qansha arxaik ko'riniste boladi'. Woni'n' boyi'na si'yqi'rshi'li'qqa, duwaxanli'q h.t.b. ka'rmatlari' ku'shli sin'dirilgen. Wwolar tawlarda, sho'llerde, tog'ay, wormanlarda jasaydi' ha'm adamlardi' tiriley jutadi', qani'n sori'ydi' h.t.b.

Al eposlardag'i' ma'stan kempir obrazi' a'dewir da'rejede ma'deniylesken. Ma'stan ba'rshe adamlar si'yaqli' ku'n ko'rip wo'mir su'redi. Biraq wol ar nami'ssi'z, ash ko'zlik, haramli'q, hiylekerlik, wo'tirikshilik si'yaqli' jaman qa'siyetlerdi wo'z boyi'na ja'mlegen. Ne ushi'n materiarxat da'wirinde si'yqi'rli' ruwxlar du'nyasi' menen baylani'sli' ku'shlerdin' mi'sal retinde kelip shi'qqan ma'stan obrazi'na bunday jaman illetlerdi sin'dirilgen. Buni'n' sebebin B.Jumaniyazov bi'layi'nsha tu'sindiredi: Materiarxat da'wiri keyinshelik woni'n' worni'n iyeley baslag'an patriarxat hu'kimdarli'g'i' da'wirinin' ta'siri na'tiyjesinen negedur patriarxat hu'kimdarli'g'i' payda bolg'annan keyin derlik ha'mme unamsi'z ha'reketler hayallarg'a berille baslag'an.[29] Haqi'yqati'nda da patriarxat da'wirinde hayallardi'n' roli «shashi' uzi'n aqi'li' kelte» degendey di'm to'menlep ketken, barli'q isler menen yer adamlardi'n' shug'i'llang'anli'g'i' ba'rshemizge belgili. Sonli'qtan da joqari'dag'i' ayti'lg'an pikir bir qansha duri'sli'qqa jaqi'n keledi dep ayta alami'z.

---

[28] «Қарақалпақ фольклоры». Көп томлық. XIII том. Нөкис, 1984. 142-бет.
[29] Жуманиязов Б.М. Узбек халқ эпосида ялмоғиз образи. Автореферат. Т., 1996. 10-б.

Ko’pshilik yerteklerde ma’stan kempirler si’yqi’rli’, tilsimli ku’shlerge iye boladi’. Yag’ni’y wolar aspanda ushi’p ju’redi, bir ko’rinisten yekinshi ko’riniske wo’tedi, mayi’p qaharmanlardi’ tiriley jutadi’ ha’m sapa saw qi’li’p qayta shi’g’aradi’. Bunday qubi’li’slar adamzatti’n’ du’nyani’ tani’wi’nda, an’i’ni’n’, pikirlewinin’ ju’da’ yeski basqi’shlari’ tiykari’nda qa’liplesken.

Ko’plegen tariyxi’y da’wirlerdin’ wo’tiwi adamzat ja’miyetinin’ rawajlani’wi’ wolardi’n’ du’nya tani’wi’ni’n’, sanasi’ni’n’ wo’zgeriwi menen da’slebinde joqari’dag’i’day g’ayri’-ta’biyiy ku’shli si’yqi’rli’qlarg’a iye bolg’an ma’stan kempir, unamsi’z jawi’z ku’shlerdin’ belgisi si’pati’nda sol da’wirlerge say a’ste-aqi’ri’n wo’zgerip kele bergen ha’m real du’nyag’a qa’liplese baslag’an. Wol ju’da’ ko’p da’wirlerdin’ wo’tiwi menen a’dewir ma’diynelesken ko’riniske iye boladi’. Wol yendi hesh qanday g’ayri’-ta’biyiy si’yqi’rli’ ku’shlerge iye yemes. Haqi’yqi’y turmi’sli’q si’patlardi’ wo’z boyi’na sin’dire baslag’an. Mine, eposlarda ma’stan kempir obrazi’ni’n’ usi’nday ma’deniylesken ko’rinisin ko’remiz. Eposlardag’i’ ma’stan obrazi’nda realli’q, haqi’yqi’y turmi’sli’q elementler basi’m boladi’. Wol g’ayri’-ta’biyiy fantastik belgiler si’yqi’rlaw, duwalaw, aspanda ushi’p ju’riw qusag’an ku’shlerge iye yemes. Tek g’ana hiyleker, wo’tirikshi, aldawshi’, ashko’z, wo’z ma’pi ushi’n hesh na’rseden qaytpaytug’i’n obraz retinde ko’rinedi.

Ma’stanlar da’slepki shi’g’i’si’nda turaqli’ jasaytug’i’n ma’kani’na iye yemes. Yag’ni’y wolar taw-taslarda, sho’llerde, tog’ay wormanlarda jasaydi’. Al eposlardag’i’ ma’deniylesken ko’rinislerde wolar wo’zlerinin’ ani’q ma’kani’na iye. Wolardi’n’ ha’mme adamlar si’yaqli’ u’yleri boladi’, yamasa xanni’n’ sarayi’nda xi’zmet yetip ju’redi. «Ma’stan kempirler saray xi’zmetinde boli’p, hu’kimdarlar ushi’n xi’zmet yetiwi menen feodalizm da’wiri belgilerin sa’wlelendirgen».[30] Ma’selen, «Sha’ryar» da’stani’nda ma’stan kempir tog’i’z xani’mni’n’ xi’zmetinde boli’p, tiykari’nan solardi’n’ maqsetlerin wori’nlaw ushi’n tu’rli jawi’zli’q unamsi’z ha’reketlerdi isleydi.

---

[30] Жуманиязов Б. Узбек халқ эпосида ялмоғиз образи. Т.1996. 16-бет.

Yekinshiden, wolar da’slebindegidey g’ayri’-ta’biyiy ku’shlerge yag’ni’y si’yqi’rlawg’a, duwalawg’a, aspanda ushi’p ju’riw h.t.b. iye yemes. Eposlardag’i’ ma’stan bunday ku’shlerden ari’lg’an, wolardi’n’ adamlardan jasaw jag’dayi’ boyi’nsha hesh qanday ayi’rmashi’li’g’i’ joq. Woni’n’ unamsi’z obraz yekenligin tek g’anahiylekerligi, wo’tirikshilik, ashko’zlik si’yaqli’ qa’siyetlerinen ko’rinedi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ eposlari’nda xalqi’mi’zdi’n’ ishki ha’m si’rtqi’ dushpanlarg’a qarsi’ gu’reslerinin’ kishkene bir elementi si’pati’nda ma’stan obrazi’ da wo’zinin’ usi’nday ko’rkem su’wretleniwin tapqan. Ma’stan kempir wo’zinin’ jawi’zli’q ha’reketlerinin’ ha’mmesin zuli’m xanni’n’ yamasa xan ha’meldarlari’ni’n’, ku’ndeslerdin’ maqsetlerin wori’nlaw ushi’n, qalaberse, wo’zinin’ nasi’bay puli’ ushi’n isleydi. Solay yetip, ma’stan kempir zuli’mli’qti’n’ qoli’ si’pati’nda du’ziledi. Oni’n’ tapqan nasi’bay pullari’ en’ aqi’ri’nda basi’na jyetip iyt o’limine ushraydi’. Bul haqi’yqatli’qti’n’ jamanli’q u’stinen u’stem keletug’i’nli’g’i’n da’liylep turadi’ ha’m haqi’yqatli’q, a’dilliktin’ mudami’ jen’etug’i’nli’g’i’nan da’rek beredi.[31]

Da’w obrazi’

Tariyxi’y tiykarlari’ miflik sana menen baylani’sli’ bolg’an da’w obrazi’ni’n’ qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retpelerindegi worni’ ayri’qsha. Bul obraz ko’binese qi’yali’y yerteklerde ha’m qaharmanli’q da’stanlarda ushrasadi’. Bul obraz bizdi ata-babalari’mi’zdi’n’ du’nyag’a ko’z-qarasi’, tariyxi’y sanasi’, qorshag’an du’nya, jaqsi’li’q ha’m jamanli’q haqqi’ndag’i’ tu’sinikleri, filosofiyasi’, u’rp-a’detlerinen xabardar qi’ladi’.

Eposlarda ayri’qsha wori’n tuti’wshi’ da’w obrazi’ni’n’ miflik tiykarlari’ yertedegi ata-babalari’mi’zdi’n’ qa’dimgi du’nyag’a ko’z-qaraslari’ menen baylani’sli’ boli’p, wonda adamzat sanasi’ni’n’ yen’ yertedegi qatlamlari’ wo’z poetik su’wretleniwin tapqan.

---

[31] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. -Нөкис., «Қарақалпақстан», 1992, 89-бет.

Eposlardag'i' bizge jetip kelgen da'w obrazi' bir qansha ma'dniylesken. Wo'zbek folkloristi J.Eshonqulov: «Da'w yen' da'slep ji'rtqi'sh ko'riniste boli'p, keyinshelik insan ma'deniylesken sayi'n woni'n' ko'rinisi de ma'deniylese baslag'an»[32] deydi. Ja'ne de «ma'deniyleskenge shekemgi bolg'an da'wirde da'w obrazi' adamlar sanasi'nda arxaik ko'riniste, ani'g'i'rag'i' ji'rtqi'sh haywan ko'rinisinde bolg'an»[33] deydi. (birneshe da'stan ha'm ertekler mi'sali'nda ko'rsetiledi).

Epslarda da'w obrazi' bunday ji'rtqi'sh yemes, al a'dewir da'rejede ma'deniylesken. Ha'tteki ayti'm da'stanlarda da'wler uli'wma adam ko'rinisin alg'an. Ma'selen, «Qoblan» da'stani'ndag'i' Alamg'asar A'lip da'w, Bo'ke da'w ha'm t.b. adamsha su'wretlengen.

Prof İ.Sag'itov bul haqqi'nda bi'lay deydi: «Alamg'asar Ali'p da'w, Bo'ke da'w tag'i' basqa da'wlerdin' quri' «da'w» degen ati' bolmasa, bi'layi'nsha realni'y Adam obrazi'nan hesh qanday ayi'rmasi' joq».[34] Ma'selen, «Yedige» da'stani'nda da da'w Yedige menen bo'le boli'p ko'rsetiledi.

Da'w obrazi' xali'q awi'zeki do'retpelerinde yertedegi xalqi'mi'zdi'n' turmi'si', da'slepki filosofiyali'q ko'z qaraslari', du'nya, ta'biyat, kosmos haqqi'ndag'i' yen' da'slepki ko'z-qaraslari'n wo'zinde sa'wlelendiredi.

Ha'zirge shekem saqlani'p qalg'an ko'p g'ana u'rp-a'detler, i'ri'mlar, totemizm elementleri, a'sirese jamanli'q ko'z-qaraslardi'n' da'w obrazi'ndag'i' poetik ko'rinisi, woni'n' tariyxi'y tiykarlari'nan ko're ata-babalari'mi'zdi'n' yen' yeski tu'sinikleri menen aji'ralmas baylani'sta yekenliginen da'rek beredi.

Da'w obrazi' xalqi'mi'zdi'n' yen' da'slepki du'nyag'a ko'z-qaraslari', kosmos haqqi'ndag'i' da'slepki woylari', jaqsi'li'q ha'm jamanli'q a'lemi haqqi'ndag'i' tu'sinikleri, ta'biyatqa bolg'an tu'rinshe mu'na'sibetlerinin' salalari'nan payda bolg'an boli'p, ata-babalari'mi'zdi'n' sana ha'm an'

---

[32] Эшонқулов Ж. Узбек фольклорида дев образининг мифлогик асослари ва бадий талкини. канд. Афтореферат. Т., 1996. 15-бет.
[33] Жоқарыда силтеме исленген мийнеттен.
[34] Сағитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1986, 163-бет.

basqi’shlari’ menen baylani’sli’ halda, an’ sana wo’zgergen sayi’n da’w obrazi’ni’n’ ko’rinisleri de wo’zgerip ma’deniylesip barg’an.

Qaraqalpaq eposlari’ndag’i’ da’w obrazi’ tek g’ana jawi’zli’qti’ an’latpay, ayri’m da’stanlarda tu’rli ti’msali’y ma’nisti ju’zege shi’g’aradi’. Solardan biri patriarxat da’wirdin’ belgileri boli’p tabi’ladi’. Ma’selen, ko’pshilik da’stanlarda da’wler, go’zzal qi’zlardi’, perilerdi urlap, wolardi’ tutqi’nda saqlaydi’. Bul funkciya patriarxat da’wirdin’ poetik su’wretleniwi boli’p tabi’ladi’. Mi’sali’, «Yedige»[35] da’stani’nda Satemir xanni’n’ qi’zi’ Aqbilekti Qaratiyin A’lip da’w urlap ketip, wo’zinin’ xi’zmetine jumsap qoyadi’. Da’wlerdin’ bunday funkciyalardi’ atqari’wshi’ «Qoblan»[36] da’stani’nda da ko’riwimizge boladi’.

Biz qaysi’ bir qaharmanli’q eposi’n almayi’q wolardi’n’ ha’mmesinde bas qaharman da’wlerdi wo’ltirip, peri malikalardi’ azat yetedi. Qaharman ha’miyshe da’wlerdin’ u’stinen jen’iske yerise beredi. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi jabayi’ adam menen ma’deniy adam wortasi’ndag’i’ evolyuciya pari’qlanadi’, adamzatti’n’ wo’zin an’law da’rejesinin’ wo’siwi, wo’z ku’shine iseniwi boli’p tabi’ladi’.

Eposlardag’i’ da’wlerdin’ qaharman ta’repinen wo’ltiriliwi bul tiykari’nan insanni’n’ wo’z ruwxi’ndag’i’ jabayi’li’qti’ wo’ltirip, az ma’deniylesken «men»sine qaray jaqi’nlasi’wi’ni’n’ poetik ko’rinisi boli’p tabi’ladi’. Yekinshi bir ta’repten «Haqi’yqatli’qti’n’ jamanli’q u’stinen u’stem keletug’i’nli’g’i’n da’lillep turadi’ ha’m haqi’yqatli’q, a’dilliktin’ mudami’ jen’etug’i’nli’g’i’nan derek beredi»[37] dep jazadi’ Maqsetov.

Peri obrazi’

Ko’pshilik eposlarda basqa obrazlar menen bir qatarda peri qi’zlardi’n’ da obrazi’ ko’zge taslanadi’. Wolar ku’ta’ suli’w, ay dese awi’zi’ bar, ku’n dese ko’zi bar yetip su’wretlenedi. Ma’selen, «Sha’ryar» ha’m «Qoblan» da’stanlari’nda periler ha’dden ti’s go’zzal yetip ko’rsetiledi. Mi’sal, «Qoblan»

---

[35] Едиге. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1990.
[36] Қарақалпақ фольклоры. VIII том. «Қоблан».Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1981.
[37] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. -Нөкис., «Қарақалпақстан», 1992, 89-бет.

da’stani’nda «Qi’rq jigit» keledi, perilerdi ko’redi, perilerdi ko’rgen son’, yesi ketip turadi’. Bunday suli’wlar aspan asti’nan, jer u’stinen shende-shen do’remese do’regen yemes, du’nyag’a kelgen yemes. Qarday eyti, qanday beti, ha’mmege jaqqan qi’li’g’i’ menen xi’zmeti…»[38].

Perilerdin’ jasaytug’i’n, ju’retug’i’n jeri menen orni’ alti’ ayshi’li’q ko’li bar, alti’ ayshi’li’q joli’ bar, jerdin’ tu’pkiri, yerteklik, legendarli’q ma’kan Goxikap tawi’ boli’p yesaplanadi’. Ma’selen, «Qoblan» da’stani’nda perilerdin’ tilinen mi’na ga’pler ayti’ladi’:

Keyinen bolsam intizar,
Qi’rqi’na aytar arzi’m bar,
Bul so’zime qulaq sal!
Ha’r qaysi’si’n’a bir ku’nnen,
Qi’rq ku’n bolsi’n sol wa’dem.
Qi’rq ku’nde yeger kelmesem,
Gu’l ju’zimdi ko’rmesen’,
Goxikaptan tabarsan’.[39]

Bul yerteklik-legendarli’q ma’kan «Sha’ryar» da’stani’nda perilerdin’ ma’kani’ yetip ko’rsetiledi.

Perilerdin’ eposlarda ha’r tu’rli tu’ske yenip woti’radi’. Peri qi’zlari’ qara qus, kepter, ji’lan, qarshi’g’a qullasi’ ne bolg’i’si’ kelse sol boladi’. Ma’selen, «Yedige» da’stani’nda periler kepter boli’p ushi’p kelip, kepter kebin sheship suwg’a shomi’ladi’».

«Sha’ryar» da’stani’nda peri qi’zi’ tasqa ju’zikke ha’m t.b. qusti’n’ ha’r tu’rine aylanadi’. Bulardi’n’ ha’mmesi adamlardi’n’ yeski magiyali’q isenimi-so’zdin’ ku’shi «ismi ag’zam duwalar menen iske asi’ri’ladi’».

«Yedige» da’stani’ndag’i’ peri qi’zi’ni’n’-wo’kshesi joq, qolti’g’i’nda qanaati’ bar boli’wi’, suwg’a tu’skende qari’nlari’n aqtari’p juwi’wi’, gellesin

---

[38] Қарақалпақ фольклоры. VIII том. «Қоблан».Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1981. 121-122-бетлер.
[39] «Қоблан». Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1981.

qopari’p ali’p, qoli’na ali’p juwi’wi’ shaman dinnin’ qaldi’qlari’ boli’p yesaplanadi’.

Uli’wma peri qi’zlari’ni’n’ tariyxi’y shi’g’i’si’nda dinnin’ ta’siri ayri’qsha ko’rinip woti’radi’. Sebebi periler ne islese de, qay tu’ske yense de ha’mmesi duwa, si’yqi’r menen a’melge asi’ri’ladi’. So’zdin’ magiyali’q qu’diretine iseniw ku’shli rol woynaydi’. Yekinshi ta’repten peri qi’zlari’ni’n’ an’ quslarg’a aylani’wi’ to’temlik miflerdin’ ko’rinisi boli’p tabi’ladi’.

Peri qi’zlar matriarxatli’q da’wir elementlerinen de ma’lim da’rejede wo’z boyi’nsha sin’dirgen matriarxatli’q da’wir da’stu’rleri boyi’nsha qaraqalpaqlardi’n’ a’yyemgi ata-babalari’ bolg’an geypara ruw-qa’wimler hayal-qi’zlardi’ wo’zlerinin’ jarati’wshi’lari’ dep bilip, wolarg’a ila’hida si’yqi’rdi’ ruwxlar du’nyasi’ menen baylani’sta ku’sh si’pati’nda qarag’an. Peri obrazi’ usi’nday isenimlerdin’ tiykari’nda kelip shi’g’i’p, wolarg’a ha’r qi’yli’ qu’diretli ku’shler berilgen. Soni’n’ ushi’n da peri qi’zlari’ g’ayri’-ta’biyiy fantastik belgiler-si’yqi’rlaw, duwalar, qubi’li’w, aspanda ushi’p ju’riw, qusag’an qu’shlerge iye boladi’. Wolar qanshelli tilsimli bolsa qaharmanlar sonshelli da’rejede ko’megi tiyedi.

Ko’pshilik qaharmanli’q eposlardag’i’ adam ushi’n qa’wip tuwdi’ri’p woti’ratug’i’n miflik obrazlardi’n’ biri – aydarha. Aydarha obrazi’ «Yedige», «Sha’ryar» da’stanlari’nda ayri’qsha ko’zge tu’sedi. Qaraqalpaq xali’q yerteklerin izertlewshi ilimpaz Q.Ma’mbetnazarov: «Aydarha ji’lanni’n’ xali’q yerteklerinde fantaziyalasti’ri’lg’an formasi’ boli’wi’ itimal»[40] degen pikirdi aytadi’. Bul haqi’yqati’nda da duri’s pikir boli’p, aydarhani’n’ tiykarg’i’ ji’lan boli’wi’ kerek. Sebebi, «Sha’ryar» da’stani’nda aydarhani’n’ shi’g’i’si’ jo’ninde mi’nanday pikirler ayti’lg’an.

«… Bul sho’lde ne ju’redi, aydarha juwha ju’redi. Aydarha, juwha demektin’ ma’nisi gumgum jerdin’ asti’nda 40 ji’l taqat yetse ji’lan boladi’, ji’lan 40 ji’l taqat yetse juwha boladi’. Juwha bolg’an son’ wol iyt boli’p u’re

40 Мәмбетназаров К. Қарақалпақ ертеклери ҳаққында. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 45-бет.

beredi, mal boli’p ju’re beredi. Adam boli’p tura beredi. Ne bolaman desem ha’m, wol bola beredi…».[41]

Mine, da’stanni’n’ wo’zinde de aydarhani’n’ ji’lan yekenligi ayti’lg’an, haqi’yqati’nda da biz aydarha dep yesitkenimizde ko’z aldi’mi’zg’a ji’lanni’n’ ju’da’ u’lken tu’ri yelesleydi. Sonli’qtan da, Q.Ma’mbetnazarovti’n’ joqari’da aytqan pikirin duri’s dep yesaplasaq boladi’. Bular ne ushi’n unamsi’z, jawi’z ku’sh retinde su’wretlenedi? Aydarha yerteklerde ha’m da’stanlarda bunday boli’p su’wretleniwinde shi’nli’qti’n’ elementi bar. Haqi’yqati’nda da, ji’lan wo’zinin’ jarati’li’si’nda adamg’a zi’yannan basqa hesh qanday payda keltirmeydi. Woni’n’ usi’nday jarati’li’si’ndag’i’ qa’siyetlerine qaray, yerteklerde ha’m qaharmanli’q eposlarda unamsi’z xarakterde su’wretlenedi. Wog’an yerteklik boyawlar berilip ju’da’ a’jayi’p yetip su’wretlenedi. Wolardi’n’ qaharman menen ayqsi’wi’ jaqsi’li’q ha’m jamanli’q ti’msali’ boladi’.

«Yedige» da’stani’ndag’i’ Pa’ren’ patshasi’ni’n’ jurti’nda ju’rgende, ha’r ku’ni bir adam jeytug’i’n aydarha menen ayqasi’p, woni’ wo’ltirip, patshani’n’ qi’zi’n wo’limnen qutqarg’ani’li’g’i’ haqqi’ndag’i’ miflik epizodtag’i’ aydarha menen Nuraddinnin’ jaqsi’li’q jamanli’qqa qatnas ma’selesinde usi’layi’nsha bahalawi’mi’z kerek».[42]

X.Ko’rog’li’ni’n’ ko’rsetiwinshe, eposlardag’i’ da’wler, aydarhalar mi’sali’ndag’i’ jaqsi’li’q jamanli’qti’n’ gu’resi – bul a’yyemnen İran dinindegi dualistlik isenimlerdin’ izleri. Bul isenim boyi’nsha du’nya yeki baslamadan turadi’, ha’r bir baslamani’ basqaratug’i’n wo’zlerinin’ qudaylari’ boladi’».

Eposlardag’i’ aydarhalarg’a ku’nde bir adamni’n’ qurbanli’qqa beriliwi jamanli’q ko’z-qaraslardi’n’ qaldi’qlari’ boli’p yesaplanadi’.

---

[41] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанларындағы архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими», 1995, №3-4, 114-бет.
[42] Короглы Х.Г. Взаимосвязи эпоса народов Средней Азии, Ирана и Азербайджана. –М., «Наука», 1983, с.27.

«Sha’ryar» da’stani’nda Aqmari’ ji’lanni’n’ birese adam, birese ji’lan qa’lpine kelip, adamsha so’ylewi, A’njimge ja’rdem berip, unamli’ xarakterde su’wretleniwi to’temlik miflerdin’ ko’rinisi boli’p tabi’ladi’. Da’standa Aqmari’ musi’lman perisinin’ patshasi’ yetip su’wretlenedi. Da’standag’i’ Aqmari’ ji’lang’a unamli’ si’patlardi’n’ beriliwi de musi’lman dininin’ inani’mlari’nan bolsa bolsa kerek. Yekinshi bir ta’repten, da’standa Sha’ryardi’n’ tas boli’p qati’p qalg’annan keyin, qaytadan qa’lpine keliwine Aqmari’ ja’rdem yetedi. Mine, bular da totemizm qaldi’qlari’ boli’p tabi’ladi’.

Da’standa aydarhani’n’ keliwi menen du’beley boli’wi’, wolardi’n’ dem shegiwi dualistlik tu’siniklerdin’ qaldi’qlari’ boli’p yesaplanadi’. Mi’sali’, «Yedige» da’stani’nda «Quptanda dawi’l yesedi, keyninen adamni’n’ iyisin ali’p, shabi’tlani’p aqi’ri’nan jer qozg’aladi’. Aydarha dem shegip Nuratdinge umti’ladi’».[43]

Ja’ne de yertek ha’m da’stanlardi’ qi’zlar qurbanli’qqa beriledi. Aydarha qi’zlardi’n’ qurbanli’qqa beriliwi a’yyemgi qudaylarg’a qurbanli’qlar qi’li’w da’stu’rleri menen baylani’sli’ boli’p yesaplanadi’. Aydarha qanshelli yerteklik tu’s ali’p, qorqi’ni’shli’ maqluq bolmasi’n, wol adamzat aldi’nda mudami’ a’zzi kelip, jen’iliske ushi’raydi’. Bul jaqsi’li’qti’n’ jamanli’q u’stinen mudami’ u’stin keletug’i’nli’g’i’n si’patlaydi’. Uli’wma alg’anda aydarha yertek ha’m da’stanlarda qaharmanni’n’ bati’rli’g’i’n asa bo’rittiriw ushi’n xi’zmet atqaradi’.

[43] «Едиге». Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1990. (Қыяс Жыраў варианты) 371-бет.

## 2.2. Da’standag’i’ ayi’ri’m arxaikali’q motivler

Wa’liylik. Ha’zirde, buri’nda da xalqi’mi’z arasi’nda siyrekte bolsada ushi’rasatug’i’n keleshekti, ta’g’dirdi ha’m tag’i’ basqalardi’ aldi’n-ala shamalap boljawshi’ (da’l aytqanda da bolg’an), ko’zi ashi’q adamlar bolg’an. Da’standa turmi’sta ushi’rasatug’i’n bunday jag’daylar wo’zinin’ bir qansha fantastikali’q asi’ra su’wretlewin tapqan. Aldi’n-ala biliwshilik momentleri da’standa birneshe jerde ushi’rasadi’. Tu’nde so’ylesip woti’rg’an u’sh qi’z ishinde Gu’lshara: - Bir perzenttin’ dag’i’-zari’ ushi’n, alti’n taxti’nan tu’sip, yetek-peshini kesip, qa’lender si’pati’nda boli’p, Shahidarap patsha yetip barati’r, - deydi.

Bul jerde do’retiwshilik turmi’sta ushi’rasatug’i’n jag’daylardan asi’ra paydalani’w menen birge, wo’z qaharmani’n sezgir, ha’r qanday na’rseni tez bile alatug’i’n, ko’regen yetip su’wretlew ushi’n bunday motivten paydalanadi’.

…Tilla’ tug’i’r u’stinde,
Bir sun’qari’ bar yedi,
Gu’mis tug’i’r u’stinde,
Bir tuyg’i’ni’ bar yedi,
Sun’qar menen tuyg’i’ni’,
Ayaq bawi’n qi’yadi’…
… Aradan 24 ji’l wo’tken son’,
Sun’qari’ menen tuyg’i’ni’,
Ta’wellesiz tug’i’rg’a,
Wo’zi kelip qonadi’.[44]

Bul qatarlarda Shaxidarap patshani’n’ tu’s ko’riwi beriledi. Bunnan biz patshani’n’ a’piwayi’ adam yemes, al wol qanday da ka’ramatli’li’qqa iye, basqalardan ayi’ri’qshalaw insan yekenligin ayi’ri’p ko’rsetiw ushi’n qollani’lg’ani’n ko’remiz.

---

[44] Қарақалпақ фольклоры. XIII том. Нөкис, Қарақалпақстан, 1984, 28-29-бет.

Apsanawiy. Jahangir bul legendarli’q Sulayman patshanin’ ati. Bul at balalardi’n’ tui’lg’an ku’ninen baslap olarg’a g’amqorli’q etedi. Sha’ryar menen A’njimdi tawg’a o’ltiriwge aparg’anda <<Shalma xannin’ balasi’n, buzba xanni’n’ qalasi’n’, sendeylerdi jutpasam...>> dep baqi’ratug’i;n dawi’s Jahangirdin’ dawi’si’ edi. Balalrdi’ ma’stan kempir suwg’a apari’p taslag’anda wo’lmey qali’wi’na g’amxorli’q yetken Jahangir boladi’.Kiyik boli’p su’t emizedi. Olardi’ Darapsha akesi , Gu’lshara sheshesi menen ushrasi’wi’na ko’mek beredi. Sulaymanni’n’ adamsha so’ylep, barli’q waqi’tta da’stan qaharmanlari’na ha’r qi’yli’ tu’rde (mi’sali’, sho’l, qum, taw, tas, qa’lender h.t.b.) yenip, pa’rmana boli’p ju’retug’i’n Aspijahangir atti’n’ dan’qi’n ja’nede ko’teriw ushi’n:

- A’njimbisen’ sen?, - dedi.
Ko’riseyik kel, - dedi.
- Atan’ senin’ Darapsha,
Yenen’ senin’ Gu’lshara,
Ag’an’ senin’ Sha’ryar,
Xabar berdi Jahangir…
Wo’zin’ ati’n’ A’njim dep,

Qalenderdin’ tilegi, ko’rgenligi haqqi’nda:

…Bu’lbilgo’ya qushlardi’,
Muni’ balan’ alg’anday,
At qoyayi’n men, - dedi.
Bu’lbilgo’ya malaqush,
Tug’i’ri’nda sayrasi’n,
Sulayman mingen Jahanger,
Wol tiyinde woynasi’n,
Muni’ balan’ alg’anday,
At qoyayi’n men, - dedi.
…Ko’zinen g’ayi’p boldi’,

Qa’lender yendi shul zaman.

Usi’nday ushqi’r qi’yal menen toqi’lg’an bunday qatarlar arqali’ xalqi’mi’z wo’z perzentine sheksiz baxi’t, wo’mir joli’ndag’i’ qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’iwine wo’zlerinin’ hasi’l tilekleri tilep woti’rg’anli’g’i’na yamasa «jaqsi’ tilek jari’m i’ri’s» degen naqi’ldi’ sheberlik penen isletkeninin’ gu’wasi’ bolg’andaymi’z.

A’jayi’p tuwi’li’w. Bul qudani’n’ qu’direti. Bir kekili alti’nan, bir kekili gu’misten, basi’ alti’n, qoli’ mi’s, bir ul menen bir qi’z, ingalap jerge tu’sti.[45]

Bunday a’jayi’p ul-qi’zlardi’n’ tuwi’li’wi’ bolsa, xali’qti’n’ wo’z su’ygen qaharmanlari’n ha’dden ti’s giperbolizaciyalawi’, ten’i-tayi’ joq si’pati’nda su’wretlewge degen qushtarli’g’i’ sebepli boli’p woti’r.

Duwalaw. Da’standa bul motiv ayri’qsha wori’ndi’ iyelep, da’stan qaharmanlari’ni’n’ aldi’na u’lken qi’yi’nshi’li’qlardi’, ayrali’qlardi’, tosqi’nli’qlardi’ payda yetip, qarama-qarsi’li’qlardi’ ku’sheytiw menen birge alp tuwi’lg’an qaharmanlardi’n’ yerligin ja’ne de asi’ra ko’rsetiw menen birge keyninde wolarg’a boysi’ni’p, xi’zmet yetedi.

Mi’sali’: A’njimnen jen’ilgen Bu’lbilgo’ya wo’z yerkin berip, ha’r qanday xi’zmetine tayar turadi’. Al a’psanawiy Aspijahangir da’wdin’ awzi’ndag’i’ Sulaymanni’n’ ju’zigin ali’w ushi’n birese sonag’a, birese qarshi’g’ag’a aylani’p, qaharmanni’n’ keleshek maqsetlerinin’ iske asi’wi’na ja’rdem yetedi.

Ma’stan kempir. Du’nya xali’qlari’ shi’g’armalari’nda yen’ bir unamsi’z qaharmanlardi’n’ biri.

Wol ha’mme waqi’tta bas qaharmanlarg’a qarsi’ isletilip, wo’zinin’ ja’digo’yligi menen qaharmanlardi’n’ «ayag’i’nan shali’p» woti’radi’.

Ma’stan kempir obrazi’ arqali’ xali’qti’n’ shi’g’armani’ qi’zi’qli’ yetip bayanlawi’ ushi’n, qaharmanlardi’n’ keyini quwani’shli’, basi’nan keshiretug’i’n qi’yi’nshi’li’g’i’n ha’dden ti’s asi’ri’p ko’rsetiw ushi’n xi’zmet yetetug’i’n «ju’zi qansi’z, wo’zi iymansi’z, toppi’si’ tozg’an, yeki birdey dizesi,

---

[45] Сонда… 25-бет.

qulag'i'nan wozg'an, shandi'ri' tastay, ko'zi ma'shtey» unamsi'z obraz boli'p tabi'ladi'. Wol Sha'ryar menen A'njimnin' qi'yi'nshi'li'qlarg'a ushi'rasi'wi'na, waqi'yalardi'n' shennen ti's shiyelenisiwine wo'zinin' ku'shli ta'sirin tiygizip, bas qaharmanlarg'a qarsi' isletilip woti'radi'.

Ha'zireti Qi'zi'r (Qi'di'r). Bas qaharmanlarg'a barli'q waqi'tta pa'rmana boli'p wolardi'n' awi'ri'n jen'illetip, adasqanda jol ko'rsetip, Sha'ryar tas boli'p qalg'anda ati'n jeteklep Yemen jurti'na ali'p keletug'i'n, qi'si'lg'anda qol ushi'n sozatug'i'n ma'n'gi tirishilik iyesi – Rux.

Qara qi'sqa ha'm Aspijaxangir at. Ha'r qanday bati'rdi'n' qol-qanati', si'rlasatug'i'n si'rlasi', ken'esgo'yi. Sha'ryardi'n' Qara qasqa ati' da adamday so'yley almasa da A'njimge Sha'ryardi'n' tas boli'p qalg'ani' i'm menen jetkeredi. Al a'psanawiy Aspijaxangir Sha'ryardi'n', A'njimnin' yen' bir jaqi'n tuwi'sqani', ata-ana worni'na xi'zmet yetetug'i'n ayi'ri'qsha fantastikali'q tulg'a.

Wol da'standa sheber fantastikali'q su'wretleniwin tapqan, qi'yali'y woydi'n' yen' biyik shi'n'i'.

Aq Mari' ha'm Ko'k Mari'. Bulardi'n' biri musi'lman perilerinin' al, yekinshisi ka'pir perilerinin' patshasi' boli'p su'wretlengen. Da'standa bunday qi'yali'y-fantastikali'q qaharmanni'n' ko'riniwi, Aq mari'ni'n' jer asti' patshasi' yeken, dep su'wretleniwi diniy ug'i'mlarg'a iseniwden, adamzattan basqa jer asti'nda ha'm aspanda tirishlik bar shi'g'ar dep shamadan ha'm da'stan qaharmani' A'njimnin' aldag'i' izgi niyetlerinin' unamli' iske asi'wi'na sebepker tabi'w niyetinen do'regen bolsa kerek. Wo'ytkeni, A'njim Yemenshani'n' ayti'wi', jol-joba beriwi menen Aspijaxangirdi boysi'ndi'radi'. Bul jerde «jaqsi'li'qqa jaqsi'li'q» principi jaqsi' isletiledi.

Periler, da'w periler. Bul haqqi'nda xalqi'mi'z arasi'nda ko'plegen yertek, da'stanlarda so'z yetiledi. Wolar ko'pshilik jag'daylarda ilahida azada, pa'k, bilimdan hali'nda su'wretlenip, adamzat penen jaqsi' qari'm-qatnasta boli'p su'wretlenedi. Wolardi'n' ma'kani' negizinen suwda dep ayti'ladi'. Da'standa

suw atasi’ Sulayman yeki birdey alp tuwi’lg’an na’restelerge «suw za’lelin tiygizbey, bali’q kibi tuwlati’p» sarhawi’zda saqlaydi’. Xalqi’mi’z bul wori’nda bunday fantaziyali’q obrazlardi’ alp tuwi’lg’an na’restelerge suwdi’n’ da, sho’ldin’ de, ko’ktin’ de yar boli’p, wolardi’n’ Aman qali’wi’na tilekleslik bildirip, ja’rdem qollari’n sozg’anli’g’i’n, qaharmanlardi’n’ hasi’l-zadali’g’i’n da’liylemekshi boladi’. Al, da’wperiler bolsa qaharmanlardi’n’ bati’rli’g’i’, bilimdanli’g’i’ arqasi’nda sonday qu’diretli maqluqlardi’ bag’i’ndi’ra alg’anli’g’i’n, xi’zmetine taq turg’i’zg’ani’n ko’rsetip, qaharmanni’n’ ma’rtebesinin’ joqari’ yekenligin ko’rsetiw ushi’n woydan shi’g’ari’lg’an qu’diretli qi’yali’y-fantastikali’q maqluqlar boli’p yesaplanadi’.

Bu’lbilgo’ya malaqush. Asa ku’shli duwaxan, menmen obraz boli’p, wol wo’zinin’ juwhali’li’g’i’, ko’z boyawshi’li’g’i’ menen Sulaymanni’n’ tilsimi qalasi’na ashi’q bolg’an neshe mi’n’ adamzatti’ «kindiginen baylap, tas yetip qoyadi’». Usi’nday qu’diretke iye Bu’lbilgo’ya haq isine ta’wekelshi «jalg’i’z qanalasi’nan ayi’ri’li’p, segbir tartsa da hesh bir moyi’maytug’i’n A’njim ismi ag’zam duwasi’n jan’i’li’spay ayti’wi’ na’tiyjesinde «ha’kke kibi jorg’alati’p» ayag’i’ni’n’ asti’na ali’p keldirip, jen’iske yerisedi. Wo’mir mektebinin’ ne bir qi’yi’nshi’li’qlari’nan ma’rdana wo’tken dana xalqi’mi’z «Kemliktin’ kemali’ bar, menmenliktin’ zawali’ bar», «Aydi’n’ jarti’si’ qaran’g’i’ bolsa, jarti’si’ jari’q bolar» degen hikmetli so’zlerdi qi’yali’y-fantastikali’q jaqtan sheberlik penen isletip, wo’z qaharmanlari’n ko’kke ko’teredi.

Da’w aydarha, inis-jinis maqluqlar. Ha’r qanday jag’dayda qaharmanni’n’ joli’nda tosqi’nli’qlar, ja’birler ko’rsetiw ushi’n xi’zmet yetedi. Bul maqluqlardi’ keltiriw arqali’ da’stan qaharmanlari’ni’n’ qu’diretliligi, bilimdanli’g’i’, sonday-aq wolarg’a qarsi’ isletiletug’i’n, ismi ag’zam duwasi’, ju’ziktin’ si’yqi’rli’li’g’i’ ja’ne de ku’sheytiledi. Da’standa wolar Sha’ryar ha’m A’njimge wonsha ko’p qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’ra almaydi’. Xi’zmetinde taq turadi’.

Baxi’t qusi’. Jer-ko’ktegi ba’rshe a’dilliktin’ biyik shi’n’i’. Xalqi’mi’z woni’n’ g’a’letsiz a’dilligine boysi’nadi’. Wol ilahiyda bir dana xali’qti’n’ qa’dir-qi’mbati’n, zari’n tu’sinetug’i’n, barli’q waqi’tta japakeshke, ja’birkeshke, neshe ji’llap tog’ayda qoy baqqan shopang’a, ha’r qanday qi’yi’nshi’li’qqa moy bermey, wo’mir ushi’n ti’ni’msi’z gu’res ju’rgizgen insanlarg’a yen’ keyninde baxi’t keltiredi. Dana xalqi’mi’z tuwi’lg’an minuti’nan baslap, wo’mirdin’ qi’si’wmetin ko’rgen, japadan-jeksiz zuli’mli’qtan ti’rnag’i’na sazawar bolg’an qaharmani’ Sha’ryardi’n’ basi’na qoni’p, jeti jurtqa patsha-Sha’ryar alam yetedi.

# III Bap. III Bap. «Mun’li’-Zarli’q» da’stanɁnɁn’ syujeti h’a’m eposlardag’i’ qaharmanlar obrazi’ni’n’ miflik erteklik ta’biyati’

## 3.1. «Mun’li’-Zarli’q» da’stanɁnɁn’ syujetlik o’zgesheligi

«Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ xali’q turmi’si’ni’n’ ha’r qi’yli’ tarawlari’n su’wretleytug’i’n iri da’stanlardi’n’ biri. Bul da’stan qaraqalpaq xalqi’ arasi’nda ju’da’ ken’nen ji’rlang’an. Bu’gingi ku’nde «Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ni’n’ qaraqalpaqsha versiyasi’nan bizge Karam ji’raw varianti’ g’ana ma’lim. Da’stanni’n’ basqa ji’rawlar atqarg’an variantlari’ bolg’an, biraq jazi’p ali’nbag’an. Da’stanni’n’ Karam ji’raw varianti’ 1952-ji’li’ jazi’p ali’ng’an. Wol bul da’standi’ belgili Turi’mbet ji’rawg’a sha’kirt boli’p ju’rip u’yrengen. Da’stanni’n’ kemis jerlerin wo’zi toli’qti’rg’an.

«Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ni’n’ qaraqalpaqsha versiyasi’ uli’wma syujetlik mazmuni’ ta’repinen qazaqsha Ju’sipbek Xoja varianti’ sali’sti’ri’p qarag’ani’mi’zda bir qatar uqsasli’qlardi’ ushi’ratami’z. Uli’wmali’q syujet yeki xali’q versiyasi’nda da birdey boli’p keledi. Bul yeki versiyada da waqi’yalardi’n’ izbe-izligi, ayi’ri’m epizodlar, da’standag’i’ qaharmanlar bir-birine ku’ta’ jaqi’n. Ma’selen, Sanjarxanni’n’ (qazaqsha Shanjarxan) perzentsiz boli’p, qi’ri’q qati’nni’n’ u’stine yelden zorlap qi’z ali’wg’a uri’ni’wi’, bali’qshi’ Shawdi’rbaydi’n’ (qazaqsha Jawdi’r shal) jalg’i’z qi’zi’ Qanshayi’mdi’ xang’a beriwge razi’ boli’wi’, qali’n’ mal ushi’n apari’lg’an ko’z qaltag’a xan g’a’ziynesinin’ tolmawi’, Qanshayi’mni’n’ xang’a hayal boli’wi’, woni’n’ bir ul, bir qi’zdi’ du’nyag’a keltirip wog’an xanni’n’ qati’nlari’ni’n’ yetken jamanli’g’i’ Qanshayi’mnan tuwi’lg’an Mun’li’q penen Zarli’qti’ wo’ltiriwge uri’ni’wlar, na’restelerdin’ qula du’zde qali’p, woni’ kiyiktin’ asi’rawi’, balalar yerjetkennen keyin a’kesi menen ushi’rasi’wi’, jamanli’q woylag’anlardi’n’ jazalani’wi’ si’yaqli’ waqi’yalar bir-biri menen sa’ykes kelip woti’radi’.

Da’standa waqi’yalardi’n’ bir-birine jaqi’n boli’wi’ menen bir qatar bul yeki versiyada bir-birinen ayi’ri’latug’i’n u’lken ayi’rmashi’li’qlar da ken’ wori’n alg’an. Bunday ayi’rmashi’li’q «Alpami’s», «Qoblan» da’stanlari’ni’n’ qazaqsha, wo’zbekshe, qaraqalpaqsha versiyalari’ arasi’nda wo’zgesheliklerdey boli’p ko’zge taslanadi’. Ma’selen, «Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ni’n’ qazaqsha versiyasi’nda Shanjanxanni’n’ perzentsizligi sebepli a’wlielerdi aralap qudaydan perzent tilewi, tu’sinde Qi’zi’r-İlyas pirdi ko’rip, perzentli bolatug’i’nli’g’i’ tuwrali’ waqi’ya qaraqalpaqsha versiyasi’nda ushi’raspaydi’. Wonda waqi’ya Sanjarxanni’n’ perzentsizligi sebeinen yelden qi’ri’q qati’nni’n’ u’stine Qanshayi’mdi’ hayali’qqa ali’w waqi’yasi’nan baslanadi’.

Sonday-aq, da’standa Zarli’q penen Mun’li’qti’n’ yerjetkennen keyingi basi’nan keshirgen qi’yi’nshi’li’qlari’, wolardi’n’ ata-anasi’na ushi’rasi’wi’ tuwrali’ waqi’yalar yeki versiyada yeki basqa. Mi’sali’, qazaqsha versiyasi’nda Zarli’q yerjetkennen keyin wog’an jamanli’q islew Shanjarxanni’n’ alpi’s qati’ni’ menen ma’stan kempir arqali’ bolsa, qaraqalpaqsha versiyasi’nda bul waqi’ya pu’tkilley basqasha so’z boladi’. Qaraqalpaqsha versiyasi’ndag’i’ Zarli’qti’n’ Ku’lmesxang’a ushi’rasi’wi’, Quralayg’a u’yleniwi, Sari’da’wdi Quralaydi’n’ ja’rdemi menen Zarli’qti’n’ jen’iwi, Mun’li’qti’ qutqari’wi’. Zarli’q ha’m Mun’li’qti’n’ ata-anasi’na ushi’rasi’wi’ haqqi’ndag’i’ waqi’yalar qazaqsha versiyasi’nda qi’sqa ha’m basqasha so’z yetiledi. Qaraqalpaqsha versiyasi’ndag’i’ Qanshayi’mni’n’ basi’nan wo’tken qi’yi’nshi’li’g’i’, wog’an Bayto’re shopanni’n’ jaqsi’li’g’i’, Mun’li’q penen Bayto’renin’ qosi’li’w waqi’yasi’ qazaqshada ushi’raspaydi’.

Usi’ni’n’ menen qatar «Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ni’n’ qazaqsha ha’m qaraqalpaqsha versiyalari’nda ko’lemi ha’m tekstleri arasi’nda da u’lken wo’zgesheliklerdi ko’remiz. Bul da’stanni’n’ qazaqsha yen’ ko’lemi ha’m ko’rkemligi ku’shli dep yesaplang’an Ju’sipbek xoja varianti’ 2300 qosi’q qatarlari’ menen qara so’zden ibarat bolsa, qaraqalpaqsha Ka’ram ji’raw varianti’ 8500 qosi’q qatari’nan turadi’. Qazaqsha versiyasi’nda qosi’q tekstleri

7-8-buwi’nli’ terme-tolg’aw u’lgisinde boli’p kelse, qaraqalpaqshada 7-8-buwi’nli’ terme-tolg’awlar, 8 ha’m 11 buwi’nli’ qosi’qlar menen beriledi.

Bulardan ti’sqari’ da’stanni’n’ ha’r xali’qtag’i’ versiyalari’nda sol xali’qti’n’ wo’zine ta’n milliy wo’zgesheligi menen de ayi’ri’li’p turadi’. Bunday ayri’qshali’q belgilerdi da’standa su’wretlenetug’i’n toy beriw da’stu’rlerinde, xali’qti’n’ turmi’s-tirishiligin su’wretleytug’i’n wori’nlari’nda, kiyimlerinde, bir-biri menen so’ylew qatnasi’qlari’nda ayqi’n ko’remiz.

«Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ xali’qti’n’ ku’ndelikli social-turmi’s ma’selelerin so’z yetetug’i’n «Sha’ryar», «Shiyrin Sheker», «Qanshayi’m», «Men’liqal» si’yaqli’ da’stanlar topari’na kiredi. A’sirese bul da’stan «Sha’ryar» da’stani’na syujetlik mazmuni’, waqi’yalari’, kompoziciyasi’ jag’i’nan ku’ta’ jaqi’n. Yeki shi’g’armada da patshalardi’n’ perzentsizligi, balali’ boli’p, wog’an patshani’n’ basqa hayali’lari’ni’n’ jamanli’q yetiwi, na’restelerdin’ qi’yi’nshi’li’q ko’riwi, son’i’nan ata-analardi’n’ balalari’ menen qosi’li’wi’, gu’nali’lardi’n’ xali’q aldi’nda shermende boli’p jazalani’wi’ si’yaqli’ motivler birdey boli’p keledi. Biraq yeki shi’g’armadag’i’ bunday uli’wma syujetlik birlik ha’r shi’g’armada wo’zinshe u’lken ayi’rmashi’li’q penen bayan yetiledi. Usi’g’an qarag’anda bul da’stanlardi’n’ shi’g’i’si’ bir boli’wi’ da mu’mkin. Bir neshe ju’z ji’llar dawami’nda qaraqalpaq ji’rawlari’ ta’repinen wol da’stanlar jetilistirilip, yeki da’stang’a aylani’p barg’an ha’m xali’qti’n’ shi’n ma’nisindegi ko’rkem poeziyasi’ni’n’ u’lgisi bolg’an.

«Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ni’n’ waqi’yasi’ Worta Aziyadag’i’ geypara tu’rk xali’qlari’ni’n’ yele wo’z aldi’na xali’q boli’p ayri’lmag’an Nog’ayli’ da’wirin ko’z aldi’mi’zg’a yelesletedi. Wondag’i’ xali’qti’n’ turmi’s tirishiligi, feodalli’q qari’m-qatnaslar, feodallar arasi’nda jawlasi’wlar ha’m basqa da da’standag’i’ su’wretlenetug’i’n uri’wlar arasi’ndag’i’ waqi’yalar usi’ pikirge ali’p keledi. Ma’selen, da’stanni’n’ qazaqsha versiyasi’nda «Buri’ng’i’ wo’tken zamanda, Din musi’lman amanda, Won san Nog’ay yelinde, Shanjarxan atli’ xani’ bar» dep baslansa, qaraqalpaqsha versiyasi’nda: «Buri’ng’i’ wo’tken

zamanda, sol zamanni'n' qa'diminde, Basi' pispey bas-bas bop, Nog'ayli'dan ayri'li'p, Ult-ult boli'p sanali'p, Ayri'li'p shi'qqan jerinde», - dep baslanadi'. Sonday-aq, qaraqalpaqsha versiyasi'nda Ku'lmesxan qi'rg'i'zlardi'n' xani' boli'p su'wretlenedi. XIV-XV a'sirlerde payda bolg'ani'na da'rek berip turadi'. Usi'ni'n' menen birge bul da'standi' tek XIV-XVa'sirlerde g'ana payda bolg'an dep kesip ayti'wg'a bolmaytug'i'n da jag'daylar bar. Da'standag'i' ushi'rasatug'i'n da'wler, qullar, adamlardi'n' duwani'n' ku'shi menen ha'r tu'rli haywang'a aynali'wi' ha'm tiriliwi si'yaqli' waqi'yalar worta a'sir da'wirinen buri'ng'i' uzaq waqi'tlardi' wo'z ishine qamti'ydi'. Sonday-aq, da'standa qaraqalpaq xalqi'ni'n' revolyuciyag'a deyingi turmi's tirishiligin ko'z aldi'n'a keltiretug'i'n waqi'yalar da (Shawdi'rbaydi'n' bali'qshi'li'q turmi'si', Qanshayi'mdi' uzati'w ha'm tag'i' basqa) ushi'rasadi'. Usi'lardi' esapqa alg'anda bul da'stan uzaq da'wirlik waqi'yalardi' wo'z ishine qamti'g'an xali'qli'q da'stan yekenin belgileydi.

«Mun'li'q-Zarli'q» da'stani'nda worta a'sirlerdegi ideologiyag'a ta'n bolg'an, azap ko'rgenler qashan bolsa da baxi'tqa yerisedi» degen ideya basli' wori'nda turadi'. Da'stanni'n' basli' ideyasi' da usi' ma'sele a'tirapi'nda baradi'. Woni'n' tiykarg'i' ideyasi' - basqa qaraqalpaq da'stanlari'ndag'i'day a'dillik penen a'dilsizlikti, adamgershiliktin' qara ku'shler u'stinen jen'iske yerisiwinen ibarat. Bul ideya da'standag'i' bir-birine qarama-qarsi' bolg'an yeki topardag'i' adamlardi'n' waqi'yag'a aralasi'wi', waqi'yani' shiylenistiriwi, woni'n' azap ko'rgenler paydasi'na sheshiliwi arqali' suwretlenedi. «Mun'li'-Zarli'q» da'stani'nda da «Sha'ryar», «Shiyrin-Sheker», «Qanshayi'm» da'stanlari' si'yaqli' socialli'q turmi's ma'selelerin su'wretlew basli' wori'nda turadi'. Feodalli'q zamanda u'stem toparlardi'n' ko'p qati'n ali'wshi'li'g'i', qati'nlar arasi'ndag'i' ku'ndeslik, birew-birewin ko're almawshi'li'q ma'selelerinin' da'standa qoyi'li'wi'-usi' ku'ndelikli turmi's waqi'yalari'n belgilep beredi. Da'stanni'n' tiykarg'i' waqi'yasi' da, woni'n' shiyelenisiwi de, aqi'ri'nda waqi'yani'n' azap ko'rgenler paydasi'na sheshiliwi de, da'standa

ha’reket yetetug’i’n qaharmanlardi’n’ obrazi’ni’n’ ashi’li’wi’ da usi’ tiykarg’i’ waqi’ya a’tirapi’nda beriledi.

«Mun’li’q-Zarli’q» da’stani’nda ha’reket yetetug’i’n personajlardi’ yeki toparg’a bo’liwge boladi’». Wolardan unamli’ qaharmanlar obrazlari’na Zarli’q, Mun’li’q, Qanshayi’m, Ku’lmesxan, Quralay, Tamma ha’m Sultan wa’zir, Bayto’re shopanlar kirse, unamsi’z qaharmanlar obrazlari’na xanni’n’ qi’ri’q qati’ni’, Qulma’stan, Qodarqul, Sari’da’w si’yaqli’lar kiredi. «Sha’ryar» da’stani’ si’yaqli’ «Mun’li’-Zarli’q» da’stani’nda da Sanjarxan obrazi’ qospali’ (unamli’ unamsi’z) yetip beriledi.

Da’stanni’n’ tiykarg’i’ qaharmanlari’ni’n’ biri bolg’an Zarli’q obrazi’nda ko’binshe turmi’sli’q ha’m miflik momentler wori’n alg’an.

Zarli’qti’n’ obrazi’nan u’lken adamgershilikti, yerju’reklilikti, a’dillikti ko’rip woti’rami’z. Woni’n’ obrazi’ wog’ada qospali’. Da’standi’ ti’n’lawshi’ Zarli’qti’n’ qi’yi’nshi’li’qlari’na tilekleslik sezimde boladi’. Bul obraz «Sha’ryar» da’stani’ndag’i’ Sha’ryar obrazi’na qarag’anda birqansha gu’miljilew beriledi. Wonda qaharmanli’q, ilimdi u’yreniw ha’m wonnan paydalani’w si’yaqli’ miflik momentler ushi’raspay, qi’yi’nshi’li’qlardan quti’li’w, maqsetine jetiw – pirlerdin’ ha’m basqa da qaharmanlardi’n’ ja’rdemi menen boladi’.

Da’standag’i’ Mun’li’q obrazi’ da Zarli’q obrazi’na jaqi’n. Bul obrazda feodalli’q u’rp-a’detlerge ta’n bolg’an hayal-qi’zlardi’n’ ten’sizligi, wo’zinshe ha’reket yete almawshi’li’g’i’, ta’g’dirge qayi’l boli’wshi’li’g’i’ si’yaqli’ ha’lsizlik momentler bar. Sonday-aq, Mun’li’ obrazi’nda ana ta’g’dirine qi’ynali’w, atasi’na qarsi’li’q ko’rsetiwshilik te ushi’rasadi’. Mi’sali’, Mun’li’qti’n’ anasi’ Qanshayi’mdi’ tapti’ri’wg’a ha’reket yetiwi bug’an da’lil.

«Mun’li’-Zarli’q» da’stani’ndag’i’ basli’ obrazlardan biri Sanjarxan obrazi’. Bul obraz da’standa tiykarg’i’ ori’ndi’ iyelep, ha’r ta’repleme su’wretleniwin tapqan. Sanjarxan obrazi’nda unamsi’z ta’repler de, sonday-aq unamli’ ta’repler de berilgen. Unamsi’z ta’repleri – woni’n’ yelge zuli’mli’q

ko’rsetiwi, xali’qtan zorlap ko’p qati’n ali’wshi’li’g’i’, wo’zine boysi’nbag’anlardi’ ayamay jazag’a tarti’wi’. Al bul obrazdag’i’ unamli’ momentler – woni’n’ perzentsizligini, perzentli bolg’annan keyin woni’n’ dag’i’na tu’sip, perzentke degen woni’n’ su’yiniwshiligi. Sonday-aq, bul obrazda dosti’n’ qa’dirin biliw, yeldin’ paraxatshi’li’g’i’n woylaw, ko’rkem yetip su’wretlenedi.

Da’standa Qanshayi’m obrazi’ ku’shli do’retilgen. Bul obraz «Sha’ryar» da’stani’ndag’i’ Gu’lshara obrazi’ menen birdey. Qanshayi’m – suli’w ha’m aqi’lli’ hayal. Wog’an ushi’rasqan awi’r ta’g’dir, bul qi’yi’nshi’li’qlardan quti’li’w ha’reketleri – woni’n’ obrazi’ni’n’ yen’ xarakterli belgilerin ko’rsyetip turadi’. Qanshayi’m - wo’z Yerine su’ttey aq, hadalli’g’i’ menen ha’reket yetetug’i’n hayal. Bul obraz qaraqalpaq folklori’ndag’i’ yen’ jaqsi’ obrazlar qatari’nan wori’n aladi’.

Da’standa ha’reket yetetug’i’n Quralay obrazi’ jaqsi’ su’wretlengen. Quralay-aqi’lli’, ma’rt, bilimli qi’z. Mun’li’qti’ Sari’da’wden qutqari’wda Zarli’qqa u’lken ja’rdemshi. Sari’da’wdi jen’iwdegi aqi’lli’li’g’i’, bilimliligi, bati’rli’g’i’ buni’n’ basli’ da’lili. Sonday-aq, wol wo’zinin’ su’ygen yari’na wopadar.

Da’standa ushi’rasatug’i’n Tamma ha’m Sultan wa’zir, Ku’lmesxan obrazlari’ da adamgershilikli, dosqa qi’yanet woylamaw qa’siyetleri menen ko’zge taslanadi’. Wolar wo’zlerinin’ basli’ qaharmanlarg’a ja’rdem beriw ha’reketleri menen ko’zge ko’rinedi.

«Mun’li’-Zarli’q» da’stani’nda shopan Bayto’renin’ obrazi’ belgili da’rejede di’qqat awdaradi’. Bayto’re – hadal Jan. Qanshayi’mg’a ayanbay xi’zmet isleydi. Wol jaslayi’nan jasqanshaq boli’p wo’sken, Mun’li’ti’ wog’an qosi’wg’a barg’a xan jasawi’llari’nan woni’n’ qashi’wi’ usi’ pikirdi da’lilleydi.

Da’standa unamsi’z qaharmanlardan xanni’n’ qi’ri’q qati’ni’ni’n’ obrazlari’ ku’ta’ wo’tkir berilgen. Wolardi’n’ obrazi’nda wo’sekshil, ku’ndeslik, zuli’mli’q, ma’kkarli’q si’yaqli’ jaman qa’siyetlerdin’ ba’ri de toplang’an.

A’sirese, bul qati’nlardi’n’ obrazlari’nda ku’ndeslik ma’selesi basli’ wori’nda turadi’. Qi’ri’q qati’nni’n’ Qanshayi’mg’a, na’restelerge islegen jamanli’qlari’ da’standag’i’ waqi’yalardi’n’ shiylenisiwine sebepshi bolg’an.

Da’standag’i’ Qulma’stan menen Sari’da’w obrazlari’ jamanli’q penen zuli’mli’qti’n’, unamli’ qaharmanlardi’n’ joli’na tosqi’nli’q yetiwshi qara ku’shler si’pati’nda su’wretlenedi.

Da’stanni’n’ tili xali’qti’n’ so’ylew tili tiykari’nda, tu’sinikli ha’m ko’rkem berilgen. Bul da’standa da qaraqalpaq xalqi’ni’n’ basqa da’stanlari’ si’yaqli’ tradiciyali’q su’wretlewler, qaharmanlardi’n’ portretin ko’rkem yetip ashi’p beriw, sali’sti’ri’wlar, epitetler toli’p ati’r. Bul jag’day da’stanni’n’ xali’q tilinin’ bayli’g’i’n, ko’rkemligin wo’z ishine qamti’g’anli’g’i’nan da’rek berip turadi’.

## 3.2.Qaraqalpaq eposlari’ndag’i’ qaharmanlar obrazi’ni’n’ miflik erteklik ta’biyati’

Qaraqalpaq eposlari’nda wori’n alatug’i’n geypara miflik elementler yeski mifologiyali’q ta’sirden payda boli’p, eposti’n’ qurami’na aji’ralmas da’rejede yenisip ketken. Ko’pshilik qaraqalpaq eposlari’ni’n’ mazmuni’na ser sali’p qarasaq, woni’n’ baslani’wi’nan-aq miflik si’pat iyeleytug’i’nli’g’i’n ko’remiz. Ma’selen «Yedige» da’stani’nda Yedige kepter kebindegi peri qi’zdan tuwi’ladi’. Mine, bunday wo’zlerinin’ ata-teklerin an’-quslarg’a apari’p ushlasi’ti’ri’w to’temlik miflerdin’ ko’rinisi boli’p tabi’ladi’.

«To’temlik dinler islamg’a deyingi budparast arablarda bolg’ani’ si’yaqli’ Worta Aziya xali’qlari’ arasi’nda da bolg’an. Woni’n’ qaldi’qlari’ ha’tte, islam wornag’annan keyin de wo’mir su’riwin toqtatpag’an. Bul ideologiya bolsa wo’z gezeginde wo’zine i’layi’q ruwxi’y du’nyani’ – mifti keltirip shi’g’arg’an».[46] Mine, bunday quslarg’a to’temlik si’pat beriw da’stu’rlerinin’ ko’rinisi «Yedige» da’stani’nda da saqlani’p qalg’anli’g’i’n ko’remiz.

«Qoblan» da’stani’nda Qoblanni’n’ anasi’ Bozkempir jolbari’sti’n’ ju’regine jerik boladi’. «Ma’spatsha» da’stani’nda da usi’ detal qaytalanadi’. Mine, bulardi’n’ barli’g’i’ aqi’ldan do’regen qi’yallar arqali’ jasalg’an epizodlar. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi, qaysi’ bir da’standi’ ali’p qaramayi’q woni’n’ qaharmanlari’ basqalardan pu’tkilley basqasha, ayri’qsha yetip ko’rsetiledi. Bul qaraqalpaq eposlari’ndag’i’ sha’rtli qubi’li’s boli’p tabi’ladi’. Biz joqari’dag’i’ ko’rip wo’tken epos qaharmanlari’nda sol sha’rtlilikti ju’zege shi’g’ari’w ushi’n joqari’dag’i’da miflik si’patlar berilgen.

«Sha’ryar» da’stani’na kelsek, wondag’i’ qaharmanlardi’n’ tuwi’li’wi’ pu’tkilley basqasha. Sha’ryar menen A’njim bir kekili alti’n, bir kekili gu’misten, basi’ alti’n, qoli’ mi’s boli’p tuwi’ladi’. Birinshiden, bunday tan’ qalarli’q yerteklik tuwi’li’w ko’pshilik qaraqalpaq da’stanlari’na ta’n na’rse,

---

[46] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими». №3-4, 1995, 108-бет.

yekinshiden, balalardi’n’ bunday ka’ramatli’ tuwi’li’wi’na dinnin’ de ta’siri ko’rinedi. Sebebi, bul a’jayi’p qubi’li’s «bir qudani’n’ qu’direti» menen baylani’sti’ri’ladi’. Sha’ryar menen A’njim suwg’a taslang’anda da wo’lmey aman jasay beredi. «Suw atasi’ Sulayman suw za’lelin tiydirmey, bali’q kibi tuwlati’p, balalardi’ saqlay beredi»[47].

Qaharmanlardi’n’ bunday ha’dden ti’s qu’diretli boli’wi’ni’n’ tiykarg’i’ sebebi – bul da’standi’ do’retiwshilerinin’ yaki yen’ da’slepki atqari’wshi’lari’ni’n’ qaharmanlar ta’repinde turi’p, wolardi’n’ ma’pleri ushi’n ushqi’r qi’yali’ni’n’ na’tiyjesinde do’regen boli’wi’ kerek. Yekinshi ta’repten balalardi’n’ suw asti’nda aman ju’riwi Sulayman payg’ambardi’n’ ati’ menen baylani’sti’ri’ladi’.

Sulayman diniy inani’m boyi’nsha du’nyani’n’ asti’n, u’stin sorag’an, haywanlarg’a da, jinge, shaytang’a, perilerge, da’wlerge, quslarg’a uli’wma janli’ maqluqlardi’n’ ha’mmesinin’ hu’kimdari’ bolg’an. Da’standa balalardi’n’ suw asti’nda wo’lmey aman jasawi’ usi’nday diniy isenimlerdin’ ta’sirinen bolsa kerek.

«Sha’ryar» da’stani’nda A’njim menen Sha’ryar kiyikten, al «Yedige» da’stani’nda Yedige shori’ su’ti menen awi’zlanadi’. A’njim menen Sha’ryardi’n’ kiyikten awi’zlani’w detali’n totemizm dep baha beriwimiz kerek.

Degen menen biz Yedigeni shori’ni’n’ yemiziwi detali’n bul miflik sana, totemizm qaldi’qlari’ menen baylani’sti’ri’wg’a haqi’mi’z joq. Bul jerde ji’rawlar miflik sana boyi’nsha yemes, poetikali’q maqsetke bola bul detaldi’ qollang’an. Bul detaldi’n’ ali’p ju’rgen poetikali’q ju’gi Yedige menen Qara ti’yi’n Ali’pti’n’ woq ati’w epizodi’nda ayqi’n ko’zge taslanadi’. Ji’rawlar Yedigenin’ atqan wog’i’ni’n’ Qara ti’yi’n Ali’pti’n’ atqan wog’i’nan yeki su’yew kem keliwin shori’ su’tin yemgenliginen dep yesaplaydi’. Ji’rawlar Yedigenin’ miyrimsizligin de usi’ shori’ su’tin yemiw (jaqsi’ a’dep-ikramg’a jaman a’dep-ikramdi’ qosi’p jiberiw) detali’na apari’p ushlasti’radi’.

[47] Қарақалпақ фольклоры. XIII том, «Шәрьяр». -Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1984, 26-бет.

Yendi qaharmanlarg’a at qoyi’w ma’selesine keletug’i’n bolsaq wolardi’n’ atlari’n qoli’na si’rli’ hasa uslag’an, g’ayi’ptan tayi’p ha’zir bolg’an bir qa’lender pir qoyi’p, ko’zden g’ayi’p boladi’. «Qoblan», «Ma’spatsha», «Sha’ryar» da’stanlari’nda balalardi’n’ atlari’n Qi’zi’r İlyas piri qoyadi’. Demek, balalarg’a at qoyi’li’wi’ motivinde de dinnin’ ta’siri ayri’qsha ko’rinedi. Al, «Yedige» da’stani’nda balani’n’ ati’r Qi’zi’r İlyas piri qoyi’w detali’ ushi’raspaydi’.

«Sha’ryar» da’stani’nda dinnin’ ta’siri ko’plep ushi’rasi’p woti’radi’. Ma’selen, Sha’ryardi’n’ Bu’lbilgo’yadan jen’ilip qati’p qali’wi’, A’njimnin’ Bu’lbilgo’yani’ duw ayti’p jen’iwinde dinnin’ ta’siri ko’rinip turadi’. Adamni’n’ tasqa yamasa basqa na’rselerge aylani’p ketiwi allani’n’ isi, qudaytalani’n’ qu’direti dep yesaplang’an. Al, Sha’ryardi’n’ qayta adam qa’lpine keliwi da’standi’ do’retiwshiler menen ti’n’lawshi’lardi’n’ du’nya tani’wi’, diniy isneimleri menen baylani’sli’ bolg’anli’qtan wonda «duwa» tu’siniginin’ qosi’lg’anli’g’i’n ko’riwge boladi’. Da’standa Sha’ryardi’n’ tas boli’p qati’p qali’wi’ ha’m qaytadan adam qa’lpine keliwi adamlardi’n’ yeski magiyali’q isenim so’zdin’ ku’shi «duwa» si’yqi’r menen a’melge asi’ri’ladi’.

«Yedige» da’stani’nda so’zdin’ magiyali’q si’yqi’r ku’shine iseniw jetilisken arxaikali’q mif izleri Qara Ti’yi’n Ali’p da’wdin’ Yedigeni g’arg’aw epizodi’nda da ku’shli an’lati’ladi’. Bul epizod mazmuni’ boyi’nsha Qara Ti’yi’n Ali’p da’w bo’lesi Yedigenin’ qoli’nan wo’lip barati’rg’ani’na ani’q ko’zi jetkennen keyin:

Seni g’arg’ap neteyin,
G’arg’amay-aq keteyin,
İnanbasan’ so’zime,
Belgi sali’p keteyin.
Sen balali’ bolarsan’,

Balan' menen ma'lellesip,[48]

Won' ko'zin' shi'qsi'n Yedige, - dep bir belgi sali'p ketedi. Aradan ko'p waqi't wo'tpey-aq balasi'ni'n' ashi'w menen siltegen qamshi'si' u'zilip kyetip Yedigenin' ko'zine tiyip ko'zi shi'g'i'p qaladi'.

Eposlarda qaharmanlardi'n' miflik a'tbiyati' ayri'qsha pirlerine si'yi'ni'p, ja'rdem sorag'anda ko'rinedi. Qanday qi'yi'nshi'li'q bolsa da pirlerinin' ja'rdemi menen jen'ip kete beredi.

«Ma'selen, «Qoblan» da'stani'nda Qoblan qi'ynalg'an waqti'nda pirim dep shaqi'rsa piri sol waqi't tayi'n boli'p, bati'rg'a ha'dden ti's ku'sh-quwat inam yetedi.

Mi'sali', Qoblan Alan'g'asi'r A'lip da'wdi Ko'bikli pirlerdin' ja'rdemi menen qi'yi'nshi'li'qlardan quti'ladi'. Da'stanni'n' basi'nda yari'm jabayi'li'q halati' menen zooantromofli'q obrazda ko'z aldi'mi'zda kelse, ayi'ri'm saparlarda qaraqalpaqshada «qanati' sel-sel suw bolg'an, aq-sari' basi' quw bolg'an» peri kelbeti menen totemlik obrazdi'n' u'lgisin beredi.

Baba Tu'kli Shashli' Azizdin' bul miflik obrazi'nan shamang'a da, islamg'a da ta'n belgilerinin' izlerin ko'riwimizge boladi'.

Awzi'nda bar allasi',
Qoyni'nda bar qurani',
Basi'nda bar sa'llesi,
İyninde bar ma'llesi,[49] - dep ta'riyiplewleri menen Nuratdinnin' sho'lde qi'ynalg'an waqi'tta ha'm xanni'n' zi'yapati'nda qang'a boyali'p wo'leyin dep ati'rg'anda, Allani'n' Ja'bireyil perishtesindey ushi'p ju'rip peshi menen shi'rani' uri'p wo'shirip balani' aman ali'p qali'wlari', woni' ju'riwleri, Nuratdinnin' usi' a'rwaqqa si'yi'ni'wlari' usi' obrazdag'i' shamanizm qaldi'qlari'nan derek beredi.[50]

---

[48] Едиге. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы, 1990. (Ерполат жыраў варианты), 31-б.
[49] Сонда, 42-бет.
[50] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында архаикалық миф элементлери ҳәм олардың көркемлик хызмети. «Қарақалпақстан муғаллими». №3-4, 1995, 112-бет.

Quslar haywanlar menen so’ylesiw ko’pshilik qaraqalpaq da’stanlari’nda ushi’raydi’. A’sirese, bul «Sha’ryar» da’standa yerteklik masshtabta so’z yetiledi.

«Sha’ryar» da’stani’ndag’i’ Sha’ryardi’n’ Bu’lbilgo’ya menen ayti’si’ tuwrali’ Q.Maqsetov bi’lay dep jazadi’:

«Sha’ryardi’n’ Bu’lbilgo’ya menen ayti’si’ geypara diniy ayi’rmashi’li’qlari’n ali’p taslag’anda adamni’n’ ta’biyat qarama-qarsi’li’qlari’na qarsi’ gu’reslerinin’ geypara jaqlari’n wo’z ishine aladi’. Biraq ayti’wshi’lardi’n’ pikirine baylani’sli’ dinnin’ ta’siri a’dewir yeleslik tu’rde so’z boladi’».[51]

«Yedige» da’stani’nda Yedige menen Qara Ti’yi’n Ali’p da’wdin’ kepter kebindegi peri analari’ bi’layi’nsha so’ylesedi. «Shi’rag’i’m du’nyani’n’ to’rt mushi’na ushi’p bari’p qonbag’an tawi’m joq. Gezbegen joli’m joq. Du’nyani’n’ ju’zinde mendey da’w tuwg’an peri ko’ridin’be dep sawa qoyg’an yeken. «Apajan, balam da’w dep maqtanba. Nog’ayli’ni’n’ xalqi’nda bayterektin’ tu’binde mennen bir jetim bala qaldi’. Kamali’na jetisse senin’ da’win’di arqalap ketedi – dep maqtang’an yeken. Mine, bunday haywanlardi’n’, quslardi’n’» so’ylewleri totemlik miflerdin’ ko’rinisi boli’p tabi’ladi’. «Yedige» da’stani’nda Yedige Qara Ti’yi’n Ali’p da’w menen bo’le yetip ko’rsetiledi. Bulay boli’wi’ni’n’ tiykarg’i’ sebebi da’standi’ da’slepki do’retiwshilerdin’ Yedigenin’ ati’na qaharmanli’qti’, qu’diretlilikti baylani’sti’ri’wi’nan boli’p yesaplanadi’.

«Sha’ryar» da’stani’nda tawdi’n’, tasti’n’, sho’ldin’ so’ylew motivleri ushi’rasadi’. Biz bul motivlerge animizm qaldi’qlari’ dep baha beriwimiz kerek. «Ta’biyattag’i’ du’nyani’n’ ba’ri birdey degen yeski miflik sana a’lemdegi janli’ ha’m jansi’z, wo’li menen tiri na’rseni ani’q ja’mlewden kelip shi’qqan. Bul tu’sinikti miflik sanag’a ta’n ananizmdi yag’ni’y du’nyadag’i’ na’rsenin’ ba’rinin’ jani’ bar degen isenimdi shi’g’arg’an.

---

[51] Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1992, 36-бет.

«Sha’ryar» da’stani’nda jer asti’ patshali’g’i’ haqqi’nda so’z boladi’. Bul ko’pshilik qaraqalpaq qi’yali’y yerteklerinde ushi’rasi’p woti’ratug’i’n motiv boli’p tabi’ladi’.

Tu’rkiy xali’qlar a’psanalari’nda jaqsli’q ha’m dawi’zli’q haqqi’ndag’i’ tu’sinikler wo’z-ara uqsas. Yen’ ko’p jayi’lg’an a’psana Ulgen ha’m Yerlik xan haqqi’ndag’i’ mif boli’p, Yerlikxan tu’rli ka’sapatlardi’ jer asti’nan jawi’z ruwhlar boli’p yesaplang’an da’wler, jin-shaytanlar, tu’rli jabayi’ haywanlardi’ tarqatadi’. «Sha’ryar» da’stani’ndag’i’ «jer asti’ patshali’g’i’» ha’m Yerlikxan du’nyasi’ uqsas. Bul demek tu’rkiy xali’qlardi’n’ jawi’zli’q ha’m jawi’z ku’shler haqqi’ndag’i’ miflik ku’shler bir-birine jaqi’n, tiykarg’i’ shi’g’i’si’ bir yekenliginen derek beredi.

Biz joqari’da ko’rip wo’tken detallardan basqa da miflik motivlerdi ko’plep ushi’ratami’z. Uli’wma juwmaqlasti’ri’p aytqanda miflik motivlerdin’ joqari’da ko’rip wo’tken da’stanlarda isletiwdin’ tiykarg’i’ sebepleri, birinshiden, sol da’stanlardi’ do’retken xali’qti’n’ ha’m atqari’wshi’lardi’n’ sanasi’ndag’i’ yeski miflik sana qaldi’qlari’na baylani’sli’ kelip shi’qqan bolsa, yekinshiden qaharmanli’q da’stanlarg’a ta’n epikali’q da’stu’rlerdin’ zatli’ jalg’i’si’ si’pati’nda kelip shi’qqanli’g’i’n ko’remiz. Sebebi, biz qaysi’ bir da’standi’ ali’p qaramayi’q wonda zi’yanli’ tu’rde miflik detallardi’ ushi’rati’wi’mi’z sha’rtli qubi’li’s boli’p yesaplanadi’.

A’psanalarda bati’r menen qatar woni’n’ ati’ da ko’zge tu’sip turadi’. Ha’dden ti’s ka’ramatli’ tu’rde du’nyag’a kelgen bati’rdi’n’ wo’zi si’yaqli’ woni’n’ ati’ da ju’da’ a’jayi’p ka’ramatli’ ku’shtin’ ja’rdemi menen tuwi’lg’an boladi’. Wolar qa’dimgidey a’piwayi’ ji’lqi’ yemes, al wo’zgeshe hasi’l tuqi’mli’ tulpar boladi’. Ma’selen, «Qoblan» da’stani’nda Qoblandi’ a’kesi Qi’di’rbaydi’n’ bir u’yir ji’lqi’si’ni’n’ ishinen birewi de ko’tere almay womi’rtqasi’ u’zilip wo’le beredi. Eposlardag’i’ sha’rtli qubi’li’s bati’rdi’n’ minetug’i’n ati’ da ayri’qsha qaralg’an tulpar boli’wi’ kerek. Qoblanni’n’

Tori'sha ati' da sonday ka'ramatli' tulpardi'n' biri boladi'. Wol «suw tulpar» menen «Kerbiye»den tuwi'lg'an.

«Yedige» da'stani'nda Yedige menen Nuratdinnin' mingen atlari'ni'n' ko'rinisi a'piwayi' bolg'ani' menen wolarda ayri'qsha jaralg'an tulparlar, ma'selen, Nuratdinnin' tulpari' ji'lqi'da ju'rgende boyi'n jasi'ri'p ju'redi. Wol bi'layi'nsha su'wretlenedi.

Moyni' tayaqtay,
Qursag'i' suw qabaqtay,
Jallari' bar bir qushaq,
Ayaqlari' topi'shaq,
Ji'lqi'larg'a yere almay,
Barati'rg'an yabi'g'a,
Noqtani' uslap saladi'.

Nuratdinnin' ati' da ko'rer ko'zge ko'rinis bolg'ani' menen boyi'n jasi'ri'p ju'rgen tulpar boladi'. Nuratdin mingen Sari' ala at Yedige mingen Aqsha atti'n'.

Bel balasi' der yedi,
Yedige mingen aqsha atti'n',
Hasli' zati'n sorasan',
Suw tulpardan bolg'an,
Jel biyeden tuwg'an,
Aqsha atti'n' bul balasi',
Qan tamaqli' tulpar yedi sari' ala at.[52]

«Sha'ryar» da'stani'nda da Sha'ryardi'n' ati' Jahangirge ayri'qsha wori'n beriledi. Jahangir de tek jay g'ana shapsa wozatug'i'n bati'rdi'n' tulpar ati' yemes, al wol aqi'lg'a ug'ras kelmeytug'i'n legendali'q Sulayman patshani'n' ati'. «Ma'spatsha» da'stani'ndag'i' Ma'jnu'n at ta joqari'dag'i' tulparlar qatari'na kiredi. Eposlardag'i' atlar tek ko'plik retinde g'ana yemes, al

[52] Едиге. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1990, 40-бет.

bati’rdi’n’ jawi’nger joldasi’, qi’ynalg’anda yen’ jaqi’n bir ja’rdemshisi retinde ko’rinedi. Mi’sali’, «Sha’ryar» da’stani’nda Jahangir A’njim menen joldas boli’p, Sha’ryardi’n’ Bu’lbilgo’yani’n’ duzag’i’nan quti’li’wi’na, a’kesi Darapsha sheshesi Gu’lshara menen ushi’rasi’wg’a ja’rdem beredi. Bunnan basqa da’stanni’n’ syujet liniyasi’nda aqi’lg’a ug’ras kelmestey jaqsi’li’qlardi’ isleydi.

«Qoblan» da’stani’nda Qoblan Ko’bikli da’w menen gu’resip ati’rg’anda Ko’bikli Qoblandi’ qatti’ qi’si’p ji’g’i’wg’a shamalasqan waqi’tta Tori’ at Qoblang’a ja’rdemlesip, Ko’biklinin’ barmag’i’n tislep, oks sa’ddelep jiberedi. Wonnan keyin Tori’sha at bir yari’m ayli’q jerdegi Qurtqani’n’ ag’asi’ Qaraman bati’rdi’n’ yeline jaw shawi’p bari’p Qoblanni’n’ jaw qoli’nda qalg’anli’g’i’n xabarlaydi’.

Bati’rdi’n’ ati’nan tag’i’ bir tan’ qalarli’q jeri wolardi’n’ 40 ku’nshilik jerdi 3 ku’nde basi’p wo’tiwi yamasa qanat baylap ushi’wi’ boli’p yesaplanadi’. Ma’selen, Sha’ryardi’n’ ati’ aspanda ushi’p ju’redi.

«Qoblan» da’stani’nda at bayraqtan kiyati’rg’an Torsha atti’n’ shabi’si’ bi’layi’nsha ji’rlanadi’.

Asti’ndag’i’ Tori’sha at,
Qanatqa pa’rman qi’ladi’,
Ga’ ushi’p, ga’ qonadi’,
Aq kiyiktey sekirip,
Toli’qsi’p woynap baradi’.[53]

Atlardi’n’ bunday boli’p qustay ushi’wi’ miflik sanadag’i’ yen’ a’yyemgi tu’sinikler. Geypara waqi’tlari’ bati’rdi’n’ ati’ adamsha til pitip so’ylep jiberedi. Mi’sali’: «Sha’ryar» da’stani’nda Jahangir tap adamsha A’njim menen so’ylesedi. A’njimge qarap:

- A’njimbisen’ sen? Dedi,
Ko’riseyik kel, dedi.

[53] Қоблан. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1981, 74-бет.

A’njim: - «tani’mayman men» - dedi,
Keyin Jahangir ja’ne so’yledi:
- A’njim, mi’nda kel, - dedi,
ga’pime qulaq sal – dedi.
- Atan’ senin’ Darapsha,
Yenen’ senin’ Gu’lshara,
Ag’an’ senin’ Sha’ryar,
Wo’zin’nin’ ati’n’ A’njim,[54] - dep xabar berdi Jahangir.

«Qoblan» da’stani’nda qi’si’li’p turg’an Qoblang’a Tori’sha ati’ bi’layi’nsha ken’es beredi.

«Bunnan basi’n burasan’,
Ashi’ti’p qamshi’ urasan’,
Ha’m ag’amsan’, a’kemsen’,
Sabi’r a’yle ma’rt Qoblan.
Sabi’r a’ylesen’ ma’rtlik bar,
Biysabi’rg’a na’let bar,
Ayi’li’mdi’ shesh quwanayi’n,
Yerimdi alshi’ awnayi’n,
Ju’wenimdi alshi’ ag’ajan,
Ara juwsan shaynayi’n,
Mi’naw turg’an sha’ha’rge,
Bir ret ta’wekel yeteyin,
Wo’tsem wo’tip qalg’ani’m,
Wo’te almastay ku’n bolsa,
Sizler menen bizlerdi,
Qara jer tartqay qudayi’m,
At basi’na ku’n tuwsa,
Suwli’g’i’ menen suw isher,

[54] Қарақалпақ фольклоры. XIII том. «Шэрьяр», Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1984, 95-бет.

Yer basi’na ku’n tuwsa,
Yetigi menen suw kesher»[55].

«Ma’spatsha» da’stani’nda mi’naday qatarlar ushi’rasadi’. A’ne sonda, Ayparsha nala yetip ji’lap turg’anda, Sandal ati’ quyri’g’i’n tarrashlap, qulag’i’n tigip, awi’zi’n ashi’p kerip, til payda boladi’. Ayparshag’a ken’es berip so’z qaytari’p ne dep tur:

Seni ko’rgenlerdin’ bolar aqi’li’ lal,
Jarasi’qli’ aq ju’zinde bardi’ qal,
Sol jawlarg’a qaray basi’mdi’ basla,
Jawi’ri’mnan qi’ri’q qamshi’ni’ sanap al.
At shabar joldi’n’ maydan pa’stine,
G’api’lli’qta tu’stin’ dushpan da’stine,
Senin’ ushi’n bir ta’wekel qi’layi’n,
Ayamay aydan’i’z tasti’n’ u’stine.
Yellerim uzaqdur, ma’nzilim ji’raq,
Ma’spatsha ju’rgendur jollarg’a qarap,
Tirilikte seni jawg’a bergennen,
Taslarg’a su’rilip wo’lgenim jaqsi’raq.[56]

Mine joqari’da ko’rip wo’tkenimizdey haywanatlardi’ adam ta’rizinde janlandi’ri’p su’wretlew, a’yyemgi zamanlardag’i’ haywanlarg’a si’yi’ni’wshi’li’qti’n’, yag’ni’y totemizmnin’ qaldi’qlari’ bolsa kerek.

Haywanlar menen quslarda adamsha so’ylesiw motivleri a’sirese yerteklerde ko’p ushi’raydi’. Buni’n’ ja’ne bir sebebi yerte zamanlardag’i’ adamlar haywanlar menen quslardi’n’ wo’zinshe so’yleytug’i’n tili bar dep yesaplag’an. Wolarda adamzat aqi’lli’ adamsha tirishilik qi’ladi’ dep tu’singen. Wolardi’n’ da adamlar si’yaqli’ si’yi’natug’i’n perileri bar dep shamalag’an. Sonli’qtan, ji’lqi’ni’n’ piri «Ji’lqi’shi’ ata», tu’yeniki «Waysi’l qara», qara

[55] Қарақалпақ фольклоры. Қоблан. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1981. 136-137-бет.
[56] Қарақалпақ фольклоры. X том. Мәспатша. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1982. 130-132-бет

mallardi'ki «Za'n'gi ata», qoy-yeshkilerdin' piri «Shopan ata» dep moyi'nlani'p kelgen.

Mine, eposlardag'i' atlarg'a til pitip adamday so'ylesiwleri de usi'nday inani'mlardi'n' qaldi'qlari' bolsa kerek. Yekinshiden, atlardi'n' so'ylep, bati'rlarg'a ja'rdem, ken'es beriwleri bul da'standi' do'retiwshilerdin' yamasa yen' da'slepki atqari'wshi'lardi'n' ma'pleri ushi'n wo'zlerinin' ushqi'r, fantaziyasi' menen ko'p na'rseni pikirlegeninen do'regen boli'wi' kerek. Sebebi, epostag'i' sha'rtli qubi'li's – qaharman ha'mmeden qu'diretli, ku'shli boli'wi' ha'm hesh qashan jen'ilmewi kerek. Juwmaqlasti'ri'p aytqanda, ji'rawlardi'n' at obrazi'na ayri'qsha a'hmiyet beriwi birinshiden a'yyemnen kiyati'rg'an miflik sana izleri bolsa, eposlardag'i' janli' qubi'li's – qaharmanni'n' ati' da qu'diretli, ku'shli, a'jayi'p boli'wi' kerek, degen sha'rtlikti ju'zege shi'g'ari'w ushi'n islengen qubi'li's boli'p tabi'ladi'. Bati'rlardi'n' ati'n bunday qu'diretli yetip su'wretlew eposlar ushi'n da'stu'riy motiv boli'p yesaplanadi'. Ja'ne de bul tek qaraqalpaq da'stanlari' ushi'n g'ana yemes, uli'wma tu'rkiy xali'qlardi'n' eposlari' ushi'n xarakterli qubi'li's boli'p tabi'ladi'.

## 3.3. Miflik erteklik obrazlardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmetleri

Qi’zi’r menen İlyas pirler basqa da qaraqalpaq da’stani’ndag’i’ si’yaqli’ «Qoblan», «Yedige» ha’m «Sha’ryar» da’stanlari’nda ken’ wori’n bar. Wolar da’stanlarda bala tuwi’lmastan buri’n-aq perzent tilep a’wliyelerge tu’negen ata-analarg’a tu’sinde «perzetli bolasan’» de payan beredi. Mi’sali’: «Qoblan» da’stani’nda Qi’di’rbay g’arri’ni’n’ tu’sine Qi’zi’r İlyas piri ayan berip bi’lay deydi:

Ko’ter basi’n’di’ Qi’di’rbay,
Qabi’l boldi’ tilegin’,
Dushpannan mali’n alg’anday,
Arli’dan ari’n alg’anday,
Bir perzentli bolarsan’.
Aqshaxanday wol zali’m,
Ko’rsetken sizge zorli’qti’,
Ju’da’ bergen qorli’qti’,
Perzentin’ adam bir bolsa,
Qaraqalpaq xalqi’na,
Ali’p berer ten’likti.
Yesit qurbi’m so’zimdi,
Yendi ashsan’ ko’zin’di,
Wol balani’n’ keyninen,
Bazarli’q bolsi’n sizlerge,
Ko’rsen’ jalg’i’z qi’zi’n’di’.[57]

«Ma’spatsha» da’stani’nda A’bdikerim baydi’n’ tu’sine «jeti g’ayi’p babasi’» perzentli bolasan’ de payan beredi.

Xali’q u’stinen asi’ bar,
Qi’yi’n jerlerde dosi’ bar,

[57] Қарақалпақ фольклоры. VIII том. Қоблан. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1981-жыл. 22-бет.

Dushpannan alar wo’shi bar,
Wong’a tartar ku’shi bar,
Bir wo’zinin’ basi’nda,
Qi’ri’q adamni’n’ aqi’li’ bar.
Jete qoysa shag’i’na,
Ari’slanday ku’shi bar,
Bir mi’n’ ji’lg’a wo’shpestey,
Woti’z yeki jasi’ bar,
Bermek boldi’ qudayi’m,
Biz yesittik sha’rti bar.[58]

Ja’ne de da’stanlarda tuwi’lg’an balani’n’ ati’n qoyadi’. Mi’sali’, «Qoblan» da’stani’nda:

Perzent boli’p wol shi’qsa,
Qoblan dep qoyshi’ wo’zini,
Ayti’p boldi’m so’zini,
So’ytip kelgen baban’i’z,
G’ayi’p boldi’ ko’zinen.[59]

«Sha’ryar» da’stani’nda:

Tu’simde perilerim qalmayi’n kelgen,
Qol ko’terip bizge pa’tiya bergen,
Qi’zi’r İlyas men – dep xabari’n bergen,
Ati’n Sha’ryar dep pida’ a’ylegen.

Tu’simde perilerim qalmayi’n kelgen,
Biybi Patpa Biybi Maryamni’n’ degen,
Ati’n A’njim qoyi’p pida’ a’ylegen.[60]

«Ma’spatsha» da’stani’nda:

[58] Қарақалпақ фольклоры. X том. «Мәспатша». Нөкис, 1982-жыл.
[59] Қарақалпақ фольклоры. VIII том. Қоблан. Нөкис, 1981-жыл.
[60] Қарақалпақ фольклоры. XIII том. Шәрьяр. Нөкис, 1984-жыл.

Na’zer saldi’ ulli’ patsha,
Aytqan so’zler sag’an jaqsa,
Xabar tawi’p toli’p-taspa,
Ul beredi dep asi’p-saspa,
Qi’ri’q balani’n’ worni’n tutar,
Ati’n qoyg’aysan’ Ma’spatsha.[61]

Da’stanlarda balalardi’n’ atlari’n perilerdin’ qoyi’wi’ bir jag’i’nan xali’qti’n’ balani’n’ ati’n jasi’ u’lken adamg’a qoydi’ri’w da’stu’ri bolsa, yekinshi jag’i’nan balani’n’ ati’na qu’diretlilikti baylani’sti’ri’w boli’p tabi’ladi’. Sebebi, joqari’dag’i’ ta’rip yetilgen «aq saqalli’», basi’nda sa’llesi bar, iyninde ja’ndesi bar, qoli’nda hassasi’ bar g’arri’ balani’n’ ati’n qoyadi’ da «ko’zden g’ayi’p boli’p» ketedi. Bul ko’pshilik qaraqalpaq da’stanlari’ndag’i’ tradiciyali’q motiv boli’p yesaplanadi’.

Qi’zi’r İlyas pirler bolsa tuwi’lg’annan baslap wog’an pa’rmana, jaw-jaraqlari’n, ati’n tan’lap beredi. Mi’sali’, «Qoblan» da’stani’nda

Aynalayi’n, jan balam,
So’zdi ti’n’la sen balam,
Ha’wes boldi’n’ ko’riwge,
Ati’n’di’ ku’tip woti’rman,
Jaw-jarag’i’n bermege,
Senin’ menen tani’si’p,
Lepesimnen bolg’an son’.
Sebep penen bizlerge,
Sho’lde balam kelgen son’,
Qi’zi’r İlyas pirimen,
Shiltenlerdin’ birimen.
Qi’stan tapqan jerine,
A’weli aytsan’ alani’,

[61] Қарақалпақ фольклоры. Х том. Мәспатша. Нөкис, 1982-жыл.

Yad etsen’ bizdey baban’di’,
Sonda tayar bolarman.[62]

Ja’ne de Qoblang’a Aqshani’n’ dushpan yekenligin ayti’p, i’ras ati’n Qoblan yekenligin ha’m Qurtqani’n’ xabari’n ayti’p ko’zden g’ayi’p boladi’.

Qi’zi’r İlyas pirlerdin’ yen’ tiykarg’i’ xi’zmetlerinin’ biri da’standag’i’ bati’rlar wo’z dushpanlari’nan a’zzi kelgen jerinde pirim dep shi’rlap shaqi’rg’anda «aq qarabas quw boli’p» yaki qusti’n’ basqa tu’ri boli’p ja’rdemge keledi. «Qori’qpa balam qori’qpa» degen so’zleri menen bati’rg’a dushpani’n jen’iwge ja’rdem beredi.

Mi’sali’: «Qoblan» da’stani’nda Qoblan pirlerine bi’layi’nsha si’yi’nadi’:

Nali’s yetip jaratqang’a ji’layman,
Ko’zim jasi’m seller qi’li’p bulayman,
Men jalg’i’zban quwat berin’ si’yi’ndi’m,
Dawi’tti’n’ uli’san’ ulli’ Sulayman.

Belime buwg’ani’m jipekten pota,
Bende yedim, bastan ayaq xaqli’qta,
Jalg’i’z yedim ja’rdem berin’ si’yi’ndi’m,
İyesi sho’llerdin’ ya «Qi’di’r ata».[63]

Bunnan keyin bati’r dushpanni’n’ bastan ayag’i’na wo’z dushpanlari’n usi’nday pirlerdin’ ja’rdemi menen jen’ip woti’radi’.

Bunday pirlerge si’yi’ni’w «Ma’spatsha», «Sha’ryar» da’stanlari’nda ko’rinip turadi’.

Da’stanlardag’i’ bati’rlardi’n’ wo’z dushpanlari’n quday, a’wliye, pirlerge si’yi’ni’p jen’iwi tuwrali’ prof İ.Sag’itov bi’lay deydi: «A’lbette, bunday so’zler hesh bir shi’nli’qqa tuwra kelmeydi ha’m wolar musi’lman dininin’

---

[62] Қарақалпақ фольклоры. XIII том. Қоблан. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1981-жыл. 31-32-бет.
[63] Сонда, 46-бет.

ruwxani'ylari'ni'n' da'stang'a tiygizgen ta'sirlerinin' na'tiyjesi dep qaraw kerek».[64]

Uli'wma Worta Aziya xali'qlari'ni'n' soni'n' ishinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' da eposlari'na tu'rlishe diniy kitaplar menen musi'lman dininin' inani'mlari' ken' tu'rde ta'siyrin tiygizgen.

A'sirese, yertedegi arab, parsi' kitaplardag'i' tu'rlishe bati'rlar yertekdegidey qi'yali'y na'rseler menen mifler eposlarg'a ta'n ken' tu'rde kirgizilgen. Sonli'qtan da Worta Aziya xali'qlari'ni'n' da'stanlari'nda tu'rlishe jin, shaytan, da'w, peri, shilten, pir, payg'ambar si'yaqli' qi'yali'y na'rseler ko'p ushrasi'p woti'radi'. Ja'ne de usi'larg'a qosi'msha mi'naday pikirdi aytadi': «Bul qosi'mtalardi'n' da'stang'a islam dini ruwxani'ylari'ni'n', baylar menen mola, iyshanlardi'n' ta'siri asti'nda kirgenligi ani'q».[65]

Haqi'yqati'nda da bul ayti'lg'an pikir ju'da' duri's pikir boli'p yesaplanadi'. Sebebi, Qi'zi'r İlyas islam dini tarqalg'an yellerde ju'retug'i'n a'wliye pir. Wol jaqsi' ko'rgen adami'na ko'rinedi yeken. Qi'zi'rdi' ko'rgen adam ne tilese tilegi qabi'l boladi'mi'sh degen diniy inani'mlar bar.

Eposlarda pirler ju'da' hadal, tuwri' jolli' yetip ko'rsetiledi. Ma'selen «Qoblan» da'stani'nda Qoblang'a ja'rdemge kelgen Qi'zi'r İlyas pirin Ko'bikli da'w ko'rip «pir bolsan' yekewimizge birdey bol» dep pirge so'yleydi:

Bir gu'l yedim, ashi'lmadi'm dag'i' sol,
Mo'minlerge shu'be deydi deydi duri's jol,
Sebep nege musi'lmang'a burasan',
Pirler bolsan' yekkimizge birdey bol,
Ali'stan ko'ringen jawdi'n' pa'si yemes,
Pirler bolsan' yekkimizge ten'dey bol,
Ara turmaq sendey pirdin' isi yemes.[66]

[64] Сағытов И. «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы». Нөкис. 1986. 64-бет.
[65] Сонда, 165-бет.
[66] «Қоблан». Нөкис. «Қарақалпақстан». 1981. 153-154-бетлер.

Bunnan keyin Qi’zi’r İlyas babasi’ ko’zinen g’ayi’p boladi’, yekewine ten’ turadi’. Bati’rdi’n’ qi’ynalg’an jerinde pirlerinin’ mudami’ g’ayi’p boli’p bati’rg’a ja’rdem beriwi a’sirese «Qoblan» da’stani’nda wog’ada isenimli ko’rkem suli’w yetip berilgen.

Eposlarda Qi’zi’r İlyas pirlerden basqa da Ha’zireti A’liy, Muwsa, Dawi’t, Shaximardan, İysa, Biybi Patpa, Biybi Maryam si’yaqli’ payg’ambarlardi’n’ da atlari’ jiyi qollani’ladi’.

Bulardan basqa da ji’lqi’ni’n’ piri Ji’lqi’shi’ atag’a si’yi’ni’wg’a eposlarda basi’m ushi’rasi’p woti’radi’. Ma’spatsha da’stani’nda:

Belimee bayladi’m qashmirli pota,
Ma’rtimnen ayi’ri’li’p, ko’p shektim japa,
Sandali’ma ziban berer ku’nin’di,
Bir ziban bergeysen’ Ji’lqi’shi’ ata.[67]

Adamlar ju’da’ yerte da’wirlerde haywanlardi’n’ adam ta’biyatli’ pirleri bar dep shamalag’an. So’ytip, ji’lqi’ni’n’ piri «Ji’lqi’shi’ ata», qara mallardi’n’ piri «Za’n’gi baba», tu’yelerdin’ piri «Waysi’l qara» boli’p moyi’nlani’p kelgen.

Eposlarda qaharmanlardi’n’ ati’ da ku’shli rol woynaydi’. Sonli’qtan qaharman qi’ynalg’an jerinde ji’lqi’ni’n’ piri Ji’lqi’shi’ atadan ja’rdem sorap woti’radi’. Joqari’dag’i’day ha’r qi’yli’ pirlerge si’yi’ni’p wolardan ma’det soraw si’yaqli’ diniy ta’sirler «Qoblan» da’stani’nda ju’da’ ken’ wori’n alg’an. Bunda musi’lman dininin’ ta’siri de, sonday-aq yeski shaman dininin’ qaldi’qlari’ da ko’rinedi. A’sirese, joqari’da ko’rip wo’tkenimizdey islam dininin’ ta’sirleri ju’da’ ko’p wori’n alg’an. Ko’pshilik eposlarda qatnasatug’i’n unamsi’z tiplik obrazlardi’n’ biri Ma’stan kempir qaraqalpaq eposlari’nda jamanli’q, zuli’mli’qti’n’ qoli’ si’pati’nda xi’zmet atqaradi’. Qaysi’ bir kempir qatnasatug’i’n da’standi’ ali’p qaramayi’q, wol bastan-ayaq unamli’ qaharmanlari’ni’n’ obrazi’, xarakterlerine qarsi’ ha’reket yetiwi menen shug’i’llanadi’. Wol mal du’nyag’a qi’zi’g’adi’. «Nasi’bay puli’» ushi’n hesh

[67] Қарақалпақ фольклоры. X том. Мәспатша. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1982, 130-бет.

na'rseden qaytpay, qay jerde jaman is bolsa sol jerde tabi'ladi'. Wog'an hiylekerlik, wo'tirikshilik, jalatayli'q, jawi'zli'q, wo'z ma'pi ushi'n hesh na'rseden qaytpaytug'i'n si'yaqli' jerkenishli qa'siyetler ju'klengen. Woni'n' usi'nday jerkenishli qa'siyetlerin «Sha'ryar» da'stani'ndag'i' mi'na so'zlerinen bayqaymi'z.

Ji'lqi'dan shi'qqan bo'zgnaem,
Ag'zi'ma bolg'an so'zgenem,
Sha'ryardan g'am jeme,
Nasi'bay puldan maman'a,
Xabari'n ber qi'zgenem.[68]

Ma'stan mudami' jamanli'q ta'repinde boli'p bati'rdi'n' jaralani'wi'nda, zindang'a tu'siwinde, aldani'wi'na, ha'tteki wo'liwine sebepshi boladi'. Ma'stan kempir obrazi'ni'n' unamsi'z xarakteri mi'na bag'i'tta ko'rinedi. Wol zuli'm, patshani'n' qara niyetli qati'nlari'ni'n' haram niyetin iske asi'ri'w ushi'n isleydi. Ko'pshilik qaraqalpaq da'stanlari'ndag'i' si'yaqli' «Sha'ryar» da'stani'nda da ma'stan kempir mifologiyali'q belgilerge qarag'anda wo'zine shi'n ma'nisinde haqi'yqi'y turmi'sli'q elementlerdi sin'dirip alg'an. Ma'stan kempirdin' hesh qanday ayi'rmashi'li'g'i' joq. Wol ba'rshe adamlar si'yaqli' turmi's keshiredi. Da'standag'i' ma'stan kempir obrazi' arqali' zuli'mli'q, ma'kkarli'qti'n' yen' jaman belgileri berilgen. Wol da'stanni'n' baslani'wi'ni'n'-aq 9 xani'mni'n' aytqani' menen mal-du'nyag'a qi'zi'g'i'p Gu'lsharag'a, Sha'ryarg'a, A'njimge qast yetiw menen shug'i'llanadi'. Gu'lsharani' balalari'ni'n' ayi'ri'p, azaplap, sergizdanli'qqa saladi'. Wol buni'n' menen de sheklenbesten «nasi'bay puldi'» molayti'wg'a qi'zi'ri'p, Sharyar yerjetkennen keyin de woni'n' izinen qalmay tu'rli jollarg'a iytermeleydi.

Sha'ryardi'n' Bu'lbilgo'yag'a bari'p tas boli'p qati'p qali'wi'na sebepshi boladi'.

[68] Қарақалпақ фольклоры. XIII том. Шәрьяр. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1984. 64-бет.

«Sha’ryar» da’stani’nda ma’stan kempir obrazi’na ju’da’ jaqi’n keletug’i’n obraz 9 xani’mni’n’ obrazi’. Wolarda ku’ndeslik, bir-birewge jekko’riwshiliktin’ wo’tken da’wirdegi kartinalari’ wori’n alg’an. Wolar xanni’n’ du’nyasi’nan paydalana woti’ri’p, ma’stan kempirdi ko’mekke ali’w menen, joqari’dag’i’ haramli’q xarakterlerin isleydi. Da’stanni’n’ aqi’ri’nda ma’stan kempirdin’ alg’an la’gen-la’gen puli’ basi’na jetedi. Kempir qolg’a tu’sip, bati’rlar ta’repinen iyet wo’limine ushi’rap, haqi’yqatli’q, jamanli’q, zuli’mli’q, jawi’zli’qti’n’ u’stinen jen’iske yerisedi.

Joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey ma’stan kempir eposlarda zuli’mli’qti’n’ qoli’ si’pati’nda xi’zmet atqari’p unamsi’z obraz si’pati’nda ko’rinedi. Wol tiykarg’i’ ma’selelerdin’ sheshiliwinde belgili rol atqaradi’, waqi’yalardi’n’ bastan-ayaq shiyelenisiwinde, rawajlani’wi’nda belgili da’rejede wori’n iyelep turatug’i’n miflik obraz boli’p tabi’ladi’.

Da’w obrazi’ ko’pshilik qaharmanli’q eposlarda qatnasatug’i’n miflik obraz. Wol realist adam obrazi’nan pu’tkilley basqasha boladi’. Da’w eposlarda jawi’zli’qti’n’ simvoli’ si’pati’nda ko’rinedi. Woni’n’ si’rtqi’ pishini de pu’tkilley basqasha. Mi’sali’, «Yedige» da’stani’nda da’w bi’layi’nsha ji’rlanadi’:

- Atsan’ wog’i’n’ wo’tpeydi,
Shapsan’ qi’li’sh kespeydi,
Bul a’tirapqa dari’g’an,
İnsan tiri ketpeydi.[69]

Woni’n’ si’rtqi’ pishimi qaynaytug’i’n shoyi’n si’patli’: «Qoblan» da’stani’nda:

-Altmi’sh batpan A’miwdi,
Seksen batpan shu’y temir,
Toqsan batpan som temir,

[69] Қоблан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 146-бет.

Altmi’sh batpan gerdandi’,
Wol basi’na da’stang’an.[70]

Qaraqalpaq eposlari’nda da’w obrazi’ tek jawi’zli’q, zorli’qti’ an’latpay, tu’rli da’wirlerdin’ belgilerin wo’zinde sa’wlelendiredi. Solardi’n’ biri patriarxat du’ziminin’ belgileri. Da’wlerdin’ go’zzal qi’zlardi’ urlap, tutqi’nda saqlani’wi’na patriarxat du’ziminin’ belgileri ko’rinip turadi’. Mi’sali’, «Yedige» da’stani’nda Qaratiyin A’lip da’w Satemir xanni’n’ qi’zi’ Aqbilekti zorlap ali’p ketip wo’zinin’ tuqi’ni’nda saqlaydi’.

Biz da’w obrazi’ qatnasatug’i’n qaysi’ bir da’standi’ ali’p qaramayi’q, qaharman ha’mmesinde tu’rli-tu’rli da’wlerdi wo’ltirip, ha’miyshe jen’ip kete beredi. Bul jabayi’ adam menen ma’deniy adam wortasi’ndag’i’ gu’res, evolyucion pari’qti’ bildiredi. Jabayi’ adamg’a qarag’anda ma’deniy «men» ken’irek ha’m ma’nislirek.

Soni’n’ ushi’n da ma’deniy adam mudami’ jen’iske yerisedi. Eposlardag’i’ qaharmanni’n’ da’wdi mudami’ wo’ltiriwi, bul tiykari’nan insanni’n’ ruwhi’ndag’i’ jabayi’li’qti’ wo’ltirip, wo’z ma’deniylesken «men»ine jaqi’nlasi’wi’ni’n’ belgisi boli’p tabi’ladi’. Da’stanlarda da’wler ko’pshilik jag’daylarda jawi’z ku’shler simvoli’ boli’p su’wretlenedi. Ma’selen, «Qoblan» da’stni’nda da da’wler ha’dden ti’s jawi’z, «Yedige» da’stanni’nda da Qara Ti’yi’n Ali’p da’w obrazi’ bir qansha qospali’li’q si’pat iyeleydi.

«Da’standa Qara Ti’yi’n Ali’p da’w obrazi’na qaraqalpaq yerteklerindegi jawi’zli’qti’n’ simvoli’ da’wler obrazi’ ideyali’q derek boli’p xi’zmet yetse de ji’rawlar bul obrazg’a haqi’yqi’y bendege ta’n ju’rek beriwge ha’reket yetedi. Sebebi, wol da’standa ha’r qi’yli’ adami’yli’q halatlarda sa’wleleniw tabadi’.

Mi’sali’, wol bir wori’nlarda dan’qli’ patsha Satemirdin’ qi’zi’ Aqbilekti tarti’p alg’an, ha’tte buri’ni’raq won jeti xanni’n’ yelin talap, wo’zlerin bu’ldirgen basqi’nshi’ jawi’z si’pati’nda su’wretlense, ja’ne bir wori’nda

[70] Қоблан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981, 146-бет.

«yerdin’ yerden qa’wpi bar» degendey Yedigeden setem ali’p, qorqi’p basqa jurtqa ko’ship ketken a’piwayi’ bir bende yetip su’wretlenedi».[71]

Ja’ne de Qara Ti’yi’n Ali’p da’w an’qaw, aldawg’a isengish de boli’p ko’rinedi. Mi’sali’, Aqbilek qayti’p Qara Ti’yi’nni’n’ qasi’na kelip: - Sizge mi’lti’q woq ka’r yetpeydi. Ma’selen ata qoyg’anda qa’yerin’nen wo’tedi? Dep soraw qoyadi’. A’lip baban’ jaqsi’, juwap bermedi, bul so’zdi qoymaydi’.

Aqbilek sen sorap qoymadi’n’ g’oy, aytayi’n, ya qolti’qtan, ya ju’rekten ata qoyg’anda, masaqsi’z qami’s woq wo’tpey ketpeydi»[72], - dedi.

Usi’layi’nsha Aqbilektin’ ja’rdemi menen Yedige Qara Ti’yi’n Ali’p da’wdi hiylekerlik penen wo’ltiredi. Wol wo’lim halati’nda jatqanda, wol buri’ng’i’ basqi’nshi’, jawi’z Qara Ti’yi’n Ali’p da’w yemes, al bizin’ ko’z aldi’mi’zg’a ja’birkesh adamni’n’ obrazi’ boli’p sa’wlelenedi.

«Da’standa Kara Ti’yi’n Ali’p da’w obrazi’ qanshelli qospali’li’q si’pat iyelemesin, bul obrazda qanshelli qospali’li’q si’pat iyelemesin, bul obrazda da’wler ko’pshilik jag’dayda jawi’z ku’shler simvoli’ boli’p su’wretlenetug’i’n miflik baslama saqlani’p qalg’an.

Xalqi’mi’z arasi’nda da’wdi ta’biyat ha’diyselerine baylani’sti’ri’wshi’ ko’plegen tu’sinikler kelip shi’qqan. Ma’selen, quyi’ndi’ da’w dep tu’siniw, bul miflik tu’sinikke di’qqat awdarsaq quyi’nni’n’ wortasi’nda jawi’z ku’sh da’w bolar yemish».[73]

Quyi’n menen baylani’sli’ bunday yeski miflik tu’sinikler Worta Aziya xali’qlari’ mifologiyasi’ni’n’ yen’ yeski obrazlari’nan biri da’wdin’ xali’q awi’zeki do’retpelerinde ha’r tu’rli ko’rinis tabi’w na’tiyjesinen kelip shi’qqan. Yertek ha’m da’stanlarda da’w bir ma’kannan yekinshi bir ma’kang’a ko’ship wo’tkende, quyi’ndi’ yesletedi. Yerteklerde da’wler keliwden aldi’n a’lbette ku’shli samal, shan’-tozan’ ko’teriledi. Ta’biyattag’i’ bunday wo’zgeris-ku’shli

[71] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында демофологизация қубылысы ҳәм әпсанаўый ертеклик мотивлер. «Қарақалпақстан муғаллими», 1995, №3-4, 113-бет.
[72] «Едиге». Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 28-бет.
[73] Алламбергенов К. «Едиге» дәстанында демофологизация қубылысы ҳәм әпсанаўый ертеклик мотивлер. «Қарақалпақстан муғаллими», 1995, №3-4, 113-бет.

samal, aspandi’ bult qaplap, qaran’g’i’li’q basi’wi’ da’wdin’ kiyati’rg’ani’nan derek beredi. Bul qaraqalpaq xali’q yerteklerinin’ tradiciyali’ motivlerinin’ biri.

Eposlarda periler adamzattan pu’tkilley basqasha yetip su’wretlenedi. Wolar g’ayri’-ta’biyiy fantastik belgiler – si’yqi’rlaw, duwalar, aspanda ushi’p ju’riw qusag’an ku’shlerge iye boladi’. Ma’selen, «Yedige» da’stani’nda peri qi’zlari’ kepter boli’p ushi’p keledi. Tu’kli Azizdin’ uslap alg’an peri qi’zi’ni’n’ qolti’g’i’ni’n’ asti’nda qanati’ boladi’, wo’kshesi joq. Wol suwg’a tu’skende qari’nlari’n aqtari’p, gellesin qopari’p, qoli’na ali’p juwadi’.

Peri qi’zlarda qanshelli tilsimli, g’ayri’-ta’biyiy ku’shlerge iye bolsa, qaharmanni’n’ baxi’tqa jetisiwinde sonshelli da’rejede ko’megi tiyedi. Ma’selen, «Sha’ryar» da’stani’n ali’p qarayi’q:

Bu’lbilgo’yani’n’ ma’kani’na barati’rg’an Sha’ryarg’a Qundi’zxan peri tu’rli ba’le-meterden saqlaytug’i’n a’kesinin’ ka’rmatli’ ju’zigin beredi. Sha’ryar bu’lbilgo’yani’n’ ma’kani’na jetemen degenshe tu’rli qa’wipten usi’ ju’zliktin’ arqasi’nda quti’li’p wo’te beredi.

Sha’ryar tas boli’p qati’p qalg’annan keyin de woni’ qutqari’wg’a A’njimge periler ja’rdem beredi. Wolardi’n’ ka’ramati’ sonda bir qalani’ yekinshi jerge yari’m ku’nde ko’shirip qondi’radi’. Da’standa bulay boli’p su’wretleniwinin’ sebebi bir ta’repten adamlardi’n’ waqi’yani’ yerteklik da’rejede qi’yallawi’nan ha’m so’zdin’ magiyali’q qu’diretine iseniwden payda bolsa, yekinshiden do’retiwshiler menen ti’n’lawshi’lardi’n’ du’nya tani’wi’ menen baylani’sli’ bolg’anli’qtan, wog’an qosa «duwa» tu’siniginin’ qosi’lg’anli’g’i’n ko’riwge boladi’.

Uli’wma peri qi’zlar ne islese de ha’mmesin duwa menen isleydi. Bulardi’n’ ha’mmesi de yertedegi adamlardi’n’ diniy isenimlerinen payda bolg’an boli’wi’ kerek. Periler eposlarda waqi’yalardi’n’ baylani’si’wi’nda, rawajlani’wi’nda anaw ya mi’naw da’rejede wori’n tutatug’i’n miflik obraz boli’p tabi’ladi’.

Aydarha obrazi’ yertek ha’m da’stanlarda jawi’zli’qti’n’ ti’msali’ boli’p xi’zmet atqaradi’. Yertek ha’m da’stanlarda aydarhalar dem shegip, awzi’nan wot shashadi’, mi’sali’ «Yedige» da’stani’nda: «Aydarha dem shegip Nuratdinge umti’lg’anda, Nuratdinnin’ almasi’ aydarhani’ yeki bo’lip, sol jerde tamam qi’ladi’».[74]

«Sha’ryar» da’stani’nda: «A’njimdi ko’rgende tu’rli-tu’rli tilsimler payda boli’p, aydarhalar dem shegip, jolbari’slar aqi’ri’p, quslar quni’sh tarti’p tu’rli-tu’rli tilsim A’njimnin’ aldi’nda payda boladi’».[75] Degen menen, aydarhalar qanshelli qu’diretli bolmasi’n, qa’legen yertek yaki da’standi’ woqi’p woti’rsan’ qaharman tu’rli tu’stegi aydarhalardi’ wo’ltirip mudami’ jen’ip shi’g’a beredi. Demek, bul jag’i’nan qarag’anda aydarha epikali’q shi’g’armalarda qaharmanni’n’ bati’rli’g’i’n bo’rttiriw, ja’ne de ku’sheyip ko’rsetiw wazi’ypasi’n atqaradi’.

Qaysi’ bir aydarha obrazi’ qatnasatug’i’n yertek yaki da’standi’ gu’zetsek wog’an a’lbette adamlar qurban qi’li’nadi’. Bul qa’legen yertek yaki da’stanni’n’ syujet si’zi’g’i’ndag’i’ sha’rtlilik boli’p tabi’ladi’. Demek, aydarha usi’ sha’rtlilikti ju’zege shi’g’ari’wshi’ obraz wazi’ypasi’n atqaradi’. Yekinshiden, aydarhalarg’a qurbanli’qlar qi’li’ni’wi’ yerte da’wirlerdegi qudaylarg’a qurbanli’qlar qi’li’w da’stu’rleri menen de baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’. «Yedige» da’stani’ndag’i’ «Pa’ren’ patshasi’»ni’n’ jurti’ndag’i’ aydarha ku’nine bir qi’z jutadi’ yeken. Pa’ren’ patshani’n’ Gezgez ari’w degen qi’zi’ boladi’. Gezek sog’an keldi. Pa’ren’ xalqi’na: «Kim sol aydarhani’ wo’ltirip berse, qi’zi’mdi’ kimde-kim ali’p qalsa sog’an beremen» degen dag’aza qag’adi’».[76] Bunnan keyin Nuratdin aydarhani’ wo’ltirip, Pa’ren’ patshani’n’ qi’zi’na u’ylenedi. Mine, bunday motivler ko’pshilik yerteklerde ushi’rasatug’i’n tradiciyali’q motivler boli’p tabi’ladi’.

---

[74] Едиге. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1990, 371-бет.
[75] Қарақалпақ фольклоры. XIII том. «Шәрьяр». Нөкис, 1984.
[76] Едиге. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1990.371-бет.

Ko’pshilik jerlerde aydarhalar waqi’yalardi’ baylani’sti’ri’wshi’ xi’zmetin de atqaradi’. Ma’selen, Nuratdin aydarhani’ wo’ltiriw arqali’ Gezgez ari’wg’a u’ylenip, Pa’ren’ patshani’n’ ku’yew balasi’ boladi’. Nuratdin usi’lay yetip patshadan wo’z aldi’na jaylaw ali’p, usi’ jerde tog’i’z ji’l da’wran su’redi.

Aydarha obrazi’ xalqi’mi’zdi’n’ yen’ yertedegi du’nyag’a ko’z-qaraslari’, yaki qarama-qarsi’ a’lem-jaqsi’li’q ha’m jawi’zli’q a’lemi haqqi’ndag’i’ tu’sinikleri, ta’biyatqa bolg’an tu’rlishe mu’na’sibetlerinin’ ta’siri yertek ha’m da’stanlarda tu’rlishe ko’riniste su’wretleniwin tapqan. Aydarha epikali’q shi’g’armalarda ko’rkem obraz si’pati’nda qatnasqanda: woni’n’ poetikasi’n teren’lestiriw, shi’g’armalardag’i’ ma’rtlikti a’melge asi’ri’w, woni’n’ filosofiyali’q ma’nisin ken’eytiwge xi’zmet qi’ladi’.

# Juwmaqlaw

Qaraqalpaq xali’q eposlari’nda biz joqari’da ko’rip wo’tkenimizdey qa’dim zamanlardi’n’ ti’msali’ si’pati’nda mo’rlenip kelgen miflik obrazlarg’a dus kelemiz. Bul obrazlar bizdi ata-babalari’mi’zdi’n’ du’nyag’a ko’z-qaraslari’, tariyxi’y sanasi’, qorshag’an du’nya, jaqsi’li’q ha’m jawi’zli’q haqqi’ndag’i’ tu’sinikleri filosofiyani’ u’rp-a’detlerinen xabardar qi’ladi’. Soni’n’ ushi’nda bunday obrazlar boyi’nsha ilimiy izertlew jumi’slari’ ha’miyshe ilimiy teoriyali’q a’hmiyetke iye boladi’.

Qaraqalpaq eposlari’ndag’i’ miflik obrazlar ju’da’ qa’dim zamanlarda payda bolg’an boli’p, ata-babalari’mi’zdi’n’ du’nyani’n’ jarali’wi’ haqqi’ndag’i’ miflik sanasi’nan azi’q ha’m de xali’q awi’z yeki do’retpelerinin’ bas temasi’ jaqsi’li’q ha’m jawi’zli’q gu’reslerin sa’wlelendiriwde ayri’qsha wori’n tutadi’.

Ha’zirge shekem saqlani’p qalg’an ko’p g’ana wori’nlar, u’rp-a’detler, totemizm qaldi’qlari’, shamanli’q ko’z-qaraslardi’n’ miflik obrazlardag’i’ ko’rinisi ata-babalari’mi’zdi’n’ yeski miflik sanasi’ menen aji’ralmas baylani’sta yekenliginen derek beredi.

Miflik obrazlar xalqi’mi’zdi’n’ da’slepki ko’z-qaraslari’ kosmos haqqi’ndag’i’ woylar, yeki qarama-qarsi’ a’lem jaqsi’li’q ha’m jawi’zli’q a’lemi haqqi’nda tu’siniklerin, ta’biyatqa bolg’an mu’na’sibetlerinin’ na’tiyjesi boli’p, sana ha’m an’ basqi’shlari’ menen baylani’sli’ halda adamlardi’n’ sanasi’, an’i’ wo’zgergen sayi’n miflik obrazlardi’n’ da ko’rinisleri, ha’reketleri wo’zgerip a’ste-aqi’ri’n ma’deniylesip barg’an.

Miflik obrazlar ko’rkemlik ti’msali’ si’pati’nda da wo’zinde miflik qa’siyetlerdi saqlap qali’p, epos syujetinde ko’p g’ana ko’rkem-estetikali’q wazi’ypalardi’ wori’nlap keledi.

Miflik obrazlar shi’g’arma poetikasi’nda ayri’qsha za’ru’rli bo’legi boli’p yertek ha’m da’stanlari’mi’zda qatnasqanda woni’n’ poetikasi’n teren’lestiriw, filosofiyali’q ma’nisin ken’eytiwge xi’zmet yetedi. Ha’tte bir da’stanni’n’

wo’zinde-aq bir miflik obraz tu’rli simvollar, filosofiyali’q tu’sinikler, siyasiy ko’z-qaraslardi’n’ ti’msali’ boli’p tabi’ladi’.

Miflik obrazlardi’ talqi’law-bul xali’qti’n’ sana tariyxi’n talqi’law boli’p yesaplanadi’. Miflik obrazlarda ayri’qsha u’yreniw bunnan bi’lay da folklortani’w iliminde bay materiallar beredi. Ja’ne de yertek ha’m da’stanlari’mi’zdi’n’ ma’nisi, a’hmiyeti, joqari’ ko’rkemliligin jetik tu’siniw imkaniyati’n beredi.

Biz arxaikali’q obrazlardi’ tali’qlay woti’ri’p, wo’tkendegi xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y turmi’s ta’rizi, sanasi’ uli’wma tariyxi’ haqqi’nda mag’li’wmatlarg’a iye bolami’z. Woni’n’ milliy tiykarlari’n ani’qlaymi’z.

Wo’zbekstan Respublikasi’ wo’z g’a’rezsizligine yerisip, milliy qa’diriyatlari’mi’z, u’rp-a’detlerimiz tiklengen ha’zirgi da’wirde arxaikali’q obrazlardi’ tali’qlaw bizge tek xali’q awi’zeki do’retpelerin yemes, al xali’qti’n’ belgili bir da’wirdegi tariyxi’n u’yreniw imkaniyati’n beredi. Xali’q awi’zeki do’retpelerindegi yen’ yeski obrazlar ha’m go’ne eposli’q su’wretlewler adamzat sanasi’ni’n’, qorshag’an du’nyani’ an’law evolyuciyasi’ni’n’ yen’ da’slepki basqi’shlari’nan mag’li’wmat beredi. Bul mag’li’wmatlar tek folklortani’w ilimi ushi’n g’ana yemes, basqa da ko’pshilik ilimler ushi’n da ju’da’ a’hmiyetli wori’n tutadi’.

Aradan ko’p da’wirler wo’tip, adamzat ja’miyetinin’ ha’m sanasi’ni’n’ rawajlani’wi’ menen adamlar miflik sanadan a’ste-aqi’ri’n shi’g’i’sa baslag’an. Yendi wolardi’n’ du’nya, ta’biyat haqqi’ndag’i’ pikirleri bir qansha reallasi’p kele bergen. Biraq «aradan qansha waqi’t wo’tip, qanshelli dinler payda boli’p ati’rsa da, adamlar turmi’si’nan birotala tu’sip qala qoymag’an. Jan’a payda bolg’an real haqi’yqi’y sanani’n’ yeski sanani’ adamlar turmi’si’nan i’g’i’sti’ri’p shi’g’ari’w qoli’nan kelmegenlikten de, adamlar turmi’stag’i’ wo’zleri bilmeytug’i’n na’ma’lim qubi’li’slardi’n’ si’rlari’n sol sebepli sanada payda boli’p ati’rg’an bosli’qlardi’n’ worni’n buri’nnan kiyati’rg’an da’stu’rli yeski sanani’n’ ku’shi menen toli’qti’ri’wg’a ha’reket yetken.

# Paydalani’lg’an a’debiyatlar

## Siyasi’y a’debiyatlar

1. Karimov. I.A. Joqari’ ma’nawiyat- jen’ilmes ku’sh. Tashkent, “Ma’nawiyat”, 2008.
2Каримов И. Адабиётга эътибор – маънавиятга, келажакка эътибор. –Т.: “Ўзбекистон”, 2009.
3. Каримов.И.А. Тарихий хотирасиз келажак йуқ. Тошкент, «Шарқ»,1998.
4.Каримов.И.А. Баркамол авлод арзуси, Тошкент, «Узбекстон миллий энциклопедияси», 2000.

**Tiykargi’ a’debiyatlar**

1.Айымбетов Қ. «Халық даналығы». Нөкис, «Қарақалпақстан» 1968.

2Алламбергенов К. «Қарақалпақ халық дәстаны Едиге». Нөкис, «Билим» 1985.

3.Ахметов С., Баҳадырова С. «Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги». Нөкис, «Билим». 1992.

4.Баҳадырова С. «Бердақ шығармаларында мифлер», «Бердақ ҳаққында сөз» деген китапта. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

5.Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы 1-том. «Аўызеки халық творчествосы», Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.

6Жуманиязов Б. «Өзбек халқ эпосида ёлмовуз образи». Автореф. Фил. Ил. Канд. Ташкент, 1996.

7.Жураев М. «Өзбек халқ самовий афсоналари». Ташкент. «Фан», 1995.

8.Камалов К. «Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эвольюциясы». Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.

9.Каскабасов С. «Қазақтың халық прозасы». Алматы. «Ғылым». 1984.

10. «Едиге». Нөкис, «Қарақалпақстан». 1990.

11.Мақсетов Қ. «Қарақалпақ фольклорының эстетикасы». Нөкис, «Қарақалпақстан». 1971.

12. Мақсетов Қ. «Фольклор ҳәм әдебият». Нөкис, «Қарақалпақстан». 1975.

13 Мақсетов Қ. «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар». Нөкис, «Қарақалпақстан». 1992.

14 Мақсетов Қ. «Қарақалпақ дәстаны», «Очерки по историй каракалпакского фольклора» китабында. Ташкент. 1977.

15 Мақсетов Қ. «Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери». Нөкис, «Билим». 1996.

16 Мақсетов Қ. «Қарақалпақ фольклористикасы». Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1989.

17. Анохин А. В. Легенды и мифы Алтая.- Г-Алта

18. Баҳадырова С., Мамбетназаров Қ. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. -Нөкис:Қарақалпақстан, 1992,

19. Жуманазаров У. Ўзбек фольклори ва тарихий воқелик.–Тошкент:Фан, йск, 1997.

20. Имомов К., Мирзаев Т., Саримсақов Б., Сафаров О. Ўзбек халқ оғзаки поэтик ижоди. –Тошкент:Ўқитувчи, 1990,

**Qosi'msha a'debiyatlar**

21 Анохин А. В. материалы по шаманству у алтайцев.- Г-Алтайск, 1994.

22Афанасьев А. Н. Древо жизни.- М., 1986.

23 Бирлайн Б. Параллельная мифология.- М., 1996.

24. Бутанаев В. Я. Культ богини Умай у хакассов // Этнография народов Сибири.- Новосибирск, 1994.

25. Вербицкий В. И. Алтайские инородцы.- М., 1893.

26. Всемирная галерея. Древний Восток (тексты) / Под ред. А. Л. Мясникова.- М., 1994.

27. Даль В. И. О поверьях, суевериях и предрассудках русского народа.- М., 1996.

28. Древние культуры Бертекской долины / Под ред. В. И. Молодина.- Новосибирск, 1994.

29. Евсюков В. Мифы о Вселенной.- Новосибирск, 1988.

30. Жирмунский В. М. Народный героический эпос.- М., 1985.

31. Иванов С. В. Скульптура алтайцев, хакасов и сибирских татар.- Л., 1979.

32. Кун Н. А. Легенды и мифы Древней Греции.- М., 1996.

33. Керлот К. Словарь символов.- М., 1993.

34. Лосев А. Ф. Миф. Число. Сущность.- М., 1993.

35. Лосев А. Ф. Мифология. Философия. Культура.- М., 1990.

36. Мифология Древнего мира / Под ред. И. Дьяконова.- М., 1976.

37. Мифы народов мира. В 2-х т. / Под ред. Е. М. Мелетинского, С. А. Токарева.- М., 1997.

38. Мифологический словарь. - М., 1992.

39. Мелетинский Е. М. Поэтика мифа.- Л., 1976.

40. Немировский А. И. Мифы и легенды Древнего Востока.- М.,1994.

41. Полосьмак Н. В. "Стерегущие золото грифы".- Новосибирск, 1994.

42. Померанцева Э. В. Мифологические персонажи в русском фольклоре.- М., 1975.

43. Пропп В. Я. Русский героический эпос.- М., 1985.

45. Потапов Л. П. Алтайский шаманизм.- Л., 1991.

46. Радлов В. Из Сибири: страницы дневника. - М., 1989.

47. Редер Д. Легенды и мифы Двуречья.- М., 1965.

48. Сагалаев А. М. Алтай в зеркале мифа.- Новосибирск, 1992.

49. Сагалаев А. М. Мифология и верования алтайцев. Центрально-азиатское влияние.- Новосибирск, 1984.

50. Сурадаков С. С. Героические сказания о богатыре Алтай-Буучае.- Г-Алтайск, 1961.

51. Сурадаков С. С. Алтайский героический эпос.- М., 1985.

52. Типология народного эпоса / Под ред. Гацак В. М.- М., 1975.

53. Токарев С. А. Ранние формы религии.- М., 1989.

54. Традиционное мировоззрение тюрков южной Сибири / Под ред. Гемуева И. Н.- Новосибирск, 1984.

55. Фрезер Д. Золотая ветвь.- М., 1986.

56. Фрезер Д. Фольклор в Ветхом Завете.- М., 1989.

57. Юнг К. Г. Душа и миф. Шесть архетипов.- Киев, 1996.

58 "Я открою тебе сокровенное слово" // Литература Вавилона и Ассирии.- М., 1981.
59. Шаронов А. М. Мордовский героический эпос: Сюжеты и герои. Саранск: Мордов. кн. изд-во, 2001 .

60. Баймырадов А. Туркмен фольклор прозасының тарыхы эволюциясы. – Ашхабад: Ылым, 1982, -164 б.

61. Баймырадов А. Ровоятларда тарыхы шахслар. –Ашхабад:Ылым, 1992, -197 б.

62. Баҳадырова С., Мамбетназаров Қ. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. -Нөкис:Қарақалпақстан, 1992,

63. Жуманазаров У. Ўзбек фольклори ва тарихий воқелик.–Тошкент:Фан, 1991

64. Имомов К., Мирзаев Т., Саримсақов Б., Сафаров О. Ўзбек халқ оғзаки поэтик ижоди. –Тошкент:Ўқитувчи, 1990,

65. Мақсетов Қ., Камалов Н., Мамбетназаров Қ. Қарақалпақ халық аңызлары ҳәм анекдотлары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1995

66. Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ ертеклери ҳаққында. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1981

67. Надршина Ф. Халық хэтере. –Уфа, 1986